Mapisarema

CHITSAUKO 1

1 Akakomborerwa munhu asingafambi panorangana vakaipa, Asingamiri panzira yavatadzi, Asingagari panogara vadadi.
2 Asi anofarira murayiro waJehovha; anofungisisa murayiro wake masikati nousiku.
3 Uchafanana nomuti wakasimwa pahova dzemvura, Unobereka michero yawo nenguva yawo; shizha rake haringasvavi; uye chose chaanoita chichaendika.
4 Vakaipa havana kudaro; Asi vakafanana nehundi inopepereswa nemhepo.
5 Naizvozvo vakaipa havangamiri pakutongeswa, navatadzi paungano yavakarurama.
6 nekuti Jehovha anoziva nzira yavakarurama; Asi nzira yavakaipa ichaparadzwa.

CHITSAUKO 2

1 Vahedheni vanoitireiko bope, navanhu vanofungireiko zvisina maturo?
2 Madzimambo enyika azvigadzira, nevatongi vanorangana pamwechete, kuti varwe naJehovha nomuzodziwa wake, vachiti:
3 Ngatidambure zvisungo zvavo, Ngatirashe mabote avo abve kwatiri.
4 Iye, agere kudenga-denga, achaseka; Ishe achavadadira.
5 Ipapo achataura kwavari pakutsamwa kwake, Nokuvavhundusa pahasha dzake huru.
6 Kunyange zvakadaro ndakagadza mambo wangu paZiyoni, gomo rangu dzvene.
7 Ndichaparidza chirevo, chinoti, Jehovha wakati kwandiri, Ndiwe Mwanakomana wangu; nhasi ndakubereka.
8 Kumbira kwandiri, ndikupe ndudzi ive nhaka yako, nemigumo yenyika ive yako.
9 Muchavapwanya netsvimbo yedare; unofanira kuzviputsa sehari yomuumbi.
10 Naizvozvo chivai nenjere, imwi madzimambo; Munyeverwe, imwi vatongi venyika.
11 Shumirai Jehovha nokutya, mufare muchidedera.
12 Tsvodai Mwanakomana, kuti arege kutsamwa, mufire panzira, nekuti hasha dzake dzikamuka zvishoma. Vakaropafadzwa vose vanovimba naye.

CHITSAUKO 3

1 Pisarema raDhavhidhi panguva yokutiza kwake Abhusaromu mwanakomana wake. Jehovha, vadzivisi vangu vawanda sei! vazhinji vanondimukira.
2 Vazhinji variko vanoti kumweya wangu, Haano ruponeso kuna Mwari. Sera.
3 Asi imwi Jehovha muri nhovo yangu; kukudzwa kwangu, nokusimudza musoro wangu.
4 Ndinodana kuna Jehovha nenzwi rangu, Iye anondinzwa ari pagomo rake dzvene. Sera.
5 Ndakavata pasi, ndikabatwa nehope; Ndakamuka; nekuti Jehovha wakanditsigira.
6 Handingatyi zviuru zvamazana zvavanhu, Vakandikomberedza kuzorwa neni.
7 Simukai, Jehovha; ndiponesei, Mwari wangu; nekuti makarova vavengi vangu vose pashaya dzavo; Makavhuna meno avakaipa.
8 Ruponeso runobva kuna Jehovha; Kuropafadza kwenyu ngakuve pamusoro pavanhu venyu. Sera.

CHITSAUKO 4

1 Kumutungamiriri wokuimba. Neginoti; Pisarema raDhavhidhi. Ndinzwei kana ndichidana, imi Mwari wokururama kwangu; Makandiisa pakafarikana pakutambudzika kwangu; ndinzwirei tsitsi, munzwe munyengetero wangu.
2 Haiwa, vanakomana vavanhu, muchashandura kukudzwa kwangu mukava kunyadziswa kusvikira rinhiko? Muchada zvisina maturo kusvikira rinhiko, muchitsvaka nhema? Sera.
3 Asi zivai kuti Jehovha akazvitsaurira munhu ,anomuda, Jehovha uchanzwa kana ndichidana kwaari.
4 Ityai murege kutadza; Tauriranai nemoyo yenyu panhovo dzenyu, munyarare. Sera.
5 Bayirai zvibayiro zvokururama, muvimbe naJehovha.
6 Vazhinji variko vanoti, Ndianiko achatiratidza zvakanaka? Jehovha simudzirai pamusoro pedu chiedza chechiso chenyu.
7 Makaisa mufaro mumoyo mangu, Unopfuura wapanguva iyo zviyo zvavo newaini yavo zvawanda.
8 Ndichavata pasi nerugare, ndibatwe nehope, nekuti ndimi moga Jehovha munondigarisa pakasimba.

CHITSAUKO 5

1 Inzwai mashoko angu, Jehovha, rangarirai kufunga komoyo wangu.
2 Teererai inzwi rokuchema kwangu, imwi Mambo wangu naMwari wangu; nekuti ndinonyengetera kwamuri.
3 Jehovha, muchanzwa inzwi rangu mangwanani; mangwanani ndichakurongedzerai munyengetero wangu, ndichitarira kumusoro.
4 nekuti hamuzi Mwari anofarira zvakaipa, munhu, akashata, haangagari nemi.
5 Mapenzi haangamiri pamberi penyu; Munovenga vose vanoita zvakaipa.
6 Muchaparadza vanoreva nhema; Jehovha anosema munhu weropa neanonyengera.
7 Asi kana ndirini, ndichapinda mumba menyu nekuwanda kwetsitsi dzenyu; Ndichanamata ndakaringira kutemberi yenyu tsvene ndichikutyai.
8 Ndifambisei, Jehovha, mukururama kwenyu nekuda kwavavengi vangu; ruramisai nzira yenyu pamberi pangu.
9 Nokuti hapana kutendeka pamiromo yavo; mukati mavo makashata kwazvo; huro yavo iguva rakashama; vanobata kumeso norurimi rwavo.
10 Vaparadzei, Mwari; ngavawe namano avo; vadzinge pakudarika kwavo kuzhinji; nekuti vakakumukirai.
11 Asi vose vanovimba nemwi ngavafare, Ngavadanidzire nomufaro nguva dzose, nekuti imwi munovadzitira; Vanoda zita renyu ngavafare nemiwo.
12 Nokuti imi, Jehovha, mucharopafadza akarurama; muchamukomberedza nenyasha senhovo.

CHITSAUKO 6

1 Jehovha, regai kundiraira pakutsamwa kwenyu, Musandiranga nokusafara kwenyu kukuru.
2 Ndinzwirei tsitsi, Jehovha; nekuti handina simba; Jehovha, ndiporesei; nekuti mapfupa angu ari kurwadza.
3 Mweya wangu unotambudzikawo zvikuru; Asi imwi Jehovha muchanonoka kusvikira rinhiko?
4 Dzokai Jehovha, murwire mweya wangu; Ndiponesei nokuda kwevunyoro bwenyu.
5 nekuti parufu hapana achakurangarirai; Ndiani achakuvongai paSheori?
6 Ndaneta nokugomba kwangu; usiku hwose ndinoshambira panhovo dzangu; ndinodiridza mubhedha wangu nemisodzi yangu.
7 Ziso rangu ropera nokuchema; yasakara nokuda kwavavengi vangu vose.
8 Ibvai kwandiri, imwi vaiti vose vezvakaipa; nekuti Jehovha akanzwa inzwi rokuchema kwangu.
9 Jehovha akanzwa kukumbira kwangu; Jehovha achagamuchira munyengetero wangu.
10 Vavengi vangu vose vachanyadziswa nokutambudzika zvikuru; Vachadzoka, vachanyadzwa pakarepo.

CHITSAUKO 7

1 (Shigayoni raDhavhidhi, raakaimbira Jehovha pamusoro pamashoko aKushi muBhenjamini.) Jehovha Mwari wangu, ndinovimba nemi; ndiponesei kuna vose vanonditambudza, mundirwire;
2 Kuti arege kubvambura mweya wangu seshumba, aubvamburanye, ndichishaiwa anondirwira.
3 Jehovha Mwari wangu, kana ndakaita izvozvi; kana zvakaipa zvirimo mumaoko angu;
4 Kana ndichinge ndakaitira zvakaipa munhu aiva noukama neni; Zvirokwazvo, ndakarwira akanga ari muvengi wangu pasina mhosva;
5 Muvengi ngaateverere mweya wangu, aubate; Ngaatsikire upenyu hwangu pasi, Aise kukudzwa kwangu muguruva. Sera.
6 Simukai Jehovha pakutsamwa kwenyu; zvisimudzei nokuda kwehasha dzavavengi vangu; Mumuke nokuda kwangu;
7 Ungano yendudzi dzavanhu ngaikupoteredzei; Mudzokere kumusoro pamusoro pavo.
8 Jehovha anotonga ndudzi dzavanhu; Nditongei Jehovha sokururama kwangu, uye nechokwadi zviri mandiri.
9 Haiwa, kuipa kwavakaipa ngakugume; asi simbisai akarurama, nekuti Mwari akarurama anoidza moyo netsvo.
10 nhovo yangu iri kuna Mwari, Iye anoponesa vane moyo yakarurama.
11 Mwari unotonga vakarurama, Zvirokwazvo, ndiMwari unotsamwira wakaipa zuva rimwe nerimwe.
12 Kana asingatendeuki, iye acharodza munondo wake; akakunga uta hwake, akahugadzira.
13 Akamugadzirirawo nhumbi dzokuuraya nadzo; anogadzirira miseve yake kuvadzivisi.
14 Tarira, anotambudzika pakubereka zvakaipa, akava nemimba yezvakashata, akabereka nhema;
15 Akachera hunza, akaidzikisa, Akawira mugomba raakachera iye.
16 Zvakashata zvake zvichadzokera pamusoro wake amene, Uye kumanikidza kwake kuchauya pamusoro pedehenya rake.
17 Ndicharumbidza Jehovha nokuda kokururama kwake; Ndichaimbira zita raJehovha Wekumusoro-soro.

CHITSAUKO 8

1 Kumutungamiriri wokuimba; Pisarema raDhavhidhi. Jehovha, Ishe wedu, Zita renyu rakaisvonaka sei panyika yose! Makaisa kubwinya kwenyu kudenga-denga.
2 Pamiromo yavacheche navanomwa makaisa simba, Nokuda kwavadzivisi venyu, Kuti munyaradze muvengi nomutsivi.
3 Kana ndichicherekedza denga renyu rose, iro basa reminwe yenyu, mwedzi nenyeredzi zvamakarongedza;
4 Munhu chinyiko, zvamunomufunga? NoMwanakomana womunhu zvamunomushanyira?
5 Nokuti makamuita muduku zvishoma kuvatumwa, makamushongedza korona yokubwinya nokukudzwa.
6 Makamubatisa ushe hwamabasa amaoko enyu; makaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake.
7 Makwai ose nenzombe, Nemhuka dzesango;
8 Neshiri dzokudenga, nehove dzegungwa, Izvo zvose zvinofamba nenzira dzegungwa.
9 Haiwa Jehovha, Ishe wedu, Zita renyu rakaisvonaka sei panyika yose!

CHITSAUKO 9

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Ndichakurumbidzai, Jehovha, nomoyo wangu wose; Ndichaparidza mabasa enyu ose anoshamisa.
2 Ndichafara nokukufarirai zvikuru; Ndichaimbira zita renyu nziyo dzokurumbidza, imwi Wekumusoro-soro.
3 Kana vavengi vangu vachidzokera shure, Vanowa nokupera pamberi penyu.
4 Nekuti mandiruramisira mhosva yangu; Makagara pachigaro choushe muchitonga zvakarurama.
5 Makatuka vahedheni, makaparadza vakaipa, Makadzima zita ravo nokusingaperi-peri.
6 Iwe muvengi, kuparadza kwakapera nokusingaperi; waparadza maguta; chirangaridzo chavo chakaparara pamwechete navo.
7 Asi Jehovha anotonga nokusingaperi; Akagadzira chigaro chake choushe kuti atonge.
8 Achatonga nyika nokururama, Achatonga vanhu nokururama.
9 Jehovha achava utiziro kuna vanomanikidzwa, Nhare yakasimba panguva yokutambudzika.
10 Vanoziva zita renyu vachavimba nemi, nekuti imwi Jehovha hamuna kurasha vanokutsvakai.
11 Imbirai Jehovha nziyo dzokumurumbidza, iye agere paZiyoni; dudzirai zvaakaita pakati pendudzi dzavanhu.
12 Kana achitsvaka ropa, anovarangarira; Haakangamwi kuchema kwavarombo.
13 Ndinzwirei tsitsi, Jehovha; Tarirai kutambudzika kwangu kwavanondivenga, imwi munondisimudza pamisuwo yorufu;
14 Kuti ndiparidze kurumbidzwa kwenyu kose pamasuwo omukunda weZiyoni; Ndichafarira kuponesa kwenyu.

15 Vahedheni vakanyura mugomba ravakachera; Rutsoka rwavo rwakabatwa mumumbure wavakavanza.
16 Jehovha anozikamwa nokutonga kwaanoita; wakaipa wakateyiwa nebasa ramaoko ake. Higgaion. Sera.
17 Vakaipa vachadzokera kugehena, uye marudzi ose akakanganwa Mwari.
18 Nokuti anoshaiwa haangakanganikwi nguva dzose; Tariro yavarombo haingaparari nokusingaperi.
19 Simukai, Jehovha; munhu ngaarege kukunda; vahedheni ngavatongwe pamberi penyu.
20 Chivatyisai, Jehovha, Kuti vahedheni vazive kuti vanongova vanhu. Sera.

CHITSAUKO 10

1 Munomirireiko kure, Jehovha? Munozvivanzireiko panguva dzokutambudzika?
2 Pakuzvikudza kwake akaipa anotambudza murombo; ngavabatwe namano avakafunga.
3 nekuti wakaipa anozvirumbidza pamusoro pezvinoda moyo wake, unoruchiva unovengwa naJehovha.
4 Nokuzvikudza kwechiso chake, wakaipa anoti haangabvunzi. Mwari haamo mundangariro dzake dzose.
5 Nzira dzake dzakaipa nguva dzose; Zvamunotonga zviri kure kumusoro, haazvioni; Kana vari vavengi vake vose, anovazvidza.
6 Anoti mumoyo make, Handingazununguswi, nekuti handingatongovi panjodzi.
7 Muromo wake uzere nokutuka nokunyengera nokumanikidza; Zvakashata nezvakaipa zviri pasi porurimi rwake.
8 Anogara panzvimbo dzokuvanda dzemisha; Pakavanda ndipo paanouraya asina mhosva; Meso ake anovandira murombo.
9 Anovanda pakavanda seshumba panzvimbo yayo; anovandira kuti abate murombo; anobata murombo, kana achimukwevera mumumbure wake.
10 Anonyangira, anozvininipisa, Murombo anowiswa navanesimba vake.
11 Anoti mumoyo make, Mwari akangamwa; Anovanza chiso chake; haazombozvioni.
12 Simukai, Jehovha; Mwari simudzai ruoko rwenyu; regai kukanganwa vanyoro.
13 Akaipa anozvidzireiko Mwari? akati mumoyo make, Haungarevi izvozvo.
14 Iwe wakazviona; nekuti munoona zvakaipa nokutambudzika muchizviisa muruoko rwenyu; murombo anozviisa kwamuri; imwi muri mubatsiri wenherera.
15 Vhunai ruoko rwowakaipa nomunhu akaipa; Tsvakai zvakaipa zvake, kusvikira musingazozviwani.
16 Jehovha ndiye Mambo nokusingaperi-peri; Vahedheni vakaparara munyika yake.
17 Jehovha, makanzwa zvinodikamwa navanyoro; Muchasimbisa moyo yavo, muchareredekera nzeve yenyu;
18 Kuti mutongere nherera neanotambudzwa, Kuti munhu wapanyika arege kuzomanikidza.

CHITSAUKO 11

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Ndinovimba naJehovha; Munoreva seiko kumweya wangu, muchiti, Tizira kugomo rako seshiri?
2 Nokuti, tarira, vakaipa vanobwembura uta, Vanogadzira museve wavo parukungiso, Kuti vafure anomoyo wakarurama pakavanda.
3 Kana nheyo dzakaparadzwa, akarurama angaiteiko?
4 Jehovha uri mutemberi yake tsvene, chigaro choushe chaJehovha chiri kudenga; meso ake anotarira, mafungiro ameso ake anoidza vana vavanhu.
5 Jehovha anoidza vakarurama; Asi mweya wake unovenga wakaipa neanomanikidza.
6 Achanayisa misungo pamusoro pavakaipa, nomoto nesarufa, nedutu rinotyisa; ndiwo uchava mugove wavo womukombe.
7 nekuti Jehovha akarurama anoda kururama; vakarurama vachaona chiso chake.

CHITSAUKO 12

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Batsirai, Jehovha; nekuti vanoda Mwari vopera; nekuti vakatendeka vaparara pakati pavana vavanhu.
2 Vanotaura mumwe nomumwe zvisina maturo nowokwake; Vanotaura nemiromo inobata kumeso, uye nemoyo miviri.
3 Jehovha achagura miromo yose inobata kumeso, norurimi runotaura mashoko anozvikudza.
4 Ivo vakati, Tichakunda norurimi rwedu; miromo yedu ndeyedu; ndianiko angava ishe wedu?
5 Nokuda kokumanikidzwa kwavarombo, nokugomera kwavanoshaiwa, Ndichamuka zvino, ndizvo zvinotaura Jehovha; ndichamuisa pakachengeteka, pana iye anomuzvidza.
6 Mashoko aJehovha mashoko akachena; Sesirivha yakaidzwa muvira revhu, Yakanatswa kanomwe.
7 Muchavachengeta, Jehovha, Muchavachengeta parudzi urwu nokusingaperi.
8 Vakaipa vanofamba pamativi ose, Kana vakaipa vachikudzwa.

CHITSAUKO 13

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Muchandikanganwa kusvikira rinhiko, Jehovha? zvachose? Muchandivanzira chiso chenyu kusvikira rinhiko?
2 Ndichafunga mano mumweya mangu kusvikira rinhi, Ndine shungu pamoyo pangu zuva rimwe nerimwe? Muvengi wangu achandikurira kusvikira rinhiko?
3 Rangarirai, mundinzwe, Jehovha Mwari wangu; vhenekerai meso angu, ndirege kuvata hope dzorufu;
4 Muvengi wangu arege kuti, Ndamukunda; vanonditambudza vanofara kana ndichizununguswa.
5 Asi ndakavimba netsitsi dzenyu; moyo wangu uchafarira kuponesa kwenyu.
6 Ndichaimbira Jehovha, nekuti akandiitira zvakanaka.

CHITSAUKO 14

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Benzi rakati mumoyo maro, Mwari hakuna. Vakaora, vakaita zvinonyangadza, hakuna anoita zvakanaka.
2 Jehovha ari kudenga, akatarira pasi kuvana vavanhu, kuti aone kana akachenjera aripo, anotsvaka Mwari.

3 Vakatsauka vose, vakasvibiswa vose; hakuna unoita zvakanaka, kunyange nomumwe.
4 Ko vaiti vose vezvakaipa havana zivo here? ivo vanodya vanhu vangu sezvavanodya chingwa, vasingadani kuna Jehovha.
5 Vakanga vachitya zvikuru ipapo; nekuti Mwari anogara parudzi rwavakarurama.
6 Munonyadzisa zano romurombo, nekuti Jehovha ndiye utiziro hwake.
7 Dai kuponeswa kwaIsiraeri kwaibva paZiyoni! kana Jehovha achidzosa kutapwa kwavanhu vake, Jakove achafara kwazvo naIsiraeri achafara.

CHITSAUKO 15

1 (Pisarema raDhavhidhi.) Jehovha, ndianiko angatsaukira mutende renyu? Ndianiko angagara pagomo renyu dzvene?
2 Uyo, anofamba asina mhosva, anoita zvakarurama, Anotaura chokwadi mumoyo make.
3 Iye asina makuhwa parurimi rwake, Asingaitiri wokwake zvakaipa, Asingatuki wokwake.
4 Munhu akashata anozvidzwa naye; asi anokudza vanotya Jehovha. Uyo anopika, asingashanduki, asingashanduki.
5 Iye asingarevi mhindu pamari yake, Kana kugamuchira chipo pamusoro pausina mhosva. Uyo anoita zvinhu izvi haangatongozununguswi.

CHITSAUKO 16

1 Ndichengetei, Mwari, nekuti ndinovimba nemi.
2 Ndakati kuna Jehovha, Ndimi Ishe wangu; kunaka kwangu hakuzi kwamuri;
3 Asi kuvatsvene vari panyika, nokuna vakaisvonaka vandinofarira zvikuru.
4 Kuchema kuchawanzwa kwavanomhanyira mumwe mwari; Zvipiriso zvavo zvinodururwa zveropa handingazvidururi, namazita avo handingaarevi nemiromo yangu.
5 Jehovha ndiye mugove wenhaka yangu nomukombe wangu; Munochengeta mugove wangu.
6 Rwonzi rwokuyera rwakandiyerera nzvimbo dzakanaka; zvirokwazvo, ndine nhaka yakanaka.
7 Ndicharumbidza Jehovha akandipa mano, Zvirokwazvo, itsvo dzangu dzinondidzidzisa panguva dzousiku.
8 Ndakaisa Jehovha pamberi pangu nguva dzose; Zvaari kuruoko rwangu rworudyi, handingazununguswi.
9 Naizvozvo moyo wangu unofara, kukudzwa kwangu kunofarisisa; Nenyama yanguwo ichazorora mutariro.
10 Nekuti hamuzosii mweya wangu mugehena; hamungatenderi Mutsvene wenyu kuti aone kuora.
11 Mundiratidza nzira youpenyu; Mufaro wakazara uri pamberi pangu; paruoko rwenyu rworudyi pane zvinofadza nokusingaperi.

CHITSAUKO 17

1 Inzwai zvakarurama Jehovha, muteerere kuchema kwangu; rerekerai nzeve yenyu kumunyengetero wangu, unobva pamiromo isinganyengeri.
2 Kutongwa kwangu ngakubude pamberi penyu; meso ako ngaatarire zvakarurama.
3 Makaidza moyo wangu; makandishanyira usiku; Makandiidza, mukasawana chinhu; Ndakazvisunga kuti muromo wangu urege kudarika.
4 Kana ari mabasa avanhu; neshoko remiromo yenyu, Ini ndakanzvenga nzira dzomuparadzi.
5 Kutsika kwangu kwakarambira panzira dzenyu, Tsoka dzangu dzirege kutedzemuka.
6 Ini ndakadana kwamuri, nekuti muchandipindura, imwi Mwari; Rerekerai nzeve yenyu kwandiri, munzwe kutaura kwangu.
7 Ratidzai nokushamisa rudo rwenyu rweunyoro, imwi, munoponesa noruoko rwenyu rworudyi, ivo vanovimba nemwi Kuna vanovamukira simba.
8 Ndichengetei semboni yeziso; ndivanzei pasi pomumvuri wemapapiro enyu.
9 Kunavakaipa, vanondimanikidza, Kubva kuvavengi vangu vakaipa, vanondikomba.
10 Vakafukidza mafuta avo; Vanotaura nemiromo yavo vachizvikudza.
11 Vakatikomba zvino pakufamba kwedu; Vanocherekedza nameso avo pasi;
12 seshumba inokarira kuparadza, somwana weshumba inovandira panzvimbo dzakavanda.
13 Simukai, Jehovha, mumuwisire pasi, mumuwisire pasi; Rwirai mweya wangu pane wakaipa, ndiwo munondo wenyu.
14 kubva kuvanhu vari ruoko rwenyu, Jehovha, kubva kuvanhu venyika, vane mugove wavo paupenyu uhwu, uye vamunozadza dumbu ravo nefuma yenyu yakavanzwa; vazere nevana, uye vanosiya fuma yavo yose kunhumbi dzavo. mabhebhi.
15 Kana ndirini, ndichaona chiso chenyu pakururama; Ndichaguta nomufananidzo wenyu pakumuka kwangu.

CHITSAUKO 18

1 Kumutungamiriri wokuimba, Pisarema raDhavhidhi, muranda waJehovha, wakataura kuna Jehovha mashoko orwiyo urwu nezuva Jehovha raakamurwira pamaoko avavengi vake vose, napamaoko aSauro. : Akati: Ndichakudai, Jehovha, simba rangu.
2 Jehovha idombo rangu, nenhare yangu, nomurwiri wangu; Mwari wangu, simba rangu, wandinovimba naye; nhovo yangu, norunyanga rwokuponeswa kwangu, neshongwe yangu yakakwirira.
3 Ndichadana kuna Jehovha, iye anofanira kurumbidzwa; Naizvozvo ndichaponeswa kuna vavengi vangu.
4 Mabote orufu akandikomba; Uye nzizi dzezvakaipa dzakandivhundusa.
5 Mabote aSheori akandisunga; Misungo yorufu yakandiwira.
6 Pakutambudzika kwangu ndakadana kuna Jehovha, Ndikadana kuna Mwari wangu; Akanzwa inzwi rangu ari mutemberi yake; Kuchema kwangu kukasvika pamberi pake munzeve dzake.
7 Ipapo nyika yakazununguka, ikadedera; Nheyo dzamakomowo dzikadengenyeka, Dzikazununguswa, nekuti wakange atsamwa.
8 Utsi hwakakwira hwuchibva mumhino dzake, Uye moto wakabuda mumuromo make, wakaparadza; mazimbe akabatidzwa nawo.

9 Akakotamisawo kudenga-denga, akaburuka, Nerima guru rakanga riri pasi petsoka dzake.
10 Akatasva kerubhi, akabhururuka; Zvirokwazvo, akabhururuka pamapapiro emhepo.
11 Rima akariita nzvimbo yake yokuvanda; Mvura zhinji yakasviba, makore matema okudenga, tende rake rakamupoteredza.
12 Nokupenya kwakanga kuri pamberi pake makore ake matema akapfuura, nechimvuramabwe namazimbe omoto.
13 Jehovha wakatinhirawo kudenga-denga, Wekumusoro-soro akataura nenzwi rake; chimvuramabwe namazimbe omoto.
14 Akatuma miseve yake, akavaparadza; akapfura mheni, akavavhundusa.
15 Ipapo migero yemvura zhinji yakaonekwa, Uye nheyo dzenyika dzakafukurwa, Nokutuka kwenyu, Jehovha, Nokufema komweya wemhino dzenyu.
16 Wakatambanudza ruoko rwake ari kumusoro, akanditora, Akandinyukura pamvura zhinji.
17 Akandirwira pamuvengi wangu ane simba, Nokuna vanondivenga, nekuti vakanga vondikurira.
18 Vakandivinga nezuva renjodzi yangu, Asi Jehovha wakange ari mutsigiro wangu.
19 Akandibudisira kunzvimbo yakafarikana; akandirwira, nekuti wakange achindifarira.
20 Jehovha wakandiitira zvakaenzana nokururama kwangu; zvakaenzana nokuchena kwamaoko angu, akandipa mubayiro.
21 Nekuti ndakachengeta nzira dzaJehovha, Handina kubva kuna Mwari wangu nokunyengera.
22 Nekuti zvose zvaakatonga zvakanga zviri pamberi pangu, Handina kusundira kure neni zvaakatema.
23 Ndakanga ndakaruramawo pamberi pake, Ndakazvichengeta pazvakaipa zvangu.
24 Naizvozvo Jehovha akandiitira zvakaenzana nokururama kwangu, Zvakaenzana nokuchena kwamaoko angu pamberi pake.
25 Ane tsitsi, munomuitirawo tsitsi; Munhu akarurama munomuitirawo zvakarurama;
26 Akanaka munomuitirawo zvakanaka; uye pamunhu asina kururama munoratidza kusateerera kwenyu.
27 Nekuti muchaponesa vanhu vanotambudzika; asi uchaderedza kutarira kwakakwirira.
28 nekuti imwi muchatungidza mwenje wangu; Jehovha Mwari wangu uchavhenekera rima rangu.
29 Nekuti nemwi ndichavamba hondo; kana ndina Mwari wangu ndichadarika rusvingo.
30 Kana ari Mwari, nzira yake yakakwana; shoko raJehovha rakaidzwa; Ndiye nhovo yavose vanovimba naye.
31 Nokuti ndianiko Mwari, asi iye Jehovha? Ndianiko dombo, asi iye Mwari wedu?
32 Ndiye Mwari, anondisunga chiuno nesimba, Anokwanisa nzira yangu.
33 Anoita tsoka dzangu dzive setsoka dzenondokadzi, Anondiisa pakakwirira.
34 Unodzidzisa maoko angu kurwa; Naizvozvo maoko angu anovhuna uta bwendarira.
35 Makandipawo nhovo yokuponesa kwenyu; Ruoko rwenyu rworudyi rwakanditsigira, Uye unyoro bwenyu hwakandikurisa.
36 Makandiitira nzvimbo yakafarikana pandingatsika; Uye tsoka dzangu hadzina kutedzemuka.
37 Ndakateverera vavengi vangu, ndikavabata, handina kudzokazve kusvikira vapedzwa.
38 Ndakavabaya, vakoniwe kumuka; Vakawira pasi petsoka dzangu.
39 Nekuti makandisunga chiwuno nesimba rokurwa naro; Makandikundisa vaindimukira.
40 Makandipawo mitsipa yavavengi vangu; kuti ndiparadze vanondivenga.
41 Vakachema, asi kwakanga kusina anoponesa, Kuna Jehovha, asi haana kuvapindura.
42 Ipapo ndakavapwanya-pwanya seguruva pamberi pemhepo; Ndakavarashira kure sedope renzira dzomumusha.
43 Makandirwira pakukakavadzana kwavanhu; Makandiita mukuru wendudzi; vanhu vandakanga ndisingazivi, vachandishumira.
44 Vachateerera pakarepo kana vachindinzwa; Vatorwa vachanamata kwandiri.
45 Vatorwa vachatorerwa simba, Vachabuda pavaivanda vachidedera.
46 Jehovha mupenyu; dombo rangu ngariropafadzwe; Mwari woruponeso rwangu ngaakudzwe.
47 Ndiye Mwari anonditsivira, Anondikundisa ndudzi dzavanhu.
48 Anondirwira kuvavengi vangu; Zvirokwazvo, munondisimudzira kumusoro kwavanondimukira; Makandirwira pamunhu anomanikidza.
49 Naizvozvo ndichakuvongai Jehovha, pakati pendudzi, Ndichaimbira zita renyu nziyo dzokurumbidza.
50 Anopa mambo wake kuponeswa kukuru; Unoitira muzodzwa wake unyoro, Kuna Dhavhidhi nomwana wake nokusingaperi.

CHITSAUKO 19

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Kudenga-denga kunoparidzira kubwinya kwaMwari; Uye denga rinoratidza basa remaoko ake.
2 Musi mumwe unotaurira mumwe musi, Uye usiku humwe hunopupurira humwe usiku njere.
3 Hapana kutaura, kana mutauro; inzwi razvo harinzwiki.
4 Rwonzi rwazvo rwakasvika kunyika yose, Namashoko azvo kumugumo wenyika. Akagadzirira zuva tende mukati mazvo;
5 Iro rakafanana nechikomba chinobuda mumba macho, Rinofara semhare kumhanya nhangemutange.
6 Kubuda kwaro kunobva pamugumo wedenga, Kupota kwaro kunosvika pakuguma kwarozve; hakune chinhu chakavanzirwa kupisa kwaro.
7 Murayiro waJehovha wakakwana, unoponesa mweya; Chipupuriro chaJehovha ndechechokwadi, chinopa vasina mano njere.
8 Zvinorairwa naJehovha zvakarurama, zvinofadza moyo; Murau waJehovha wakaisvonaka, unovhenekera meso.
9 Kutya Jehovha kwakanaka, kunogara nokusingaperi; Zvakatongwa naJehovha ndezvechokwadi, zvakarurama kwazvo kwazvo.
10 Zvinofanira kutsvakwa kukunda ndarama, kunyange ndarama zhinji yakaisvonaka; zvinotapirawo kupfuura huchi nomusvi wamazinga ohuchi.

11 Uyezve, muranda wenyu unonyeverwa nazvo; Pakuzvichengeta panomubayiro mukuru.
12 Ndianiko anganzwisisa zvikanganiso zvake? Ndinatsei pakudarika kwakavanzika.
13 Dzoraiwo muranda wenyu pazvivi zvokuzvikudza; ngazvirege kuva nesimba pamusoro pangu; ipapo ndichava akarurama, handingavi nemhosva yokudarika kukuru.
14 Mashoko omuromo wangu, nokurangarira komoyo wangu, ngazvifadze pamberi penyu, imwi Jehovha, dombo rangu, nomudzikunuri wangu.

CHITSAUKO 20

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
Jehovha ngaakupindure pazuva rokutambudzika; zita raMwari waJakove ngarikuise pakakwirira;
2 Ngaakutumire rubatsiro runobva panzvimbo tsvene, akutsigire nesimba rinobva Ziyoni;
3 Ngaarangarire zvipiriso zvako zvose, Agamuchire zvibayiro zvako zvinopiswa; Sera.
4 Ngaakupe zvinodikanwa nomoyo wako, Ngaaite sezvawakafunga.
5 Tichafarira kuponesa kwenyu, Tichasimudza mireza yedu nezita raMwari wedu; Jehovha ngaaite zvose zvawakakumbira.
6 Zvino ndinoziva kuti Jehovha anoponesa muzodziwa wake; achamunzwa ari kudenga kwake kutsvene nesimba rinoponesa roruoko rwake rworudyi.
7 Vamwe vanovimba nengoro, vamwe namabhiza; Asi isu tichareva zita raJehovha Mwari wedu.
8 Ivo vakotamiswa, vawira pasi; Asi isu tasimuka, timire zvakanaka.
9 Ponesai, Jehovha; mambo ngaatinzwe kana tichidana.

CHITSAUKO 21

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
Mambo achafara nesimba renyu, Jehovha; achafarira kuponesa kwenyu zvikuru sei!
2 Makamupa zvakadikamwa nomoyo wake, Hamuna kuramba kukumbira kwemiromo yake. Sera.
3 Nekuti munomuchingura nemikomborero yezvakanaka; Munodzika korona yendarama yakaisvonaka pamusoro wake.
4 Akakumbira upenyu kwamuri, mukamupa ihwo; namazuva mazhinji nokusingaperi-peri.
5 Kurumbidzwa kwake kukuru pakuponesa kwenyu; Makaisa pamusoro pake kukudzwa noumambo.
6 nekuti munomuita wakakomborerwa zvikuru nokusingaperi; Munomufadza kwazvo pamberi pechiso chenyu.
7 nekuti mambo anovimba naJehovha, Netsitsi dzeWekumusoro-soro haangazungunuswi.
8 Ruoko rwenyu ruchabata vavengi venyu vose; Ruoko rwenyu rworudyi ruchabata vanokuvengai.
9 Muchavaita sechoto chomoto nenguva yokutsamwa kwenyu; Jehovha achavamedza nehasha dzake, moto uchavaparadza.
10 Muchaparadza zvibereko zvavo panyika, Navana vavo pakati pavana vavanhu.
11 nekuti vakafunga kukuitirai zvakaipa; vakafunga zano rakaipa, ravasingagoni kuita.
12 Naizvozvo muchavafuratira, kana muchigadzirira miseve yenyu parukungiso rwenyu pamberi pavo.
13 Simudzirwai, Jehovha, nesimba renyu; Naizvozvo tichaimba nokukudza simba renyu.

CHITSAUKO 22

1 Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko? Munomirireiko kure pakundibatsira, napamashoko okugomba kwangu?
2 Mwari wangu, ndinodana masikati, asi hamunzwi; Nousiku, asi handinyarari.
3 Asi imwi muri mutsvene, imwi mugere parumbidzo dzaIsiraeri.
4 Madzibaba edu akavimba nemi; vakavimba, imwi mukavarwira.
5 Vakachema kwamuri, vakarwirwa; vakavimba nemi, vakasanyadziswa.
6 Asi ini ndiri honye, handizi munhu; Ndiri chinhu chinozvidzwa navanhu, chinoshorwa navanhu.
7 Vese vanondiona vanondiseka; vanoshamisa muromo, vanodzungudza musoro, vachiti:
8 Akavimba naJehovha kuti achamurwira; Ngaamurwire, zvaanomufarira iye.
9 Asi ndimi makandibudisa pachizvaro; Makandivimbisa nemwi ndichiri pamazamu amai vangu.
10 Ndakaiswa kwamuri kubva pachizvaro; imwi muri Mwari wangu kubva padumbu ramai vangu.
11 Regai kuva kure neni; nekuti njodzi yava pedo; nekuti hakuna angabatsira.
12 Hondo zhinji dzakandikomba; nzombe dzine simba dzeBhashani dzakandipoteredza.
13 Zvakandishamisira miromo yadzo, Seshumba inoparadza ichiomba.
14 Ndakadururwa semvura, mafupa angu ose akasvodogoka; moyo wangu wakafanana nenamo; wanyauka mukati moura hwangu.
15 Simba rangu rakaoma sechaenga; Rurimi rwangu rwakanamatira pashaya dzangu; mukandipinza muguruva rorufu.
16 Nekuti imbwa dzakandikomba; Ungano yavakaipa yakandipoteredza, vakaboora maoko angu netsoka dzangu.
17 Ndingaverenga mafupa angu ose; Vanonditarira, vanonditarira.
18 Vanogovana nguvo dzangu pakati pavo, vanokanda mijenya pamusoro pehanzu yangu.
19 Asi imwi Jehovha, regai kuva kure neni; imwi simba rangu, kurumidzai kundibatsira.
20 Rwirai mweya wangu pamunondo; mudiwa wangu kubva pasimba rembwa.
21 Ndiponesei pamuromo weshumba, nekuti makandipindura ndiri pakati penyanga dzenyati.
22 Ndichadudzira zita renyu kuhama dzangu; Ndichakurumbidzai pakati peungano.
23 Imi munotya Jehovha, murumbidzei; imwi mose vana vaJakove, mukudzei; mumutye, imwi mose vana vaIsiraeri.
24 Nekuti haana kuzvidza kana kusema dambudziko raanotambudzwa; kana kumuvanzira chiso chake; asi panguva yaakachema kwaari akamunzwa.
25 Kurumbidzwa kwangu kunobva kwamuri paungano huru; Ndicharipa mhiko dzangu pamberi pavanomutya.

26 Vanyoro vachadya vakaguta; vanomutsvaka vacharumbidza Jehovha; moyo yenyu ngairarame nokusingaperi.
27 Migumo yose yenyika icharangarira nokudzokera kuna Jehovha; Marudzi ose avahedheni achanamata pamberi penyu.
28 Nekuti ushe ndohwaJehovha; Ndiye mubati pakati pavahedheni.
29 Vose vakakora panyika vachadya nokunamata; vose vanoburukira kuguruva vachapfugama pamberi pake, hakuna ungachengeta mweya wake uri mupenyu.
30 Vana vachamushumira; zvichaverengerwa Jehovha kusvikira zera.
31 Vachauya vachidudzira kururama kwake Kuvanhu vachazozvarwa, kuti ndiye wakazviita.

CHITSAUKO 23

1 (Pisarema raDhavhidhi.) Jehovha ndiye mufudzi wangu; handingashaiwi.
2 Anondivatisa pasi pamafuro manyoro, anondisesedza pamvura inozorodza.
3 Anoponesa mweya wangu; Anondifambisa panzira dzokururama nokuda kwezita rake.
4 Zvirokwazvo, kunyange ndikafamba mumupata womumvuri worufu, Handingatongotyi zvakaipa; nekuti imwi muneni; tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu zvinondinyaradza.
5 Munondigadzirira chokudya pamberi pavadzivisi vangu; Makazodza musoro wangu namafuta; mukombe wangu unopfachukira.
6 Zvirokwazvo unyoro nenyasha zvichanditevera mazuva ose oupenyu hwangu; ini ndichagara mumba maJehovha nokusingaperi.

CHITSAUKO 24

1 Pisarema raDhavhidhi. Nyika ndeyaJehovha, nokuzara kwayo; Nyika, navageremo.
2 nekuti wakaiteya pamusoro pamakungwa, Nokuisimbisa pamusoro penzizi.
3 Ndiani angakwira mugomo raJehovha? Kana ndiani angamira panzvimbo yake tsvene?
4 Uyo anamaoko akachena, nomoyo wakanaka kwazvo; asingasimudziri moyo wake kune zvisina maturo, kana kupika nhema.
5 Iye achapiwa mukomborero naJehovha, Nokururamiswa naMwari muponesi wake.
6 Urwu ndirwo rudzi rwavanomutsvaka, Vanotsvaka chiso chenyu, imwi Jakove. Sera.
7 Simudzai misoro yenyu, imwi masuwo; musimudzwe imi, magonhi akare-kare; uye Mambo wokubwinya achauya.
8 Ndianiko uyu Mambo wokubwinya? Jehovha ane simba noumhare, Jehovha anoumhare pakurwa.
9 Simudzai misoro yenyu, imwi masuwo; muisimudze, imwi magonhi akare-kare; uye Mambo wokubwinya achauya.
10 Ndianiko uyu Mambo wokubwinya? Jehovha wehondo, ndiye Mambo wokubwinya; Sera.

CHITSAUKO 25

1 Pisarema raDhavhidhi. Jehovha, ndinosimudzira moyo wangu kwamuri.
2 Mwari wangu, ndinovimba nemi, Ngandirege kunyadziswa; Vavengi vangu ngavarege kundikunda.
3 Zvirokwazvo, vanokumirirai ngavarege kunyadziswa;
4 Ndiratidzei nzira dzenyu, Jehovha; ndidzidzisei nzira dzenyu.
5 Ndiperekedzei muchokwadi chenyu, mundidzidzise; nekuti ndimi Mwari muponesi wangu; ndinokurindirai zuva rose.
6 Rangarirai, Jehovha, nyasha dzenyu huru nounyoro bwenyu; nekuti dzakagara dziripo kubva kare.
7 Regai kurangarira zvivi zvohuduku hwangu, nokudarika kwangu; mundirangarire nounyoro bwenyu, nokuda kokunaka kwenyu, Jehovha.
8 Jehovha akanaka, akarurama; Saka achadzidzisa vatadzi nzira.
9 Achaperekedza vanyoro munezvakarurama; Achadzidzisa vanyoro nzira yake.
10 Nzira dzose dzaJehovha ndedzounyoro nechokwadi kunavanochengeta sungano yake nezvipupuriro zvake.
11 Nokuda kwezita renyu, Jehovha, Kangamwirai zvakaipa zvangu; nokuti ihuru.
12 Ndoupiko munhu anotya Jehovha? ndiye anofanira kumudzidzisa nzira yaanosarudza.
13 Mweya wake uchagara zvakanaka; uye vana vake vachagara nhaka yenyika.
14 Chakavanzika chaJehovha chiri kuna vanomutya; uye achavaratidza sungano yake.
15 Meso angu anoramba achitarira kuna Jehovha; nekuti achabvisa tsoka dzangu pamumbure.
Ringirai kwandiri, mundinzwire nyasha; nekuti ndiri ndoga, ndinotambudzika.
17 matambudziko omoyo wangu awanda kwazvo; Haiwa, ndibudisei panjodzi dzangu.
Tarirai kutambudzika kwangu nokurwadziwa kwangu; uye mundikanganwire zvivi zvangu zvose.
19 Tarirai vavengi vangu; nokuti vazhinji; uye vanondivenga neruvengo rukuru.
20 Chengetai mweya wangu mundirwire; nekuti ndinovimba nemi.
21 Kusanyengera nokururama ngazvindichengete; nekuti ndinokumirirai.
22 dzikunurai Isiraeri, imwi Mwari, Panjodzi dzake dzose.

CHITSAUKO 26

1 Pisarema raDhavhidhi. Nditongerei Jehovha; nekuti ndakafamba nokusanyengera kwangu; Ndakavimbawo naJehovha; naizvozvo handingatedzemuki.
2 Ndinzverei, Jehovha, ndiidzei; edzai itsvo dzangu nomoyo wangu.
3 Nekuti unyoro bwenyu huri pamberi pameso angu, Ndakafamba muchokwadi chenyu.
4 Handina kugara navanhu venhema, Handingafambidzani navanyepedzeri.
5 Ndinovenga ungano yavanoita zvakaipa; uye haangagari navakaipa.
6 Ndichashambidza maoko angu ndisina mhosva, Ndigopoteredza aritari yenyu saizvozvo, Jehovha.

7 Kuti ndiparidze nenzwi rokuvonga, Nditaure nezvemabasa enyu ose anoshamisa.
8 Jehovha, ndinoda hugaro bweimba yenyu, Nenzvimbo panogara kubwinya kwenyu.
9 Regai kusanganisa mweya wangu pamwechete navatadzi, Noupenyu hwangu navateura ropa.
10 Vakabata zvakashata pamaoko avo, Ruoko rwavo rworudyi ruzere nefufuro.
11 Asi kana ndirini ndichafamba nokusanyengera kwangu; Ndidzikunurei, mundinzwire tsitsi.
12 Rutsoka rwangu rumire pakati chechetere; Ndicharumbidza Jehovha paungano.

CHITSAUKO 27

1 Pisarema raDhavhidhi. Jehovha ndiye chiedza changu noMuponesi wangu; ndichagotya aniko? Jehovha ndiye simba roupenyu hwangu; ndingagotya aniko?
2 Vakaipa vakati vachiuya kwandiri kuzodya nyama yangu, ivo vavengi vangu navavengi vangu, vakagumburwa vakawa.
3 Kunyange hondo ikandikomba, moyo wangu haungatyi; kunyange ndikavingwa nokurwa, ipapo ndichavimba naJehovha.
4 Chinhu chimwe chete chandakakumbira kuna Jehovha, ndicho chandichatsvaka; Kuti ndigare mumba maJehovha misi yose youpenyu hwangu, Kuti ndione kunaka kwaJehovha, nokurangarira mutemberi yake.
5 nekuti nomusi wenjodzi anondiviga mudumba rake, Uchandivanza pakavanda patende rake; achandiisa padombo.
6 Zvino musoro wangu uchasimudzirwa kumusoro kwavavengi vangu vanondikomba; Ndichamubayira patende rake zvibayiro zvomufaro; ndichaimba, zvirokwazvo, ndichaimbira Jehovha nziyo dzokurumbidza.
7 Inzwai Jehovha, kana ndichidana nenzwi rangu; Ndinzwirei tsitsi, mundipindure.
8 Panguva yamakati, Tsvakai chiso changu; moyo wangu wakati kwamuri, Chiso chenyu, Jehovha, ndichachitsvaka.
9 Regai kundivanzira chiso chenyu; musadzinga muranda wenyu makatsamwa; makanga muri mubatsiri wangu; regai kundisiya, kana kundisiya, imwi Mwari muponesi wangu.
10 nekuti baba vangu namai vangu vakandirasha, Asi Jehovha achandigamuchira.
11 Ndidzidzisei nzira yenyu, Jehovha, Mundifambise panzira yakati chechetere, Nokuda kwavavengi vangu.
12 Musandisundira pakuda kwavavengi vangu, nekuti zvapupu zvenhema zvakandimukira, navanofemereka hasha.
13 Ndingadai ndakapera simba, dai ndisina kutenda kuti ndichaona kunaka kwaJehovha panyika yavapenyu.
14 Rindira Jehovha; iva nesimba, iye achasimbisa moyo wako; ndinoti, rindira Jehovha.

CHITSAUKO 28

1 Ndichadana kwamuri, Jehovha, dombo rangu; regai kundinyararira; zvimwe, kana mukandinyararira, ndingafanana navanoburukira kugomba.
2 Inzwai inzwi remikumbiro yangu, kana ndichichema kwamuri, Kana ndichisimudzira maoko angu kunzvimbo yeimba yenyu tsvene.
3 Musandibvuta pamwechete navakaipa, navaiti vezvakaipa, Ivo vanotaura rugare kuna vavanogara navo, Asi zvakashata zviri mumoyo mavo.
4 Muvape zvakaenzana nebasa ravo, uye zvakaenzana nezvakaipa zvavakaita; muvape renje ravo.
5 Zvavasina hanya namabasa aJehovha, Nezvaakabata namaoko ake, Iye achavaparadza, akasavavakazve.
6 Jehovha ngaavongwe, nekuti akanzwa inzwi rokukumbira kwangu.
7 Jehovha ndiye simba rangu nenhovo yangu; moyo wangu wakavimba naye, ndikabatsirwa; naizvozvo moyo wangu unofara kwazvo; ndichamurumbidza norwiyo rwangu.
8 Jehovha ndiye simba ravo, Ndiye nhare yokuponesa kumuzodziwa wake.
9 Ponesai vanhu venyu, muropafadze nhaka yenyu; Muvafudzewo, muvatakure nokusingaperi.

CHITSAUKO 29

1 Pisarema raDhavhidhi. Ipai Jehovha, imwi mhare, Ipai Jehovha kudzo nesimba.
2 Ipai Jehovha kudzo yakafanirwa nezita rake; Namatai kuna Jehovha nenguvo tsvene.
3 inzwi raJehovha riri pamusoro pemvura zhinji; Mwari wokubwinya unotinhira, Jehovha ari pamusoro pemvura zhinji-zhinji.
4 Inzwi raJehovha rine simba; inzwi raJehovha rizere noumambo.
5 inzwi raJehovha rinovhuna misidhari; zvirokwazvo, Jehovha anovhunanya misidhari yeRebhanoni.
6 Anovakwakukawo semhuru; Rebhanoni neSirioni semhuru yenyati.
7 inzwi raJehovha rinopamura mirazvo yomoto;
8 inzwi raJehovha rinodederesa renje; Jehovha anodederesa renje reKadheshi.
9 inzwi raJehovha rinoberekesa nondo, Rinosvuura miti yamatondo;
10 Jehovha akagara pachigaro choushe paboporodzi remvura; zvirokwazvo, Jehovha agere ari mambo nokusingaperi.
11 Jehovha achapa vanhu vake simba; Jehovha acharopafadza vanhu vake norugare.

CHITSAUKO 30

1 Pisarema norwiyo pakukumikidzwa kweimba yaDhavhidhi. Ndichakukudzai zvikuru, Jehovha; nekuti makandisimudza, Hamuna kutendera vavengi vangu kufara pamusoro pangu.
2 Jehovha Mwari wangu, Ndakachema kwamuri, imwi mukandiponesa.
3 Jehovha, makabudisa mweya wangu paSheori, Makachengeta upenyu hwangu, kuti ndirege kuburukira kugomba.
4 Imbirai Jehovha, imwi vatsvene vake, Muvonge pakurangarira kwake utsvene hwake.
5 nekuti kutsamwa kwake kuripo chinguva chiduku; panyasha dzake pane upenyu; kuchema kungavapo usiku humwe, asi mufaro unouya mangwanani.
6 Zvino pakufara kwangu ndakati, Handingatongozununguswi.

7 Jehovha, netsitsi dzenyu makamisa gomo rangu nesimba; Makavanza chiso chenyu, ndikatambudzika.
8 Ndakachema kwamuri, Jehovha; ndakakumbira kuna Jehovha.
9 Ropa rangu ringandibatsireiko, kana ndichiburukira kugomba? Guruva ringakurumbidzai here? Ringareva chokwadi chenyu here?
10 Inzwai Jehovha, mundinzwire tsitsi; Jehovha, ivai mubatsiri wangu.
11 Makashandura kuchema kwangu kukava kutamba; Makasunungura gumbo rangu, mukasunga chiuno changu nomufaro;
12 Kuti kukudzwa kwangu kukuimbirei nziyo dzokurumbidza, ndirege kunyarara. Jehovha Mwari wangu, ndichakuvongai nokusingaperi.

CHITSAUKO 31

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Jehovha, ndinovimba nemi; ndirege kutongonyadziswa; Ndirwirei mukururama kwenyu.
2 Rerekerai nzeve yenyu kwandiri; kurumidzai kundirwira; ivai dombo rangu rakasimba, neimba yenhare yokundiponesa.
3 nekuti ndimi dombo rangu nenhare yangu; naizvozvo nditungamirirei munditungamirire nokuda kwezita renyu.
4 Ndibvutei pamumbure wavakandidzikira pakavanda; nekuti ndimi simba rangu.
5 Ndinoisa mweya wangu muruoko rwenyu; Makandidzikunura Jehovha, Mwari wechokwadi.
6 Ndinovenga vanokudza zvenhema zvisina maturo; Asi ndinovimba naJehovha.
7 Ndichafara nokufarisisa netsitsi dzenyu; nekuti makaona kutambudzika kwangu; makaziva mweya wangu pakutambudzika;
8 Hamuna kundiisa muruoko rwomuvengi; Makamisa tsoka dzangu panzvimbo yakafarikana.
9 Ndinzwirei tsitsi, Jehovha, nekuti ndiri panjodzi; Ziso rangu rapera nokuchema, zvirokwazvo, nomweya wangu nomuviri wanguvo.
10 nekuti upenyu hwangu hwapera nokuchema, namakore angu nokugomera;
11 Ndava chinhu chinozvidzwa pakati pavavengi vangu vose, Zvirokwazvo, zvikuru kuna vandinogara navo, nechinotyisa kuvazikani vangu; Vanondiona kunze vakanditiza.
12 Ndakakanganikwa sowakafa asingachafungiswi; Ndava somudziyo wakaputsika.
13 Ndakanzwa vazhinji vachindipomera, Zvinotyisa kumativi ose; Pakurangana kwavo pamusoro pangu Vakafunga mano kuti vanditorere upenyu hwangu.
14 Asi ndakavimba nemi, Jehovha; Ndakati, Ndimi Mwari wangu.
15 Nguva dzangu dziri muruoko rwenyu; ndirwirei paruoko rwavavengi vangu, nokuna vanonditambudza.
16 Vhenekesai chiso chenyu pamusoro pomuranda wenyu; Ndiponesei nokuda kwetsitsi dzenyu.
17 Ngandirege kunyadziswa, Jehovha; nekuti ndakadana kwamuri; vakaipa ngavanyadziswe, vanyarare muguva.
18 Miromo inoreva nhema ngainyarare; vanotaura zvakaipa pamusoro pavakarurama, vachizvikudza uye nokuzvidza.
19 Haiwa, kunaka kwenyu kukuru sei, kwamakachengetera vanokutyai; zvamakaitira vanovimba nemi pamberi pavanakomana vavanhu!
20 Muchavavanza pakavanda pamberi penyu pakuzvikudza kwavanhu; Muchavachengeta pakavanda patende pakukakavara kwendimi.
21 Jehovha ngaavongwe, nekuti akandiratidza unyoro hwake hunoshamisa paguta rakasimbiswa.
22 Nekuti ndakati pakukaruka kwangu, Ndabviswa pamberi penyu; kunyange zvakadaro, makanzwa inzwi rokukumbira kwangu pakuchema kwangu kwamuri.
23 Idai Jehovha, imwi vatsvene vake mose; nekuti Jehovha anochengeta vakatendeka, Anotsiva zvikuru munhu anozvikudza.
24 Simbai, moyo yenyu itsunge, imwi mose munorindira Jehovha.

CHITSAUKO 32

1 Wakaropafadzwa wakakangamwirwa kudarika kwake, akafukidzirwa zvivi zvake.
2 Akakomborerwa munhu asingaverengerwi zvakaipa naJehovha; asina kunyengera pamweya wake.
3 Panguva yandakaramba ndinyerere, mafupa angu akasakara nokuvovora kwangu zuva rose.
4 nekuti ruoko rwenyu rwakanga rwuchirema pamusoro pangu masikati novusiku; Unyoro hwangu hwakashandurwa hukava kuoma kwechirimo. Sera.
5 Ndakakuzivisai chakaipa changu, handina kuvanza chakaipa changu; Ndakati,ndichareurura kudarika kwangu kuna Jehovha; mukandikanganwira kuipa kwechivi changu. Sera.
6 Saka vose vanotya Mwari ngavanyengetere kwamuri panguva yamunowanikwa, zvirokwazvo kana mvura zhinji inokukura, ingaswedera kwaari.
7 Ndimi chivando changu; muchandichengeta pakutambudzika; Muchandipoteredza nenziyo dzokurwira. Sera.
8 Ndichakudzidzisa nekukudzidzisa nzira yaunofanira kufamba nayo; ndichakutungamirira neziso rangu.
9 Regai kuva sebhiza, kana sehesera zvisinganzwisisi. Zvinofanira kubatwa netomu netomu, kuti zvirege kuswedera kwamuri.
10 Akaipa achava nenjodzi zhinji; Asi anovimba naJehovha achakombwa netsitsi.
11 Farai muna Jehovha, mufarisise, imwi makarurama; Pururudzai, imwi makachena pamoyo.

CHITSAUKO 33

1 Farai muna Jehovha, imwi vakarurama; nekuti kurumbidza kwakafanira vakarurama.
2 Rumbidzai Jehovha nembira; Muimbirei nomutengeramwa une hungiso dzine gumi.
3 Muimbirei rwiyo rutsva; ridzai zvakanaka nokuita ruzha rukuru.
4 Nokuti shoko raJehovha rakarurama; mabasa ake ose anoitwa nezvokwadi.
5 Iye anoda kururama nokururamisa; Nyika izere nounyoro hwaJehovha.
6 Kudenga-denga kwakaitwa neshoko raJehovha; nehondo dzose nokufema komuromo wake.

7 Anounganidza mvura zhinji yegungwa pamwechete somurwi; Anochengeta pakadzika mumatura.
8 Nyika yose ngaitye Jehovha; Vose vagere panyika ngavadedere pamberi pake.
9 Nekuti iye akataura, zvikaitika; akaraira, zvikamira zvikasimba.
10 Jehovha anoparadza zano ravahedheni; Mifungo yavanhu anoiparadza.
11 Zano raJehovha rinogara nokusingaperi, nendangariro dzomoyo wake kusvikira kumarudzi namarudzi.
12 Rwakakomborerwa rudzi rwakaita Jehovha Mwari warwo; uye vanhu vaakatsaura kuti vave nhaka yake.
13 Jehovha anotarira ari kudenga; anoona vanakomana vose vavanhu.
14 ari panzvimbo yaanogara, anotarira vose vagere panyika.
15 Iye anoumba moyo yavo pamwechete; anotarira mabasa avo ose.
16 Hakuna mambo anoponeswa nokuwanda kwehondo; mhare hairwirwi nesimba guru.
17 Bhiza haribatsiri pakukunda; haringarwiri nesimba raro guru.
18 Tarirai, ziso raJehovha rinotarira vanomutya, vanotarira tsitsi dzake;
19 Kurwira mweya wavo parufu, Nokuvararamisa panguva yenzara.
20 Mweya yedu inomirira Jehovha; Ndiye mubatsiri wedu nenhovo yedu.
21 Nekuti moyo yedu ichafara kwazvo maari, Zvatakavimba nezita rake dzvene.
22 Tsitsi dzenyu ngadzive nesu, Jehovha, Sezvatakatarira kwamuri.

CHITSAUKO 34

1 Pisarema raDhavhidhi, panguva yaakashandura mufambiro wake pamberi paAbhimereki; iye akamudzinga, akaenda. Ndicharumbidza Jehovha nguva dzose; kurumbidzwa kwake kuchava mumuromo mangu nguva dzose.
2 Mweya wangu uchazvirumbidza muna Jehovha; Vanyoro vachazvinzwa, vakafara.
3 Kudzai Jehovha pamwechete neni, Ngatikudzise zita rake pamwechete.
4 Ndakatsvaka Jehovha, akandipindura, Akandirwira pakutya kwangu kose.
5 Vakatarira kwaari, vakapenya; Zviso zvavo hazvina kunyara.
6 Murombo uyu akachema, Jehovha akamunzwa, akamuponesa panjodzi dzake dzose.
7 Mutumwa waJehovha anokomberedza vanomutya, nokuvarwira.
8 Ravirai henyu, muone kuti Jehovha wakanaka; Wakaropafadzwa munhu anovimba naye.
9 Ityai Jehovha, imwi vatsvene vake; nekuti vanomutya havana chavanoshaiwa.
10 Vana veshumba vanoshaiwa, vanofa nenzara; Asi vanotsvaka Jehovha havangashaiwi chinhu chakanaka.
11 Uyai imwi vana, nditeererei; Ini ndichakudzidzisai kutya Jehovha.
12 Ndoupiko munhu anoda upenyu, Anoda mazuva mazhinji, kuti aone zvakanaka?
13 Dzora rurimi rwako pane zvakaipa, nemiromo yako pakutaura zvinonyengera.
14 Ibva pane zvakaipa uite zvakanaka; tsvaka rugare, urutevere.
15 Meso aJehovha ari pamusoro pavakarurama, Uye nzeve dzake dzinonzwa kuchema kwavo.
16 Chiso chaJehovha chinovenga vanoita zvakaipa, kuti abvise kurangarirwa kwavo panyika.
17 Vakarurama vakadana, Jehovha akanzwa, Akavarwira panjodzi dzavo dzose.
18 Jehovha ari pedo nevane moyo yakaputsika; uye anoponesa vane mweya yakapwanyika.
19 Akarurama anamatambudziko mazhinji; Asi Jehovha anomurwira abude paari ose.
20 Anochengeta mapfupa ake ose, hapana nerimwe rawo rinovhunika.
21 Zvakaipa zvichauraya akaipa; Uye vanovenga vakarurama vachaparadzwa.
22 Jehovha anodzikunura mweya yavaranda vake; Hakuna vanovimba naye vachaparadzwa.

CHITSAUKO 35

1 Jehovha, kakavadzanai pamhaka yangu navanokakavadzana neni; Irwai navanorwa neni.
2 Torai nhovo huru neduku, Musimuke kundibatsira.
3 Vhomoraiwo pfumo, mudzivire nzira yavanonditambudza, Itiyi kumweya wangu, Ndini muponesi wako.
4 Ngavanyadziswe, vazvidzwe ivo vanotsvaka mweya wangu; Ngavadzoserwe shure, vashorwe vanorangana kundikuvadza.
5 Ngavafanane nehundi inopupuruswa nemhepo, Mutumwa waJehovha achivasundira.
6 Nzira yavo ngaive nerima, itedze, mutumwa waJehovha achivateverera.
7 nekuti vakandivanzira mimbure yavo muhunza pasina mhosva, Vakacherera mweya wangu mimbure ndisina mhosva.
8 Kuparadzwa ngakumuwire akangofara; mumbure wake waakavanza ngaumubate amene; ngaawire mukuparadzwa ikoko.
9 Mweya wangu uchava nomufaro muna Jehovha, Uchafarira kuponesa kwake.
10 Mapfupa angu ose achati, Jehovha, ndianiko akafanana nemi, imwi munorwira murombo panaiye akamukurira nesimba, iye murombo nomushaiwi panowanomupamba?
11 Zvapupu zvenhema zvinosimuka; Vakandipomera zvinhu zvandakanga ndisingazivi.
12 Zvakanaka zvangu vakanditsiva nezvakaipa, Vachibira mweya wangu.
13 Asi kana ndirini, pakurwara kwavo ndakafuka masaga; Ndakatambudza mweya wangu ndichitsanya; Munyengetero wangu ukadzokera kuchipfuva changu.
14 Ndakaita seyaiva shamwari yangu kana hama yangu; Ndakakotama ndichichema, somunhu anochema mai vake.
15 Asi pakugumburwa kwangu vakafara, vakaungana pamwechete; vakandibvambura, vasingaregi.
16 Savadadi vakaipa pamitambo Vakandirumanyira meno avo.

17 Ishe, muchatarira izvozvo kusvikira rinhiko? Rwirai mweya wangu pakuparadza kwavo, Mudikamwa wangu pashumba.
18 Ndichakuvongai paungano huru; Ndichakurumbidzai pakati pavanhu vazhinji.
19 Vanondivenga ndisina mhosva ngavarege kufara pamusoro pangu; Uye vanondivenga ndisina mhosva ngavarege kubwaira neziso.
20 nekuti havatauri rugare; Asi vanofungira avo vanyerere panyika mashoko okunyengera.
21 Zvirokwazvo, vakandishamisira miromo yavo, vakati, Hekani, hekani, hekani!
22 Makaona izvi, Jehovha; regai kunyarara; Ishe, regai kuva kure neni.
23 Zvimutsei, mukai munditongere mhaka yangu, Mwari wangu naIshe wangu.
24 Nditongerei, Jehovha Mwari wangu, nokururama kwenyu; uye ngavarege kufara pamusoro pangu.
25 Ngavarege kuti mumoyo mavo, Hekani, ndizvo zvatanga tichida; ngavarege kuti, Tamumedza.
26 Ngavanyadziswe, vazvidzwe pamwechete, ivo vanofarira kutambudzika kwangu; ngavafukidzwe nokunyara nokuzvidzwa, ivo vanozvikudza pamusoro pangu.
27 Ngavadanidzire nomufaro, vafare, ivo vanoda kururamiswa kwemhaka yangu; Ngavarambe vachiti, Jehovha ngaakudzwe, Iye, anofarira kufara komuranda wake.
28 Ipapo rurimi rwangu ruchataura zvokururama kwenyu, Nezvokurumbidzwa kwenyu zuva rose.

CHITSAUKO 36

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi, muranda waJehovha. Kudarika kowakaipa kunoti mumoyo mangu, Hakuna kutya Mwari pamberi pake.
2 nekuti anozvibata kumeso kwake, Pakuona kwake, Kusvikira zvakaipa zvake zvavengwa.
3 Mashoko omuromo wake ndizvo zvakaipa nokunyengera; Akarega kuzova akachenjera nokuita zvakanaka.
4 Anofunga zvakaipa panhovo dzake; anofamba panzira isina kunaka; haasemi zvakaipa.
5 Tsitsi dzenyu, Jehovha, dziri kudenga-denga; Nokutendeka kwenyu kunosvika kumakore.
6 Kururama kwenyu kwakafanana namakomo makuru; Kutonga kwenyu kwakadzika zvikuru; Jehovha, munochengeta munhu nemhuka.
7 Unyoro bwenyu, Mwari, hwakanaka sei! naizvozvo vana vavanhu vanovanda pasi pomumvuri wamapapiro enyu.
8 Vachagutswa kwazvo nezvakakora zveimba yenyu; muvamwise parwizi rwezvinofadza zvenyu.
9 Nokuti kwamuri ndiko kune tsime roupenyu; muchiedza chenyu ndimo matinoona chiedza.
10 Rambai muchiitira vanokuzivai vunyoro bwenyu; Nokururama kwenyu kuna vane moyo yakarurama.
11 Rutsoka rwoanozvikudza ngaruregе kusvika kwandiri, Ruoko rwoakaipa ngaruregе kundidzinga.
12 Apo ndopakawira pasi vaiti vezvakaipa, Vakawisirwa pasi, havangagoni kumukazve.

CHITSAUKO 37

1 (Pisarema raDhavhidhi.) Usava neshungu nokuda kwavaiti vezvakaipa, Usagodora vanoita zvakaipa.
2 nekuti vachakurumidza kudzurwa souswa, Vachaoma semuriwo mutema.
3 Vimba naJehovha, uite zvakanaka; saizvozvo uchagara munyika, uye zvirokwazvo uchadyiswa.
4 Farikana kwazvo kuna Jehovha; iye agokupa zvinodikamwa nomoyo wako.
5 Isa nzira yako kuna Jehovha; vimbawo naye; ndiye achazviita.
6 Iye achabudisa kururama kwako sechiedza, Nokururamisirwa kwako samasikati.
7 Nyarara pamberi paJehovha, umurindire unyerere; usava neshungu pamusoro peanofara panzira yake, pamusoro pomunhu anoita mano akaipa aakafunga.
8 Rega kutsamwa, urashe hasha;
9 nekuti vanoita zvakaipa vachagurwa; Asi vanorindira Jehovha vachagara nhaka yenyika.
10 Kwasara chinguva chiduku, akaipa haachazovipo; Zvirokwazvo, iwe uchacherekedza zvakanaka paaigara, asi haachazovipo.
11 Asi vanyoro ndivo vachagara nhaka yenyika; ndivo vachafarikanya kwazvo norugare rukuru.
12 Akaipa anofungira akarurama mano akaipa, Anomurumanira meno ake.
13 Ishe achamuseka; nekuti anoona kuti zuva rake rinouya.
14 Vakaipa vakavhomora munondo, vakawembura uta hwavo; Kuti vawisire pasi varombo navanoshaiwa, Kuti vauraye vane mufambiro wakarurama.
15 Munondo wavo uchapinda pamoyo yavo imene, uye uta hwavo huchavhuniwa.
16 Zvishoma zvowakarurama zvinopfuura pfuma yavakaipa vazhinji.
17 nekuti maoko avakaipa achavhuniwa; Asi Jehovha anotsigira vakarurama.
18 Jehovha anoziva mazuva avakarurama; Nhaka yavo ndeyokusingaperi.
19 Panguva yakaipa havanganyadziswi; mumazuva enzara ivo vachava nezvakawanda.
20 Asi vakaipa vachaparara, uye vavengi vaJehovha vachafanana namafuta amakwayana; vacharova soutsi.
21 Akaipa anokwereta, asingaripizve; Asi akarurama ane tsitsi, anopa.
22 Nokuti vanokomborerwa naye vachagara nhaka yenyika; vanotukwa naye vachaparadzwa.
23 Mafambiro omunhu anosimbiswa naJehovha; Anofadzwa nenzira yake.
24 Kunyange akawa, haangawiswi chose; nekuti Jehovha anomutsigira noruoko rwake.
25 Ndakanga ndiri muduku, zvino ndakwegura; kunyange zvakadaro handina kutongoona wakarurama achisiiwa, kana vana vake vachipemha zvokudya.
26 Anogara achingonzwira tsitsi, achiposa; uye vana vake vacharopafadzwa.
27 Ibva pane zvakaipa uite zvakanaka; uye ugogara nokusingaperi.
28 nekuti Jehovha unoda zvakarurama, Haasii vatsvene vake; vanochengetwa nokusingaperi; asi vana vowakaipa vachaparadzwa.

29 Vakarurama vachagara nhaka yenyika, Vachagaramo nokusingaperi.
30 Muromo wowakarurama unotaura zvenjere, Rurimi rwake runotaura zvakarurama.
31 Murayiro waMwari wake uri mumoyo make; tsoka dzake hadzitedzemuki.
32 Akaipa anovandira akarurama, Achitsvaka kumuuraya.
33 Jehovha haangamuregeri muruoko rwake, Kana kumupa mhosva kana atongwa.
34 Rindira Jehovha, urambire panzira yake, Iye achakukudza kuti ugare nhaka yenyika; Kana vakaipa vachiparadzwa iwe uchazviona.
35 Ndakaona akaipa anesimba guru, Achitandavara somuti munyoro webare;
36 Zvino mumwe akapfuurazve, wanei haachipo; Ndakamutsvaka, asi akanga asichawanikwi.
37 Cherekedzai munhu akakwana, mutarire akarurama; nekuti kuguma komunhu uyo rugare.
38 Asi vadariki vachaparadzwa pamwechete;
39 Asi kuponeswa kwavakarurama kunobva kuna Jehovha; Ndiye nhare yavo panguva yokutambudzika.
40 Jehovha anovabatsira, nokuvarwira; anovarwira kuna vakaipa, nokuvaponesa, nekuti vanovimba naye.

CHITSAUKO 38

1 Haiwa Jehovha, regai kundiraira pakutsamwa kwenyu, Musandiranga nokusafara kwenyu kukuru.
2 nekuti miseve yenyu yandibaya, Ruoko rwenyu runonditsikirira kwazvo.
3 Hakuchina hukukutu panyama yangu nokuda kwehasha dzenyu; Uye hapachina mufaro pamapfupa angu nokuda kwechivi changu.
4 nekuti zvakaipa zvangu zvafukidza musoro wangu; Zvinondiremera somutoro unorema.
5 Maronda angu anonhuwa, akaora, nokuda kohupenzi hwangu.
6 Ndinotambudzika; Ndakotamiswa kwazvo; ndinofamba ndichichema zuva rose.
7 nekuti chiuno changu chizere nehosha inosemesa; Hakuchina hukukutu panyama yangu.
8 Ndakati rukutu, ndavhunika kwazvo; Ndakagomera nokuda kokutambudzika komoyo wangu.
9 Ishe, zvose zvinoda moyo wangu zviri pamberi penyu; Hamuna kuvanzirwa kugomba kwangu.
10 moyo wangu unopfura, ndapererwa nesimba rangu; Kana chiri chiedza chameso angu, naicho chabva kwandiri.
11 Vanondida, neshamwari dzangu, vanomira kure nokuda kwehosha yangu; hama dzangu dzimire kure.
12 Vanotsvaka upenyu hwangu vanonditeyira misungo; Uye vanotsvaka kundikuvadza vanotaura zvakaipa, vanofunga kundinyengera zuva rose.
13 Asi ini ndakafanana nematsi, handinzwi; Ndakanga ndiri mbeveve isingashamisi muromo wayo.
14 Naizvozvo ndakaita somunhu asinganzwi, Asina mhinduro pamuromo wake.
15 Nekuti ndimi, Jehovha, ndinovimba nemi; muchapindura, imwi Jehovha Mwari wangu.
16 Nekuti ndakati, Chindinzwai, zvimwe vangafara pamusoro pangu; Kana rutsoka rwangu ruchitedzemuka, vanozvikudza pamusoro pangu.
17 Nokuti ndinovavarira kugumburwa, Uye njodzi yangu iri pamberi pangu nguva dzose.
18 Nokuti ndichareurura zvakaipa zvangu; Ndichazvidemba nokuda kwechivi changu.
19 Asi vavengi vangu vakasvinuka, vane simba, Uye vanondivenga ndisina mhosva vawanda.
20 Naivowo vanotsiva zvakaipa nezvakanaka, Ndivo vadzivisi vangu; nokuti ndinotevera chinhu chakanaka.
21 Regai kundisiya, Jehovha; Mwari wangu, regai kuva kure neni.
22 Kurumidzai kundibatsira, Ishe muponesi wangu;

CHITSAUKO 39

1 Kumutungamiriri wokuimba, kuna Jedhutuni. Pisarema raDhavhidhi. Ndakati, Ndichachenjerera nzira dzangu, Kuti ndirege kutadza norurimi rwangu; Ndichachengeta muromo wangu netomu, Wakaipa ari pamberi pake. ini.
2 Ndakanga ndiri mbeveve ndisingatauri, Ndakanyarara hangu, ndiri kure nezvakanaka; uye shungu dzangu dzakamutswa.
3 Moyo wangu wakapisa mukati mangu, ndichifunga, moto ukapfuta;
4 Jehovha, ndizivisei mugumo wangu, Uye mwero wamazuva angu, kuti akadini; kuti ndizive kuti ndinongopfuura hangu.
Tarirai, makaita mazuva angu sohupamhi bwechanza; nguva yokurarama kwangu sechinhu chisipo pamberi penyu; zvirokwazvo munhu mumwe nomumwe kunyange akasimba kwazvo, mweya chete. Sera.
6 Zvirokwazvo, munhu mumwe nomumwe anofamba-famba somumvuri; Zvirokwazvo, vanoita bope pasina; Anounganidza fuma, asi haazivi kuti ndiani achaidya.
7 Zvino Ishe, ndakarindireiko? tariro yangu iri mamuri.
8 Ndirwirei pakudarika kwangu kose; Regai kundiita munhu anosekwa namapenzi.
9 Ndakanga ndiri mbeveve, handina kushamisa muromo wangu; nekuti ndiwe wakazviita.
10 Bvisai shamhu yenyu kwandiri; Ndapera nokurohwa noruoko rwenyu.
11 Kana muchiraira munhu muchimuranga pamusoro pezvakaipa, Munopedza kunaka kwake sechifusi; Zvirokwazvo munhu mumwe nomumwe mweya hake. Sera.
12 Inzwai munyengetero wangu, Jehovha, rerekerai nzeve yenyu munzwe kuchema kwangu; musanyarara muchiona misodzi yangu, nekuti ndiri mweni kwamuri, nomweni, sezvakanga zvakaita madzibaba angu ose.
13 Regai kunditarira, kuti ndimbonaya hangu, Ndisati ndabva pano, ndikasazovapo.

CHITSAUKO 40

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Ndakarindira-rindira Jehovha; akarerekera kwandiri, akanzwa kuchema kwangu.
2 Akandibudisawo pagomba rokuparadzwa, nomudziva ramatope, akaisa tsoka dzangu padombo, akasimbisa mafambiro angu.
3 Akaisa rwiyo rutsva mumuromo mangu, rwokurumbidza Mwari wedu narwo; Vazhinji vachazviona, vachitya, Vachavimba naJehovha.

4 Akakomborerwa anoita Jehovha chivando chake. Asina hanya navanozvikudza, navanotsaukira kunhema.
5 Jehovha Mwari wangu, mabasa enyu, anoshamisa, amakaita, mazhinji, nemifungo yenyu kwatiri; haiverengwi nokuda kwenyu; inogona kuverengwa.
6 imwi hamufadzwi nezvibayiro nezvipiriso; Makazarura nzeve dzangu; zvipiriso zvinopiswa nezvipiriso zvezvivi hamuna kuzvireva.
7 Ipapo ndikati: Tarirai, ndauya; murugwaro rwakapetwa makanyorwa nezvangu,
8 Ndinofarira kuita kuda kwenyu, Mwari wangu; Zvirokwazvo murayiro wenyu uri mumoyo mangu.
9 Ndakaparidza kururama paungano huru; Tarirai, handina kudzora miromo yangu, Jehovha, imwi munoziva.
10 Handina kuvanza kururama kwenyu muwoyo mangu; Ndakadudzira kutendeka kwenyu nokuponesa kwenyu; handina kuvanzira ungano huru unyoro hwenyu nechokwadi chenyu.
11 Jehovha, imwi hamungandinyimi tsitsi dzenyu; Unyoro bwenyu nechokwadi chenyu zvichandichengeta nguva dzose.
12 nekuti zvakaipa zvisingaverengeki zvakandikomba; zvakaipa zvangu zvakandibata, naizvozvo handigoni kutarira kumusoro; zvakawanda kupfuura vhudzi romusoro wangu; naizvozvo moyo wangu wapera.
13 Jehovha ngazvikufadzei kundirwira; Jehovha, kurumidzai kundibatsira.
14 Ngavanyadziswe, ngavazvidzwe pamwechete ivo vanotsvaka mweya wangu kuti vauparadze; Ngavadzoserwe shure vanyadziswe vanondishuvira zvakaipa.
15 Ngavavhunduswe nokuda kwenyadzi dzavo Ivo vanoti kwandiri, Hekani, hekani waro!
16 Vose vanokutsvakai ngavafare vave nomufaro mamuri; Vanoda kuponesa kwenyu ngavarambe vachiti, Jehovha ngaakudzwe!
17 Asi ini ndiri murombo nomushaiwi; Kunyange zvakadaro Jehovha anondifunga; imwi muri mubatsiri wangu nomurwiri wangu; regai kunonoka, Mwari wangu.

CHITSAUKO 41

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Wakaropafadzwa iye ane hanya navarombo; Jehovha achamurwira panguva yokutambudzika.
2 Jehovha achamuchengeta, nokumuchengeta ari mupenyu; acharopafadzwa panyika, asi hamungamuisi kuchido chavavengi vake.
3 Jehovha achamusimbisa panhoo yourwere; Munoshandura nhovo dzake dzose pakurwara kwake.
4 Ndakati, Jehovha, ndinzwirei tsitsi; Poresai mweya wangu; nekuti ndakakutadzirai.
5 Vavengi vangu vanotaura zvakaipa pamusoro pangu, vachiti, Uchagofa rinhiko, zita rake rirove?
6 Kana mumwe achiuya kuzondiona, anotaura zvisina maturo; moyo wake unozviunganidzira zvakaipa; kana obuda kunze, anozviparidza.
7 Vose, vanondivenga vanoita zeve-zeve pamwechete pamusoro pangu; Vanofunga kundiitira zvakaipa.
8 Vanonzi, hosha yakaipa inomunamatira; zvino zvaanoreva nhema, haachazomukizve.
9 Haiwa, kunyange murume youshamwari hwangu, wandaivimba naye, aidya zvokudya zvangu, Naiye andisimudzira chitsitsinho chake.
10 Asi imwi Jehovha, ndinzwirei tsitsi, ndisimudzei, Kuti ndivatsive.
11 Ndinoziva nechinhu ichi kuti munofadzwa neni, nekuti muvengi wangu haandikundi.
12 Kana ndirini munonditsigira pakururama kwangu, Munondiisa pamberi penyu nokusingaperi.
13 Jehovha Mwari waIsiraeri ngaakudzwe, Kubva pakusingaperi kusvikira pakusingaperi. Ameni, uye Ameni.

CHITSAUKO 42

1 Kumutungamiriri wokuimba, Makiri, pavanakomana vaKora. Senondo inotakwairira hova dzemvura, Saizvozvo mweya wangu unokutakwairirai imwi Mwari.
2 Mweya wangu une nyota kuna Mwari, iye Mwari mupenyu, Ndichasvika rinhiko ndionekwe naMwari?
3 Misodzi yangu zvakanga zviri zvokudya zvangu masikati nousiku, Pakutaura kwavo nguva dzose kwandiri, vachiti, Mwari wako aripiko?
4 Kana ndichirangarira zvinhu izvi, ndinodurura mweya wangu mukati mangu, nekuti ndakanga ndaenda navazhinji, ndikaenda navo kuimba yaMwari nenzwi rokufara nokurumbidza, tiri vazhinji vaitamba mutambo.
5 Unoshuwireiko, mweya wangu? Unoshaiwa rugare neiko mukati mangu? Vimba naMwari; nekuti ndichazomurumbidza hangu, Nokuda kokubatsira kwechiso chake.
6 Mwari wangu, mweya wangu unosuwa mukati mangu; Naizvozvo ndinokurangarirai ndiri panyika yaJoridhani, Napamakomo eHerimoni, nechikomo cheMizari.
7 Pakadzika panodana pakadzika pakutinhira kwamapopopo enyu; mafungu enyu namapoporodzi enyu akapfuura napamusoro pangu.
8 Asi Jehovha acharaira unyoro hwake panguva yamasikati, Usiku rwiyo rwake ruchava neni, Nomunyengetero kuna Mwari woupenyu hwangu.
9 Ndichati kuna Mwari, dombo rangu, Makandikangamwireiko? Ndinofambireiko ndichichema nokuda kokumanikidza komuvengi?
10 Zvakafanana neguyo pamafupa angu, kana vavengi vangu vachindizvidza; Kana vachiti kwandiri zuva rimwe nerimwe, Mwari wako aripiko?
11 Unoshuwireiko, mweya wangu? Unoshaiwa rugare neiko mukati mangu? Tarira kuna Mwari; nekuti ndichazomurumbidza hangu, Iye muponesi wechiso changu, naMwari wangu.

CHITSAUKO 43

1 Nditongerei Mwari, mundireverere pamhosva yangu parudzi rusina tsitsi; Ndirwirei pamunhu anonyengera asina kururama.
2 nekuti ndimi Mwari simba rangu; mandirasireiko? Ndinofambireiko ndichichema nokuda kokumanikidza komuvengi?
3 Tumai chiedza chenyu nechokwadi chenyu; ngazvinditungamirire; ngazvindiise kugomo renyu dzvene, nokutabhenakeri dzenyu.

4 Ipapo ndichasvika kuaritari yaMwari, Kuna Mwari, iye mufaro wangu mukuru; Ndichakurumbidzai imwi Mwari Mwari wangu nembira.
5 Unoshuwireiko, mweya wangu? Unoshaiwa rugare neiko mukati mangu? Tarira kuna Mwari; nekuti ndichazomurumbidza hangu, Iye muponesi wechiso changu, naMwari wangu.

CHITSAUKO 44

1 Kumutungamiriri wokuimba wavanakomana vaKora, Makiri. Haiwa Mwari, takanzwa nenzeve dzedu, madzibaba edu akatiudza, basa ramakabata pamazuva avo, napamisi yekare.
2 Makadzinga vahedheni noruoko rwenyu, mukavasima ivo; kuti wakatambudza vanhu sei ukavadzinga.
3 nekuti havana kuzviwanira nyika nomunondo wavo, Ruoko rwavo haruna kuvaponesa, asi ruoko rwenyu rworudyi, noruoko rwenyu, nechiedza chechiso chenyu, nekuti imwi makavafarira.
4 Ndimi Mambo wangu, Mwari; Rairai kuti Jakove akunde.
5 Nemwi tichawisira pasi vavengi vedu; Nezita renyu tichatsika pasi vanotimukira.
6 nekuti handingavimbi nouta hwangu, Nomunondo wangu haungandiponesi.
7 Asi imwi makatiponesa pavavengi vedu, nokunyadzisa vanotivenga.
8 Tinozvirumbidza munaMwari zuva rose, Ticharumbidza zita renyu nokusingaperi. Sera.
9 Asi imwi makatirasha henyu mukatinyadzisa; uye regai kuenda nehondo dzedu.
10 Munotidududza pamberi pavavengi vedu; Uye vanotivenga vakazvipamba.
11 Makatipa samakwai akatarirwa kudya; Mukatiparadzira pakati pavahedheni.
12 Munotengesa vanhu venyu musina chamunopiwa, Hamuna kuwedzera fuma yenyu nomutengo wavo.
13 Munotiita chinhu chinoshoorwa navatigere navo, Chinhu chinozvidzwa nechinosekwa navakatipoteredza.
14 Munotiita shumo pakati pavahedheni, Vanhu vanotidzungudzira misoro.
15 Kunyara kwangu kuri pamberi pangu nguva dzose, uye kunyara kwechiso changu kwakandifukidza.
16 Nokuda kwenzwi romutuki nomuzvidzi; nokuda kwomuvengi nomutsivi.
17 Izvi zvose zvakatiwira; kunyange zvakadaro hatina kukukanganwai, Hatina kuita nokunyengera pasungano yenyu.
18 moyo yedu haina kudzokera shure, Kutsika kwedu hakuna kutsauka panzira yenyu;
19 Kunyange makatipwanya-pwanya panzvimbo yamakava, Mukatifukidza nomumvuri worufu.
20 Kana tichinge takangamwa zita raMwari wedu, Kana kutambanudzira maoko edu kuna mwari wavatorwa;
21 Ko Mwari haanganzveri izvozvo here? nekuti iye anoziva zvakavanzika zvemoyo.
22 Zvirokwazvo, nokuda kwenyu tinourawa zuva rose; tinonzi tiri makwai anobayiwa.
23 Mukai, munovatireiko, Ishe? simukai, musatirasire nokusingaperi.
24 Munovanzireiko chiso chenyu, Muchikanganwa kutambudzika kwedu nokumanikidzwa kwedu?
25 Nekuti mweya wedu wakotamira kuguruva; dumbu redu rinonamatira pavhu.
26 Simukai mutibatsire, mutidzikunure nokuda kwetsitsi dzenyu.

CHITSAUKO 45

1 Kumutungamiriri wokuimba nenziyo dzeSoshanimi, pavanakomana vaKora. Makiri, rwiyo rworudo. Mwoyo wangu unotutuma namashoko akanaka; Ndinotaura izvo zvandakaita pamusoro pamambo; Rurimi rwangu ipeni yorudo. munyori akagadzirira.
2 imwi makanaka-naka kupfuura vana vavanhu; Nyasha yakadururirwa pamiromo yenyu; Saka Mwari wakakuropafadzai nokusingaperi.
3 Sungai munondo wenyu pachiuno chenyu, imwi Wemasimba, ukuru bwenyu nohumambo bwenyu.
4 Fambai noumambo bwenyu muchikunda, Nokuda kwechokwadi nounyoro nokururama; Ruoko rwenyu rworudyi ngarukudzidzisei zvinhu zvinotyisa.
5 Miseve yenyu inopinza pamoyo yavavengi vamambo; ndiko kuwira kwavanhu pasi penyu.
6 Chigaro chenyu choushe, imwi Mwari, chiripo nokusingaperi-peri; Tsvimbo youshe bwenyu itsvimbo yakarurama.
7 Makada kururama, mukavenga kusarurama; Naizvozvo Mwari, Mwari wenyu wakakuzodzai Namafuta okufara kupfuura shamwari dzenyu.
8 nguvo dzenyu dzose dzinonhuhwira nemura nearosi neakasia padzimba dzamadzimambo dzenyanga dzenzou dzakakufadzai.
9 Vakunda vamadzimambo vari pakati pavanhukadzi venyu vanokudzwa; Paruoko rwenyu rworudyi vahosi vamire vakashonga ndarama yeOfiri.
10 Teerera mukunda, rangarira, urereke nzeve yako; Kangamwawo vanhu vako, neimba yababa vako;
11 Ipapo mambo achada kunaka kwako; nekuti ndiye Ishe wako; uye unamate kwaari.
12 Uye mukunda weTire achavapo nechipo; Vafumi pakati pavanhu vachakumbira tsitsi dzako.
13 Mukunda wamambo akanaka kwazvo-kwazvo mukati meimba yake; nguvo dzake dzakarukwa nendarama.
14 Uchaperekwa kuna mambo nenguvo dzakarukwa dzinamavara; Mhandara, shamwari dzake dzinomutevera, Vachaiswa kwamuri.
15 Vachaperekwa nomufaro nokupembera; Vachapinda mumuzinda wamambo.
16 Panzvimbo yamadzibaba ako vana vako vachavapo, Vauchaita machinda panyika yose.
17 Ndichayeudzira zita renyu kusvikira kumarudzi ose; Naizvozvo ndudzi dzavanhu dzichakuvongai nokusingaperi-peri.

CHITSAUKO 46

1 Kumutungamiriri wokuimba wavanakomana vaKora. Rwiyo rweAramoti. Mwari ndiye utiziro hwedu nesimba redu, ndiye mubatsiri ari pedo-pedo panguva dzokumanikidzwa.
2 Naizvozvo hatingatyi, kunyange nyika ikashanduka, uye kunyange makomo akakungurutswa mukati megungwa;

3 mvura zhinji yawo ngaitinhire nokumutswa, makomo adedere nokupupuma kwawo. Sera.
4 Rwizi rwuripo nehova dzinofadza guta raMwari, iyo nzvimbo tsvene yetabhenakeri dzeWekumusoro-soro.
5 Mwari ari mukati maro; haringazununguswi; Mwari acharibatsira, iye anokurumidza kukurumidza.
6 Vahedheni vakaita bope, ushe hwakazununguswa; Akataura nenzwi rake, nyika ikanyauka.
7 Jehovha wehondo anesu; Mwari waJakobho ndiye utiziro hwedu. Sera.
8 Uyai muone mabasa aJehovha, Zvishamiso zvaakaita panyika.
9 Anogumisa kurwa kusvikira pakuguma kwenyika; anovhuna uta, nokuvhuna-vhuna pfumo; anopisa ngoro mumoto.
10 Nyararai, muzive kuti ndini Mwari; Ndichava mukuru pakati pavahedheni, ndichava mukuru panyika.
11 Jehovha wehondo anesu; Mwari waJakobho ndiye utiziro hwedu. Sera.

CHITSAUKO 47

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema ravanakomana vaKora. Uchirai, imwi vanhu vose; Pururudzai kuna Mwari nenzwi romufaro mukuru.
2 nekuti Jehovha Wekumusoro-soro anotyisa; ndiye Mambo mukuru panyika yose.
3 Ndiye anotikundisa ndudzi dzavanhu, Nendudzi pasi petsoka dzedu.
4 Ndiye anotitsaurira nhaka yedu, Iyo fuma yaJakove waanoda. Sera.
5 Mwari akwira nokudanidzira, Jehovha nokurira kwehwamanda.
6 Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza, muimbirei nziyo dzokurumbidza; Imbirai Mambo wedu nziyo dzokurumbidza, muimbirei nziyo dzokurumbidza.
7 nekuti Mwari ndiye Mambo wenyika yose; muimbirei nziyo dzokurumbidza nokunzwisisa.
8 Mwari anobata ushe hwevahedheni; Mwari agere pachigaro chake chitsvene choushe.
9 Machinda avanhu aungana pamwechete navanhu vaMwari waAbhurahamu; nekuti nhovo dzapasi ndedzaMwari; Ndiye mukuru-kuru.

CHITSAUKO 48

1 Rwiyo nePisarema ravanakomana vaKora. Jehovha mukuru, uye anofanira kurumbidzwa kwazvo, muguta raMwari wedu, mugomo rake dzvene.
2 Rakanaka pakukwirira kwaro, mufaro wapasi pose, Ndizvo zvakaita gomo reZiyoni, pamativi okumusoro, Ndizvo zvakaita guta raMambo mukuru.
3 Padzimba dzaro dzamambo Mwari wakazviratidza kuti ndiye nhare.
4 nekuti tarirai, madzimambo akaungana, Akapfuura pamwechete.
5 Vakariona, vakashamisika; vakavhunduka, vakakurumidza kuenda.
6 Kutya kwakabata ipapo; nokurwadziwa, somukadzi unosurumuka.
7 Munoputsa zvikepe zveTarishishi nemhepo inobva mabvazuva.
8 Sezvatakanzwa, ndizvo zvatakaona Paguta raJehovha wehondo, iro guta raMwari wedu; Mwari acharisimbisa nokusingaperi. Sera.
9 Takafunga unyoro bwenyu, Mwari, Mukati metemberi yenyu.
10 Sezita renyu, Mwari, Ndizvo zvakaitawo kurumbidzwa kwenyu kusvikira kumigumo yapasi pose; Ruoko rwenyu rworudyi ruzere nokururama.
11 Gomo reZiyoni ngarifare, Vakunda vaJudha ngavafare kwazvo, Nokuda kwezvamakatonga.
12 Poteredzai Ziyoni, mupote naro, rondedzerai shongwe dzaro.
13 Cherekedzai zvakanaka nhare dzaro, fungai nhare dzaro; kuti muzoudza rudzi runotevera.
14 Nekuti Mwari ndiye Mwari wedu nokusingaperi-peri; Iye achava muperekedzi wedu kusvikira parufu.

CHITSAUKO 49

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema ravanakomana vaKora. Inzwai chinhu ichi, imi vanhu vose; teererai imi mose mugere panyika.
2 Vakaderera navakakwirira, vapfumi navarombo pamwechete.
3 Muromo wangu uchataura huchenjeri; uye kufunga komoyo wangu kuchava nenjere.
4 Ndicharerekera nzeve yangu inzwe mufananidzo; Ndichazarura shoko rangu rakavanzika nembira.
5 Ndichatya neiko pamazuva ezvakaipa, Kana zvakaipa, zvavari pazvitsitsinho zvangu, zvichindikomba?
6 Ivo, vanovimba nefuma yavo, Vanozvikudza pamusoro pokuwanda kwefuma yavo;
7 Hapana angatongodzikinura hama yake, kana kupa Mwari rudzikunuro pamusoro pake;
8 (Nokuti kudzikunurwa kwemweya wavo kunokosha, uye kunoguma nekusingaperi.)
9 Kuti ararame nokusingaperi, Arege kuona kuora.
10 Nokuti anoona kuti vachenjeri vanofa, benzi neasina njere vanoperawo, vachisiira vamwe fuma yavo.
11 Murangariro wavo wechomukati ndiwo kuti dzimba dzavo dzichagara nokusingaperi, Nougaro hwavo kusvikira kumarudzi avo ose; vanotumidza nyika dzavo mazita avo.
12 Asi munhu haagari achikudzwa, Akafanana nemhuka dzinopera.
13 Iyi ndiyo nzira youpenzi hwavo; Kunyange zvakadaro vanovatevera vachitenda zvavanotaura. Sera.
14 Vakatarirwa muguva samakwai; rufu ruchavafudza; vakarurama vachabata ushe pamusoro pavo mangwanani; kunaka kwavo kuchapera muguva, kubva paugaro hwavo.
15 Asi Mwari achadzikunura mweya wangu pasimba reSheori, nekuti iye achandigamuchira. Sera.
16 Usatya hako iwe kana mumwe munhu achifumiswa, Kana kubwinya kweimba yake kuchiwedzerwa;
17 Nekuti kana achifa hapana chaachaenda nacho; kubwinya kwake hakungaburuki shure kwake.
18 Kunyange paupenyu hwake wairopafadza mweya wake; Vanhu vachakurumbidzai kana uchizviitira zvakanaka.
19 Achaenda kurudzi rwamadzibaba ake; havangatongooni chiedza nokusingaperi.
20 Munhu, anokudzwa, asina njere, Akafanana nemhuka dzinopera.

CHITSAUKO 50

1 Pisarema raAsafi. Mwari, iye Mwari, Jehovha, ndiye akataura, Akadana pasi pose kubva pakubuda kwezuva kusvikira pakuvira kwaro.
2 Mwari akapenya Ari paZiyoni, iro rakanaka-naka kwazvo.
3 Mwari wedu achauya, haangarambi anyerere; moto unoparadza pamberi pake, dutu guru rinomupoteredza.
4 Achadana denga kumusoro, Napasi, kuti atongere vanhu vake;
5 Unganidzai vatsvene vangu kwandiri; avo vakaita sungano neni nezvibairo.
6 Kudenga-denga kunodudzira kururama kwake; nekuti Mwari ndiye mutongi amene. Sera.
7 Inzwai vanhu vangu, ndichataura; imwi Isiraeri, ndichakupupurirai, Ndini Mwari, iye Mwari wenyu.
8 Handingakutukiyi pamusoro pezvibayiro zvenyu, kana zvipiriso zvenyu zvinopiswa, zviri pamberi pangu nguva dzose.
9 Handingatori nzombe paimba yako, nenhongo dzembudzi pazvirugu zvako.
10 Nekuti mhuka dzose, dzokudondo ndedzangu, nemombe pamakomo ane chiuru chamazana.
11 Ndinoziva shiri dzose dzomumakomo; Mhuka dzose, dzesango, ndedzangu.
12 Kana ndaiva nenzara, handaikuudza iwe, nekuti nyika ndeyangu, nezvaizere nazvo.
13 Ko ndingadya nyama yehando, Kana kumwa ropa rembudzi here?
14 Bayirai Mwari zvokuvonga; uripire Wekumusoro-soro mhiko dzako;
15 Udane kwandiri pazuva rokutambudzika; Ndichakurwira, iwe uchandikudza.
16 Asi kune wakaipa Mwari anoti, Iwe ungadudzira seiko zvandakatema, Nokureva sungano yangu nomuromo wako?
17 Zvaunovenga kurairwa, Nokurasha mashoko angu shure kwako.
18 Wakati uchiona mbavha, ukafarirana nayo, Unoshamwaridzana nemhombwe.
19 Unotendera muromo wako kureva zvakaipa, Rurimi rwako runotaura nhema.
20 Unogara uchipomera hama yako; Unochera mwanakomana wamai vako.
21 Zvinhu izvi wakazviita, ndikaramba ndinyerere; wakafunga kuti ini ndakafanana newe chose; asi ndichakutsiura, nekuzvirongedza pamberi pako.
22 Zvino fungai chinhu ichi, imwi vokukangamwa Mwari, Ndirege kukubvamburai, mukashaiwa murwiri;
23 Ani naani, anobayira rumbidzo, unondikudza; Uye anogadzira nzira dzake zvakanaka, ndichamuratidza ruponeso rwaMwari.

CHITSAUKO 51

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi, panguva yakauya muporofita Natani kwaari, apinda kuna Bhati-shebha. Ndinzwirei tsitsi, Mwari nokuda kounyoro bwenyu, nokuda kokuwanda kwetsitsi dzenyu. dzimai kudarika kwangu.
2 Ndisukei zvakaipa zvangu chose, Ndinatsei chivi changu.
3 nekuti ndinoziva kudarika kwangu; Chivi changu chinogara chiri pamberi pangu.
4 Ndakatadza kwamuri, kwamuri moga, Ndakaita chinhu chakaipa pamberi penyu; kuti munzi makarurama pakutaura kwenyu, Muve usina mhosva pakutonga kwenyu.
5 Tarirai, ndakaberekerwa muzvakaipa; uye mai vangu vakandigamuchira muzvivi.
6 Tarirai, munoda chokwadi pamoyo; Munoda kundidzidzisa uchenjeri mukati makavanda.
7 Ndinatsei nehisopi, ndive akanaka, Ndishambidzei, ndichene kupfuura mazayi echando.
8 Ndinzwisei mufaro ndive nomoyo muchena; kuti mapfupa amakavhuna afare.
9 Vanzirai zvivi zvangu chiso chenyu, Dzimai zvakaipa zvangu zvose.
10 Sikai mukati mangu moyo wakachena, Mwari; vandudzai mukati mangu mweya wakarurama.
11 Regai kundirasha pamberi penyu; musabvisa mweya wenyu mutsvene kwandiri.
12 Dzoseraizve kwandiri mufaro wokuponesa kwenyu; nditsigirei nomweya wenyu wakasununguka.
13 Ipapo ndichadzidzisa vadariki nzira dzenyu; uye vatadzi vachatendeukira kwamuri.
14 Ndirwirei pamhosva yeropa, Mwari, imwi Mwari muponesi wangu; Ipapo rurimi rwangu ruchaimbira kururama kwenyu kwazvo.
15 Jehovha, zarurai miromo yangu; Muromo wangu uchaparidza kurumbidzwa kwenyu.
16 nekuti imwi hamufariri zvibayiro; ndingadai ndaikupai izvo, imwi hamufariri zvipiriso zvinopiswa.
17 Zvibayiro zvaMwari mweya wakaputsika; moyo wakaputsika nowakapwanyika, imwi Mwari hamungaushori.
18 Itirai Ziyoni zvakanaka nokuda kwenyu; Vakai masvingo eJerusaremu.
19 Ipapo muchafarira zvibayiro zvakarurama, nechipiriso chinopiswa nechipiriso chinopiswa chose; Ipapo vachabayira nzombe paaritari yenyu.

CHITSAUKO 52

1 Kumutungamiriri wokuimba waMakiri. Pisarema raDhavhidhi. Dhoegi muEdhomu paakauya akaudza Sauro, akati kwaari, Dhavhidhi wasvika kumba kwaAhimereki. Unozvikudzirei pane zvakaipa, iwe murume wesimba? kunaka kwaMwari kunogara nokusingaperi.
2 Rurimi rwako runotaura zvakaipa; sechisvo chinopinza, anoshanda nounyengeri.
3 Unoda zvakaipa kupfuura zvakanaka; Nokureva nhema kupfuura kutaura zvakarurama. Sera.
4 Unoda mashoko ose okuparadza, Iwe rurimi runonyengera.
5 Mwari saizvozvowo uchakuparadza nokusingaperi, achakubvisa, nokukubvisa paugaro hwako, nokukudzura panyika yavapenyu. Sera.
6 Vakarurama vachazviona, uye vachatya uye vachamuseka.
7 Tarirai, uyu ndiye munhu asina kuita Mwari nhare yake; asi akavimba nokuwanda kwefuma yake, akazvisimbisa pazvakaipa zvake.

8 Asi ini ndakafanana nomuorivhi munyoro muimba yaMwari; Ndinovimba netsitsi dzaMwari nokusingaperi-peri.
9 Ndichakuvongai nokusingaperi, nekuti ndimi makazviita; ndichamirira zita renyu; nekuti zvakanaka pamberi pavatsvene venyu.

CHITSAUKO 53

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Benzi rakati mumoyo maro, Mwari hakuna. Vakaora, vakaita zvakaipa zvinonyangadza; hakuna anoita zvakanaka.
2 Mwari, ari kudenga, wakatarira pasi kuvana vavanhu, Kuti aone kana akachenjera aripo, Anotsvaka Mwari.
3 Mumwe nomumwe wavo akadzokera shure, vakasvibiswa pamwechete; hakuna anoita zvakanaka, kunyange nomumwe.
4 Ko vaiti vezvakaipa havana zivo here? ivo vanodya vanhu vangu sezvavanodya chingwa, vasingadani kuna Mwari.
5 Vaitya kwazvo ipapo, pakanga pasina chinotyisa; nekuti Mwari akaparadza mafupa aiye akanga akakukomba; iwe wakavanyadzisa, nekuti Mwari akavarasha.
6 Dai kuponeswa kwaIsiraeri kwaibva paZiyoni! Kana Mwari achidzosa kutapwa kwavanhu vake, Jakove achafara kwazvo naIsiraeri achafara.

CHITSAUKO 54

1 Kumutungamiriri wokuimba. Neginoti, Makiri, Pisarema raDhavhidhi, panguva yavaZifimi pavakasvika vachiti kuna Sauro, Ko Dhavhidhi haazinovanda kwatiri here? Ndiponesei, Mwari, nezita renyu, nditongerei nesimba renyu. .
2 Inzwai munyengetero wangu, Mwari; inzwai mashoko omuromo wangu.
3 nekuti vatorwa vakandimukira, Vamanikidzi vakatsvaka mweya wangu; Havana kuisa Mwari pamberi pavo. Sera.
Tarirai, Mwari ndiye mubatsiri wangu; Ishe ari pakati pavanotsigira mweya wangu.
5 Achatsiva zvakaipa kuvavengi vangu; Muvaparadze nokutendeka kwenyu.
6 Ndichakubayirai nokuzvidira; Ndicharumbidza zita renyu, Jehovha; nokuti zvakanaka.
7 Nekuti akandirwira pakutambudzika kose; Ziso rangu rakaona zvakaitirwa vavengi vangu.

CHITSAUKO 55

1 Inzwai munyengetero wangu, imi Mwari; regai kuzvivanza pakukumbira kwangu.
2 Nditeererei, mundinzwe; Ndinochema pakuchema kwangu, ndichiita ruzha;
3 Nokuda kwenzwi romuvengi, Nokuda kokumanikidza kowakaipa; nekuti vanondipomera zvakaipa, Vanondivenga nokutsamwa kwavo.
4 moyo wangu unorwadziwa kwazvo mukati mangu; Zvinotyisa zvorufu zvakandiwira.
5 Kutya nokubvunda zvakandiwira, Kutya kukuru kwakandifukidza.
6 Ini ndikati, Haiwa, dai ndaiva namapapiro senjiva! nekuti ipapo ndaizobhururuka ndikaenda ndikazorora.
7 Tarirai, ndingadai ndaitizira kure, Ndindogara kurenje; Sera.
8 Ndaikurumidza kundovanda, Nditize mhepo inovhuvhuta nedutu guru.
9 Paradzai, Ishe mukanganise marimi avo; nekuti ndakaona kumanikidza nokurwa muguta.
10 Masikati novusiku vanoripoteredza pamasvingo aro; Zvakaipawo nezvakashata zviri mukati maro.
11 Kushata kuri pakati paro; Kunyengera nokunyengera hazvibvi panzira dzaro.
12 nekuti akanga asi muvengi akandishora; Ipapo ndaigona kutsunga; Akanga asiri iye aindivenga akazvikudza pamusoro pangu; ipapo ndingadai ndakamuvanda kwaari.
13 Asi wakange uriwe, munhu wakaenzana neni, Shamwari yangu, nomuzikamwi wangu.
14 Takarangana zvakanaka, Tikafamba mumba maMwari pamwechete navanhu vazhinji.
15 Rufu ngaruvawire kamwe-kamwe, Ngavaburukire kuSheori vari vapenyu, nekuti kushata kuri paugaro hwavo, nepakati pavo.
16 Kana ndirini, ndichadana kuna Mwari; Jehovha achandiponesa.
17 Madekwana namangwanani namasikati ndichachema ndichidanidzira; Iye achanzwa inzwi rangu.
18 Warwira mweya wangu nerugare, kukasava nomumwe akaswedera kwandiri, nekuti vakanga vachirwa neni, vaiva vazhinji.
19 Mwari achanzwa, achavapindura, Iye aripo kare nakare. Sera. Nokuti havashanduki, saka havatyi Mwari.
20 Wakatambanudzira maoko ake kuna vaiva norugare naye; wakashora sungano yake.
21 Mashoko omuromo wake akatedza samafuta, Asi kurwa kwakanga kuri pamoyo pake; Mashoko ake akanga ari manyoro kupfuura mafuta, kunyange zvakadaro yaiva minondo yakavhomorwa.
22 Kandira mutoro wako pamusoro paJehovha, iye achakusimbisa; Haangatongotenderi wakarurama kuti azununguswe.
23 Asi imwi Mwari muchavaburusira kugomba rokuparadzwa; Vanhu vanokarira ropa navanonyengera havangapedzi hafu yamazuva avo; asi ini ndichavimba nemi.

CHITSAUKO 56

1 Kumutungamiriri wokuimba waJonatherekimi, Mikitami waDhavhidhi, Panguva yaakabatwa navaFirisitia paGati. Ndinzwirei tsitsi, Mwari, nekuti vanhu vanotsvaka kundimedza; zuva nezuva vanorwa vachindimanikidza.
2 Vavengi vangu vanoda kundimedza zuva rimwe nerimwe, nekuti vanorwa neni vazhinji, imwi Wekumusoro-soro.
3 Panguva yandinotya, Ndichavimba nemi.
4 MunaMwari ndicharumbidza shoko rake; ndinovimba naMwari; handingatyi nyama ingandiiteiko.
5 Zuva rimwe nerimwe vanoshandura mashoko angu; Mifungo yavo yose inondifungira zvakaipa.
6 Vanoungana, vanovanda, Vanocherekedza makwara angu, Kana vachivandira mweya wangu.
7 Vachapukunyuka nenzira yezvakaipa here? paradzai vanhu mukutsamwa kwenyu, Mwari.

8 imwi munoverenga madzungairiro angu; Isai misodzi yangu mumudziyo wenyu; Haizi murugwaro rwenyu here?
9 Kana ndichichema kwamuri, vavengi vangu vachadzokera shure; nokuti Mwari ari kurutivi rwangu.
10 MunaMwari ndicharumbidza shoko rake; Muna Jehovha ndicharumbidza shoko rake.
11 Ndakavimba naMwari; Handingatyi chinhu chingaitwa nomunhu kwandiri.
12 Mhiko dzenyu dziri pamusoro pangu, Mwari; Ndichakurumbidzai nerumbidzo.
13 Nekuti makarwira mweya wangu parufu; Hamuna kurwira tsoka dzangu pakugumburwa Kuti ndifambe pamberi paMwari Muchiedza choupenyu here?

CHITSAUKO 57

1 Kumutungamiriri wokuimba; Aritasikiti, Mikitami waDhavhidhi, panguva yaaitiza Sauro mubako. Ndinzwirei tsitsi, Mwari, ndinzwirei tsitsi; nekuti mweya wangu unovimba nemi; Zvirokwazvo, pamumvuri woruoko rwenyu. ndichatizira mapapiro angu, kusvikira njodzi dzapfuura.
2 Ndichadanidzira kuna Mwari Wekumusoro-soro; kuna Mwari anondiitira zvinhu zvose.
3 Achatuma mubatsiri ari kudenga, andiponese pakushoora kweanoda kundimedza. Sera. Mwari achatuma tsitsi dzake nechokwadi chake.
4 Mweya wangu uri pakati peshumba; Ndinovata pasi pakati pavanopfuta somoto, Ivo vanakomana vavanhu, vana meno anenge mapfumo nemiseve, Uye rurimi rwavo munondo unopinza.
5 imwi mukudzwe Mwari, kumusoro kokudenga-denga; kubwinya kwenyu ngakuve pamusoro penyika yose.
6 Vakateyira tsoka dzangu mimbure; Mweya wangu wakakotamiswa; Vakachera gomba pamberi pangu, ndipo pavakawira vamene. Sera.
7 moyo wangu wakasimba, Mwari, moyo wangu wakasimba; ndichaimba nokuimbira.
8 Muka iwe moyo wangu! muka iwe mutengeramwa nembira; Ini ndimene ndichamuka mangwanani.
9 Ndichakurumbidzai, Ishe, pakati pendudzi dzavanhu; Ndichakuimbirai nziyo dzokurumbidza pakati pavahedheni.
10 Nokuti tsitsi dzenyu ihuru kusvikira kudenga-denga, chokwadi chenyu inosvikira kudenga rose.
11 imwi mukudzwe Mwari, kumusoro kokudenga-denga; Kurumbidzwa kwenyu ngakuve kumusoro kwapasi pose.

CHITSAUKO 58

1 Kumutungamiriri wokuimba. Aritasikiti, Mikitami waDhavhidhi. Munotaura zvakarurama here, imwi ungano? Munotonga zvakarurama here, imwi vanakomana vavanhu?
2 Zvirokwazvo, mumoyo munoita zvakaipa; munoyera panyika kumanikidza kwamaoko enyu.
3 Vakaipa vakava vatorwa kubva padumbu ramai; Vanotsauka vachangozvarwa, vachireva nhema.
4 Uturu hwavo hwakafanana nouturu bwenyoka; Vakafanana nechiva chisinganzwi, chinodzivira nzeve yacho;
5 isingateereri inzwi ren'anga, inoimba nouchenjeri hukuru.
6 Mwari vhunai meno avo mumiromo yavo; Jehovha gurai meno makuru avana veshumba.
7 Ngavapwe semvura inoyerera;
8 Mumwe nomumwe wavo ngaapfuure sehozhwa inonyunguduka; Sokupona kusati kwasvika, kuti varege kuona zuva.
9 Hari dzenyu dzisati dzanzwa mhinzwa, iye achadzibvisa nechamupupuri, mhenyu nokutsamwa kwake.
10 Akarurama achafara kana achiona kutsiva; Achashambidza tsoka dzake muropa ravakaipa.
11 Naizvozvo munhu achati, Zvirokwazvo mubayiro wowakarurama uripo; Zvirokwazvo ndiMwari anotonga panyika.

CHITSAUKO 59

1 (Kumutungamiriri wokuimba; Aritasikiti, Mikitami waDhavhidhi; panguva yaSauro akatuma vanhu kundorinda imba kuti vamuuraye.) Ndirwirei, Mwari wangu, pavavengi vangu; Ndirwirei kunavanondimukira.
2 Ndirwirei pavaiti vezvakaipa, Ndiponesei pavanhu veropa.
3 nekuti tarirai, vanovandira mweya wangu; Vane simba vakaungana kuzorwa neni; kwete nokuda kokudarika kwangu, kana kwezvivi zvangu, Jehovha.
4 Vanomhanya nokuzvigadzira, ini ndisina mhosva hangu; Mukai mundibatsire, muone.
5 Naizvozvo imwi Jehovha, Mwari wehondo, Mwari waIsiraeri, mukai mushanyire vahedheni vose; regai kunzwira tsitsi mudariki upi noupi akaipa. Sera.
6 Vanodzoka madekwana, vanohuhudza sembwa, vanopota neguta.
7 Tarirai, vanodzvova nemiromo minondo iri pamiromo yavo, nekuti vanoti, Ndianiko anganzwa?
8 Asi imwi Jehovha muchavaseka; muchadadira vahedheni vose.
9 Nokuda kwesimba rake ndichakumirirai; nekuti Mwari ndiye nhare yangu yakakwirira.
10 Mwari wetsitsi dzangu achandirwisa; Mwari achandionesa kukundwa kwavavengi vangu.
11 Musavauraya, kuti vanhu vangu varege kukangamwa; Muvaparadzire nesimba renyu; muvawisire pasi, Ishe nhovo yedu.
12 Nokuda kwechivi chomuromo wavo, namashoko emiromo yavo, ngavabatwe pakuzvikudza kwavo, uye nokuda kokutuka nenhema dzavanotaura.
13 Vapedzei nehasha, vapedzei, varege kuzovapo; Ngavazive kuti Mwari anobata ushe pakati paJakove, Kusvikira kumigumo yenyika. Sera.
14 Kana madekwana ngavadzoke; ngavahure sembwa, ngavapote-pote neguta.
15 Vachadzungaira vachitsvaka zvokudya, Vachagara usiku hwose kana vasingaguti.
16 Asi ini ndichaimba ndichireva simba renyu; zvirokwazvo ndichaimba ndichireva tsitsi dzenyu mangwanani; nekuti makanga muri nhare yangu noutiziro hwangu pazuva rokutambudzika kwangu.
17 Ndichakuimbirai nziyo dzokurumbidza, imwi simba rangu; nekuti Mwari ndiye nhare yangu yakakwirira, iye Mwari anondinzwira tsitsi.

CHITSAUKO 60

1 (Kumutungamiriri wokuimba paShushanedhuti, Mikitami raDhavhidhi, kuti adzidzise; panguva yaakarwa neAramunaharaimi neAramuzobha, pakudzoka kwaJoabhu, akauraya vane zviuru zvine gumi nezviviri zvavaEdhomu paMupata woMunyu.) Haiwa Mwari, makatirasa henyu. Haiwa Jehovha, makatiparadzira, uye makatsamwa; dzokai henyu kwatiri.
2 Makabvundisa nyika; gadzirai mitswe yaro; nokuti inozununguka.
3 Makaratidza vanhu venyu zvinhu zvinorema; Makatimwisa waini inotyisa.
4 Makapa vanokutyai mureza, kuti uratidzwe nokuda kwechokwadi. Sera.
5 Kuti vadikamwi vako varwirwe; ponesai noruoko rwenyu rworudyi, mundipindure.
6 Mwari akataura pautsvene hwake; Ndichafara; ndichaganhura Shekemu, ndichayera mupata weSukoti.
7 Giriyadhi ndeyangu Manase ndeyangu; Efuremuwo inhaviro yomusoro wangu; Judha ndiye mutemi wangu;
8 Moabhu ndiwo mudziyo wangu wokushambidzira; Pamusoro paEdhomu ndipo pandichakandira shangu yangu;
9 Ndianiko achandiisa muguta rakakombwa namasvingo? ndiani achandiperekedza ndiende kuEdhomu?
10 Hamuna kutirasha here, Mwari? Nemi Mwari, hamuna kuenda nehondo dzedu here?
11 Tibatsirei pakutambudzika; nekuti kubatsira kwavanhu hakuna maturo.
12 MunaMwari tichaita noumhare, nekuti ndiye achatsikira vadzivisi vedu pasi.

CHITSAUKO 61

1 Inzwai kuchema kwangu, imi Mwari; teererai munyengetero wangu.
2 Ndichadana kwamuri ndiri pamugumo wapasi, kana moyo wangu waziya; nditungamirirei kudombo randisingasvikiri.
3 nekuti imwi makanga muri utiziro hwangu, Neshongwe yangu ine simba pamberi pavavengi vangu.
4 Ndichagara patende renyu nokusingaperi; Ndichavanda munyasi mamapapiro enyu. Sera.
5 Nekuti imwi Mwari makanzwa mhiko dzangu; Makandipa nhaka yavanotya zita renyu.
6 Muchawedzera mazuva oupenyu hwamambo, Namakore ake kusvikira kumarudzi mazhinji.
7 Achagara pamberi paMwari nokusingaperi; Mugadzirirei tsitsi nechokwadi, izvo zvinomuchengeta.
8 Naizvozvo ndichaimbira zita renyu nziyo dzokurumbidza nokusingaperi, Kuti ndiite mhiko dzangu zuva rimwe nerimwe.

CHITSAUKO 62

1 Kumutungamiriri wokuimba, naJedhutuni. Pisarema raDhavhidhi. Zvirokwazvo, mweya wangu unomirira Mwari; Kwaari ndiko kunobva kuponeswa kwangu.
2 Ndiye oga dombo rangu noruponeso rwangu; ndiye nhare yangu; handingazununguswi zvikuru.
3 Muchafungira munhu zvakaipa kusvikira rinhiko? muchaurawa imwi mose; sorusvingo runoda kuwa, noruzhowa runotsveyama.
4 Vanongorangana kuti vamuwisire pasi abve paukuru hwake; Vanofarira nhema; Vanoropafadza nemiromo yavo, asi vanotuka mumoyo mavo. Sera.
5 Mweya wangu, rindira Mwari; nokuti tariro yangu inobva kwaari.
6 Ndiye oga dombo rangu noruponeso rwangu; handingazununguswi.
7 Kuna Mwari ndiko kunokuponeswa kwangu nokukudzwa kwangu; Dombo resimba rangu noutiziro hwangu zviri kuna Mwari.
8 Vimbai naye nguva dzose; dururai moyo yenyu pamberi pake; Mwari ndiye utiziro hwedu. Sera.
9 Zvirokwazvo vanhu vasingakudzwi mweya chete, uye vanhu vanokudzwa inhema; Pakuyerwa havaremi; Vose pamwechete vakareruka kupfuura mweya.
10 Regai kuvimba nokumanikidza, Regai kuzvikudza pamusoro pokupambara; Kana fuma ichiwanda, regai kuinamatira nomoyo.
11 Mwari akataura kamwechete; Ndakanzwa izvi kaviri; kuti simba nderaMwari.
12 Netsitsiwo ndedzenyu, Ishe; nekuti munoitira munhu mumwe nomumwe sezvaakabata.

CHITSAUKO 63

1 Pisarema raDhavhidhi, achiri murenje raJudha. Mwari, muri Mwari wangu; ndichakutsvakai mangwanani; mweya wangu unenyota kwamuri, nyama yangu inokushuvai, panyika yakaoma, ine nyota, isina mvura;
2 Kuti ndione simba renyu nokubwinya kwenyu, Sezvandakakuonai imwi panzvimbo tsvene.
3 nekuti unyoro bwenyu hunokunda upenyu; Miromo yangu ichakurumbidzai.
4 Naizvozvo ndichakuropafadzai ndichiri mupenyu; Ndichasimudza maoko angu nezita renyu.
5 Mweya wangu uchaguta semwongo namafuta; uye muromo wangu uchakurumbidzai nemiromo inofara;
6 Kana ndichikurangarirai panhovo dzangu, Ndichikufungai panguva dzousiku.
7 Zvamakanga muri mubatsiri wangu, Pamumvuri wamapapiro enyu ndipo pandichafara kwazvo.
8 Mweya wangu unokunamatirai nesimba rose; Ruoko rwenyu rworudyi runonditsigira.
9 Asi vanotsvaka mweya wangu kuti vauparadze, Vachapinda munzvimbo dzapasi dzenyika.
10 Vachawa nomunondo; vachava mugove wamakava.
11 Asi mambo achafara munaMwari; mumwe nomumwe anopika naye achazvirumbidza, asi muromo wavanoreva nhema uchadzivirwa.

CHITSAUKO 64

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Inzwai inzwi rangu, Mwari, pakunyengetera kwangu; chengetedzai upenyu hwangu ndirege kutya muvengi.
2 Ndivanzei pakurangana kwakavanda kwavakaipa; kubva pakumukira kwavaiti vezvakaipa.

3 Ivo vanorodza rurimi rwavo somunondo, uye vanowembura uta hwavo kuti vapfure miseve yavo, iwo mashoko anovava.
4 Kuti vafure wakakwana pakavanda; Vamufure pakarepo, vasingatyi.
5 Vanotsungirira pazano rakaipa; Vanorangana kuteya misungo pakavanda; vanoti, Ndianiko angazviona?
6 Vanonzvera zvakaipa; vanonzvera kwazvo; mufungo womukati womumwe nomumwe wavo nomoyo zvakadzika.
7 Asi Mwari achavapfura nemiseve; pakarepo vachakuvadzwa.
8 Naizvozvo vachagumbusa marimi avo; Vose vanovaona vachatiza.
9 Vanhu vose vachatya, Vachaparidza basa raMwari; nekuti vachacherekedza mabasa ake.
10 Vakarurama vachafara muna Jehovha, vachavimba naye; vose vane moyo yakarurama vachafara kwazvo.

CHITSAUKO 65

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema noRwiyo rwaDhavhidhi. Imi Mwari munofanira kurumbidzwa paZiyoni; imwi munofanira kuitirwa mhiko.
2 Imi munonzwa munyengetero, vanhu vose vachauya kwamuri.
3 Zvakaipa zvinondikunda; Kana kuri kudarika kwedu muchakudzima imi.
4 Akaropafadzwa munhu wamunosanangura, wamunoswededza kwamuri, kuti agare pavazhe dzenyu; tichagutiswa nokunaka kweimba yenyu, iyo temberi yenyu tsvene.
5 Mukururama kwenyu munotipindura nezvinhu zvinotyisa, imwi Mwari muponesi wedu; ndimi chivimbo chemigumo yose yenyika, navari kure pagungwa;
6 Iye, anoteya makomo nesimba rake; makasunga chiuno nesimba.
7 Iye anonyaradza kutinhira kwegungwa, nokutinhira kwamafungu awo, nokutinhira kwavanhu.
8 Naivo vagere kumigumo vanotya zviratidzo zvenyu; munofadza mabudiro amambakwedza namadekwana.
9 Munoshanyira pasi, munopadiridza; Munopafumisa kwazvo norwizi rwaMwari, ruzere nemvura; Munovagadzirira zviyo, Kana mavagadzirira saizvozvo.
10 Munodiridza mihoronga yayo; Munozadza mihoronga yapo, Munoinyorovesa nemvura inopfunha; Munoropafadza zvinobudapo.
11 Munoshongedza gore nekorona younaki bwenyu; nzira dzenyu dzinodonha mafuta.
12 Anodonha pamafuro erenje, Nezvikomo zvinofara panhivi dzose.
13 Mafuro akafukidzwa namapoka ezvipfuwo; uye mipata yakafukidzwa nezviyo; vanopururudza nomufaro, vanoimbawo.

CHITSAUKO 66

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pururudzai kuna Mwari, imwi nyika dzose;
2 Imbirai mukurumbira wezita rake; Rumbidzai kudzo yake.
3 Itiyi kuna Mwari, Mabasa enyu anotyisa sei! nokuda koukuru bwesimba renyu vavengi venyu vachazviisa pasi penyu.
4 Pasi pose pachanamata kwamuri, Pachakuimbirai; vachaimbira zita renyu. Sera.
5 Uyai, muone mabasa aMwari; Anotyisa pane zvaanoitira vana vavanhu.
6 Akashandura gungwa rikava nyika yakaoma, vakayambuka rwizi netsoka; ipapo takafara maari.
7 Anobata ushe nokusingaperi nesimba rake; Meso ake anoona ndudzi; Vanomumukira ngavarege kuzvikudza. Sera.
8 Rumbidzai Mwari wedu, imi vanhu, inzwi rokumurumbidza ngarinzwike;
9 Iye anopa mweya upenyu, Asingatenderi tsoka dzedu kuti dzitedzemuke.
10 nekuti imwi Mwari makatiidza; Makatiidza sezvinoidzwa sirivha.
11 Makatipinza mumumbure; makaisa kutambudzika pazviuno zvedu.
12 Makatasvisa vanhu pamusoro pemisoro yedu; takapinda nomumoto nomumvura, asi makatibudisira kunzvimbo ine fuma.
13 Ndichapinda mumba mako nezvibayiro zvinopiswa; ndichazadzisa mhiko dzangu kwamuri.
14 Dzakarehwa nemiromo yangu, Dzakataurwa nomuromo wangu pakutambudzika kwangu.
15 Ndichakubayirai zvipiriso zvinopiswa zvezvakakora, Nezvinonhuhwira zvamakondobwe; Ndichabayira nzombe pamwe chete nembudzi. Sera.
16 Uyai munzwe, imwi mose munotya Mwari, Ndichakududzirai zvaakaitira mweya wangu.
17 Ndakachema kwaari nomuromo wangu, Akarumbidzwa zvikuru norurimi rwangu.
18 Kana ndikarangarira zvakaipa mumoyo mangu, Ishe haangandinzwi;
19 Asi zvirokwazvo Mwari akandinzwa; akateerera inzwi rokunyengetera kwangu.
20 Mwari ngaavongwe, iye asina kuramba munyengetero wangu, kana kubvisa tsitsi yake kwandiri.

CHITSAUKO 67

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Jehovha ngaatinzwire tsitsi, atiropafadze; uye ativhenekere nechiso chake; Sera.
2 Kuti nzira yenyu izikamwe pasi, Nokuponesa kwenyu pakati pendudzi dzose.
3 Vanhu ngavakuvongei, Mwari; vanhu vose ngavakuvongei.
4 Ndudzi ngadzifare, dziimbe nomufaro; nekuti muchatonga vanhu zvakarurama, Muchafambisa ndudzi pasi. Sera.
5 Vanhu ngavakuvongei, Mwari; vanhu vose ngavakuvongei.
6 Nyika ichabereka zvibereko zvayo; uye Mwari, iye Mwari wedu, achatikomborera.
7 Mwari achatiropafadza; uye migumo yose yenyika ichamutya.

CHITSAUKO 68

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Mwari ngaasimuke, vavengi vake ngavaparadzirwe; vanomuvenga ngavatize pamberi pake.
2 Muvadzinge, sokudzingwa koutsi; Sokunyauka kunoita namo pamoto, saizvozvo vakaipa ngavaparare pamberi paMwari.
3 Asi vakarurama ngavafare; ngavafare pamberi paMwari; ngavafare kwazvo.
4 Imbirai Mwari, imbirai zita rake nziyo dzokurumbidza;
5 Baba venherera, nomutongi wemhosva dzechirikadzi, Ndiye Mwari paugaro hwake hutsvene.
6 Vakanga vari voga, Mwari anovagarisa pamhuri, Anobudisa vakasungwa namaketani; Asi vanomumukira vanogara panyika yakaoma.
7 Mwari, panguva yamakatungamirira vanhu venyu, Panguva yokufamba kwenyu murenje; Selah:
8 Pasi pakabvunda, Kudenga-denga kwakadonha pamberi paMwari; Nairo Sinai rakabvunda pamberi paMwari, iye Mwari waIsiraeri.
9 imwi Mwari makanisa mvura zhinji, Makasimbisa nhaka yenyu panguva yokuneta kwayo.
10 Ungano yenyu yakagaramo; imwi Mwari makagadzirira varombo zvakanaka zvenyu.
11 Jehovha akataura shoko, boka ravaiparidza shoko rakanga riri guru.
12 Madzimambo ehondo anotiza, Mukadzi akasara kumusha ndiye anogovera zvakapambwa.
13 Kana imwi movata pasi pakati pezvirugu, Zvakafanana namapapiro enjiva akafukidzwa nesirivha, Neminhenga yakafukidzwa nendarama tsvuku.
14 Panguva iyo waMasimbaose yaakaparadza madzimambomo, Zvakachena sechando paZarimoni.
15 Gomo reBhashani igomo raMwari; chikomo chakakwirira segomo reBhashani.
16 Munokwirireiko, imwi makomo marefu? ndiro gomo rinodikamwa naMwari kuti agare mariri; zvirokwazvo, Jehovha achagaramo nokusingaperi.
17 Ngoro dzaMwari dzinosvika zviuru zvina makumi maviri nezviuru zvavatumwa; Ishe ari pakati padzo, paSinai panzvimbo tsvene.
18 Makakwira kumusoro, mukatapa vatapwa venyu; Makagamuchira zvipo zvavanhu; zvirokwazvo, naivo vakamukira Jehovha, kuti Jehovha Mwari agare navo.
19 Ishe ngaavongwe, iye anotakura mitoro yedu zuva rimwe nerimwe, iye Mwari muponesi wedu. Sera.
20 Mwari wedu ndiye Mwari anotirwira; Jehovha Ishe ndiye ane nzira dzokubuda parufu.
21 Asi Mwari achatema misoro yavavengi vake, Paganda romusoro rine vhudzi romunhu anorambira pakutadza kwake.
22 Jehovha akati, Ndichadzosa paBhashani, ndichadzosazve vanhu vangu pagungwa rakadzika;
23 Kuti unyike rutsoka rwako muropa ravavengi vako, Ndimi dzembwa dzako imomo.
24 Vakaona mafambiro enyu, Mwari; Mafambiro aMwari wangu, Mambo wangu, ari panzvimbo tsvene.
25 Vaimbi vakatungamira, varidzi vemitengeramwa vakatevera; pakati pavo paiva navasikana vairidza makandira.
26 Rumbidzai Mwari paungano, Iye Ishe, wetsime raIsiraeri.
27 Bhenjamini muduku, nomubati wavo, aripo, Namachinda aJudha navazhinji vavo, Namachinda aZebhuruni, namachinda aNafutari.
28 Mwari wako akaraira simba rako; Simbisai, Mwari, izvo zvamakatiitira.
29 Nokuda kwetemberi yenyu paJerusaremu Madzimambo achakuvigirai zvipo.
30 Tukai kuunga kwehando, hando zhinji, nemhuru dzendudzi dzavanhu, Vazviwisire pasi petsoka nemari yesirivha; Muparadzire vanhu vanofarira kurwa.
31 Machinda achabuda Egipita; Itiopia ichakurumidza kutambanudza maoko ayo kuna Mwari.
32 Imbirai Mwari, imwi ushe hwapasi; Imbirai Jehovha nziyo dzokurumbidza; Selah:
33 Iye anotasva padenga rokudenga-denga, iro rakare nakare; Tarirai, anobudisa inzwi rake, inzwi rine simba.
34 Ipai Mwari simba; Ukuru hwake huri pamusoro paIsiraeri, Simba rake riri mumakore.
35 imwi Mwari munotyisa panzvimbo dzenyu tsvene; Mwari waIsiraeri ndiye anopa vanhu vake simba noushe. Mwari ngavarumbidzwe.

CHITSAUKO 69

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Ndiponesei, Mwari; nekuti mvura zhinji yasvikira pamweya wangu.
2 Ndinonyura munhope yakadzika, pokumira; Ndasvika pamvura zhinji yakadzika, pandinofukidzwa nenzizi.
3 Ndaneta nokuchema kwangu; huro dzangu dzaoma; Meso angu apera nokurindira Mwari wangu.
4 Vanondivenga ndisina mhosva vazhinji kupfuura vhudzi romusoro wangu; Avo vanoda kundiparadza vane simba, kunyange vachindivenga ndisina mhosva; Ipapo ndakadzorera zvandisina kutora.
5 Mwari munoziva upenzi hwangu; uye zvivi zvangu hazvina kuvanzika kwamuri.
6 Ishe Jehovha wehondo, vanokumirirai ngavarege kunyadziswa nokuda kwangu; vanokutsvakai ngavarege kunyadziswa nokuda kwangu, imwi Mwari waIsiraeri.
7 Nekuti ndakatenda kushorwa nokuda kwenyu; kunyara kwakafukidza chiso changu.
8 Ndakava mutorwa kuhama dzangu, Nomubvakure kuvana vamai vangu.
9 nekuti kushingairira imba yenyu kwakandipedza; uye kushora kwavanokutukai kwakawira pamusoro pangu.
10 Panguva yokuchema kwangu nokutambudza mweya wangu ndichizvinyima, Ndakashorwa nokuda kwazvo.
11 Ndakaita masagawo kuva nguvo yangu; ndikava shumo kwavari.
12 Vanogara pasuwo vanondireva; uye ndakanga ndiri rwiyo rwezvidhakwa.
13 Asi kana ndirini, munyengetero wangu uri kwamuri, Jehovha, panguva yakafanira; Mwari, netsitsi dzenyu zhinji ndipindurei nokuponesa kwenyu kwakatendeka.
14 Ndirwirei munhope, ndirege kunyura; Ndirwirwe kuna vanondivenga, napamvura zhinji yakadzika.
15 Boporodzi remvura rirege kundikunda, Mvura yakadzika irege kundimedza, Gomba rirege kuzarira muromo waro pamusoro pangu.

16 Ndinzwei, Jehovha; nekuti unyoro bwenyu hwakanaka; Ringirai kwandiri nokuda kwetsitsi dzenyu zhinji.
17 Regai kuvanzira muranda wenyu chiso chenyu; nekuti ndiri pakutambudzika; kurumidzai kundipindura.
18 Swederai kumweya wangu, muudzikunure; Ndirwirei nokuda kwavavengi vangu.
19 Munoziva kushorwa kwangu, nokunyadzwa kwangu, nokuzvidzwa kwangu; Vadzivisi vangu vose vari pamberi penyu.
20 Kushora kwakaputsa moyo wangu; ndaremerwa kwazvo; ndakatsvaka vangandinzwira nyasha, asi kwakanga kusino munhu; uye ndakatsvaka vanyaradzi, asi handina kuwana nomumwe.
21 Vakandipawo nduru zvive zvokudya zvangu; uye panyota vakandipa vhiniga kuti ndimwe.
22 Tafura yavo ngaive musungo pamberi pavo;
23 Meso avo ngaapofumadzwe, kuti varege kuona; zviuno zvavo ngazvirambe zvichiguda-guda.
24 Dururai kutsamwa kwenyu pamusoro pavo, Hasha dzenyu dzinopfuta, ngadzivabate.
25 Ugaro hwavo ngahuparadzwe; ngakurege kuva nomunhu anogara mumatende avo.
26 nekuti vanotambudza uyo wamakarova; uye vanotaura nezvokuchema kwevaya vamakakuvadza.
27 Wedzerai zvakaipa pazvakaipa zvavo; Ngavarege kupinda pakururama kwenyu.
28 Ngavadzimwe parugwaro rwoupenyu, Varege kunyorwa pamwechete navakarurama.
29 Asi ini ndiri murombo, ndinorwadziwa; Kuponesa kwenyu, Mwari, ngakundiise pakakwirira.
30 Ndicharumbidza zita raMwari norwiyo, Ndichamukudza nokuvonga.
31 Izvi zvichafadza Jehovha kupfuura nzombe, kana hando ine nyanga namahwanda.
32 Vanyoro vachazviona vakafara; imwi munotsvaka Mwari moyo yenyu ngairarame.
33 nekuti Jehovha anonzwa varombo, haashori vasungwa vake.
34 Kudenga napasi ngazvimurumbidze, Makungwa, nezvose zvinopfakanyikamo.
35 nekuti Mwari achaponesa Ziyoni, nokuvaka maguta aJudha, Vachagaramo, ive nhaka yavo.
36 Ichava nhaka yavana vavaranda vake; Vanoda zita rake vachagaramo.

CHITSAUKO 70

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Kurumidzai, Mwari, kundirwira; kurumidzai kundibatsira, Jehovha.
2 Ngavanyadziswe, ngavazvidzwe ivo vanotsvaka mweya wangu; Ngavadzoserwe shure, vashorwe ivo vanoda kundikuvadza.
3 Ngavadzoserwe shure nokuda kwenyadzi dzavo ivo vanoti, Hekani, hekani waro!
4 Vose vanokutsvakai ngavafare vave nomufaro mamuri; vanoda kuponesa kwenyu ngavarambe vachiti, Mwari ngaakudzwe!
5 Asi ini ndiri murombo nomushaiwi; kurumidzai kuuya kwandiri, Mwari; imwi muri mubatsiri wangu nomurwiri wangu; Haiwa Jehovha, regai kunonoka.

CHITSAUKO 71

1 Jehovha, ndinovimba nemi; Ngandirege kutongonyadziswa.
2 Ndirwirei mukururama kwenyu, ndirwirei; Rerekerai nzeve yenyu kwandiri, mundiponese.
3 Ivai hugaro hwangu hwakasimba, kwandingaramba ndichienda; Makaraira kuti ndirwirwe; nekuti ndimi dombo rangu nenhare yangu.
4 Ndirwirei, Mwari wangu, paruoko rwowakaipa, Paruoko rwousina kururama nomunhu anomanikidza.
5 nekuti imi, Ishe Jehovha, muri tariro yangu; Ndimi wandinovimba naye kubva pauduku hwangu.
6 Ndakatsigirwa nemwi kubva pachizvaro; Ndimi makandibudisa mudumbu ramai vangu; Kurumbidzwa kwangu kunobva kwamuri nguva dzose.
7 Ndiri chishamiso kuna vazhinji; Asi imi muri utiziro hwangu hwakasimba.
8 Muromo wangu ngauzadzwe nerumbidzo yenyu, Nekudzo yenyu zuva rose.
9 Regai kundirasha panguva yokukwegura kwangu; regai kundisiya kana simba rangu rapera.
10 nekuti vavengi vangu vanondireva; uye vanogarira mweya wangu vanorangana pamwe chete.
11 Vachiti, Mwari amusiya; Teverai, mumubate; nekuti hakuna ungamurwira.
12 Mwari, regai kuva kure neni; Mwari wangu, kurumidzai kundibatsira.
13 Avo vanodzivisa mweya wangu ngavanyadziswe vapere; Vanotsvaka kundikuvadza ngavafukidzwe nokushorwa nokuzvidzwa.
14 Asi ini ndicharamba ndichitarira, Ndicharamba ndichiwedzera kukurumbidzai.
15 Muromo wangu uchareva kururama kwenyu, nokuponesa kwenyu zuva rose; nekuti handizivi kuwanda kwazvo.
16 Ndichaenda nesimba raIshe Jehovha; Ndichaparidza kururama kwenyu, iko kwenyu koga.
17 Mwari, makandidzidzisa kubva pauduku hwangu; Kusvikira zvino ndadudzira mabasa enyu anoshamisa.
18 Haiwa, kusvikira ndakwegura ndachena vhudzi, Mwari regai kundisiya; kusvikira ndaratidza simba renyu kurudzi urwu, nesimba renyu kune umwe neumwe unozouya.
19 Kururama kwenyuwo, Mwari, kuri kumusoro-soro; Iyemi makaita zvinhu zvikuru, Mwari, ndianiko akafanana nemi?
20 imwi makandiratidza matambudziko makuru anorwadza, muchandiraramisazve, uye muchandibudisazve pakadzika penyika.
21 Wedzerai hukuru hwangu, Nokundinyaradza pamativi ose.
22 Ndichakurumbidzaiwo nemitengeramwa, Naiyo chokwadi chenyu, Mwari wangu; Ndichakuimbirai imwi nembira, imwi Mutsvene waIsiraeri.
23 Miromo yangu ichafara kwazvo kana ndichikuimbirai nziyo dzokurumbidza; nomweya wangu wamakadzikunura.
24 Rurimi rwanguvo ruchataura zuva rose zvokururama kwenyu, nekuti vanotsvaka kundikuvadza vanyadziswa, vazvidzwa.

CHITSAUKO 72

1 (Pisarema raSoromoni.) Ipai mambo zvamakatonga, Mwari, Nokururama kwenyu kumwanakomana wamambo.
2 Achatonga vanhu venyu nokururama, Navarombo venyu nokururamisira.
3 Makomo achavigira vanhu rugare, Nezvikomo, nokururama.
4 Achatongera varombo vavanhu, achaponesa vana vavashaiwi, nokupwanya mumanikidzi.
5 Vachakutyai kana zuva richipo, Uye kana mwedzi uchipo, kusvikira kumarudzi namarudzi.
6 Achaburuka semvura pauswa hwakagurirwa; Semvura inopfunha inodiridza pasi.
7 Nemisi yake wakarurama uchakura zvakanaka; rugare rwakawanda rwuchavapo kusvikira mwedzi waguma.
8 Achabata ushe kubva pagungwa kusvikira pagungwa, Nokubva paRwizi kusvikira kumigumo yapasi.
9 Vagere murenje vachapfugama pamberi pake; vavengi vake vachananzva guruva.
10 Madzimambo eTarishishi neezviwi achauya nezvipo; madzimambo eShebha neSebha vachauya nezvipo.
11 Zvirokwazvo, madzimambo ose achawira pasi pamberi pake; Ndudzi dzose dzichamushumira.
12 nekuti acharwira mushaiwi kana achidanidzira; Murombowo naiye asina mubatsiri.
13 Achanzwira tsitsi murombo neanoshayiwa, uye achaponesa mweya yevanoshayiwa.
14 Achadzikunura mweya yavo pakunyengera napakumanikidzwa; Ropa ravo richava chinhu chinokosha pamberi pake.
15 Iye achararama, achapiwa ndarama yeShebha; iye achamunyengetererawo nguva dzose; uye acharumbidzwa zuva rimwe nerimwe.
16 Kuchava nezviyo zvizhinji pasi pamusoro pamakomo; michero yawo ichazununguka seRebhanoni; vanogara muguta vachakura souswa hwenyika.
17 Zita rake ngarigare nokusingaperi; Zita rake richagara riripo panguva yose yokuvapo kwezuva; Vanhu vacharopafadzwa maari; Ndudzi dzose dzichati, Anomufaro.
18 Jehovha Mwari, iye Mwari waIsiraeri, ngaarumbidzwe, Iye oga anoita zvinoshamisa.
19 Zita rake rinobwinya ngarirumbidzwe nokusingaperi; pasi pose ngapazadzwe nokubwinya kwake; Ameni, uye Ameni.
20 Minyengetero yaDhavhidhi mwanakomana waJese yapera.

CHITSAUKO 73

1 Pisarema raAsafi. Zvirokwazvo Mwari anoitira Isiraeri zvakanaka, Ivo vane moyo yakachena.
2 Asi kana ndirini, tsoka dzangu dzakanga dzotsauka; tsoka dzangu dzakanga dzotedzemuka.
3 Nokuti ndakanga ndichigodora vana manyawi, Pakuona kwangu kufara kwavakaipa.
4 nekuti havatambudziki pakufa kwavo; Asi simba ravo rakasimba.
5 Havana njodzi savamwe vanhu; uye havatambudzwi savamwe vanhu.
6 Saka kuzvikudza kwavo kwakafanana noruketani pavari; kumanikidza kunovafukidza senguvo.
7 Meso avo anobuda nokukora, Zvavanofunga pamoyo yavo;
8 Vanoseka, vachireva pakuipa kwavo zvinomanikidza vamwe; Vanotaura vachizvikudza.
9 Vakataurira kudenga nemiromo yavo, Ndimi dzavo dzinofamba-famba pasi.
10 Saka vanhu vake vanodzokera ikoko; Vanosvinirwa mvura zhinji, mukombe uzere.
11 Zvino vanoti, Mwari ungaziva seiko? Wekumusoro-soro ane ruzivo here?
12 Tarirai, ndivo vakaipa, vanofara panyika; vanowedzera fuma.
13 Zvirokwazvo ndakanatsa moyo wangu pasina, Nokushambidza maoko angu ndisina mhosva;
14 nekuti ndakatambudzwa zuva rose, Ndakarangwa mangwanani ose.
15 Kana ndikati, ndichataura kudai; Tarirai, ndingadai ndakatadzira rudzi rwavana venyu.
16 Zvino ndakati ndizvizive, zvakandiremera kwazvo;
17 Kusvikira ndapinda panzvimbo tsvene yaMwari; ndakabva ndanzwisisa magumo avo.
18 Zvirokwazvo munovaisa panotedza; Munovawisira pasi kuti vaparadzwe.
19 Haiwa, vanoparadzwa seiko kamwe kamwe! vakapedzwa chose nezvinotyisa.
20 Sezvakarotwa, kana munhu apepuka; saizvozvo, Ishe, muchashora mufananidzo wavo, kana muchimuka.
21 Naizvozvo moyo wangu wakashungurudzika, uye ndakabayiwa patsvo dzangu.
22 Ndakanga ndiri benzi, ndisingazivi chinhu; Ndakanga ndakafanana nemhuka pamberi penyu.
23 Kunyange zvakadaro ndinoramba ndinemwi; Makandibata noruoko rwangu rworudyi.
24 Muchandiperekedza nezano renyu, Ndokuzondigamuchira pakubwinya.
25 Ndianiko kudenga, kana musimi? uye panyika hapana wandinoda kunze kwenyu.
26 Nyama yangu nomoyo wangu zvinopera; Asi Mwari isimba romoyo wangu nomugove wangu nokusingaperi.
27 nekuti tarirai, vari kure nemi vachapera; Makaparadza vose vakakusiyai noupombwe hwavo.
28 Asi kuswedera pedo naye ndizvo zvinondifadza; Ishe Jehovha ndakamuita nhare yangu, Kuti ndiparidze mabasa enyu ose.

CHITSAUKO 74

1 (Maskiri raAsafi.) Haiwa Mwari, makatirashireiko nokusingaperi? Hasha dzenyu dzinopfungairira makwai amafuro enyu neiko?
2 Rangarirai ungano yenyu yamakatenga kare; ndiyo tsvimbo yenhaka yako yawakadzikunura; Gomo reZiyoni pamakanga mugere.
3 Simudzira tsoka dzako kune zvakaparadzwa zvinosingaperi; zvose zvakaitwa navavengi panzvimbo tsvene.
4 Vavengi venyu vakanduruma pakati peungano dzenyu; vakamisa mireza yavo zvive zviratidzo.
5 Mumwe murume akanga ane mukurumbira saizvozvi akasimudza masanhu mumiti mikobvu.

6 Asi zvino zvose zvakavezwa zvayo Vanozviputsa vachizviputsa nematemo nenyundo.
7 Vakakanda moto panzvimbo yenyu tsvene, vakasvibisa ugaro bwezita renyu vachihuputsira pasi.
8 Vakati mumoyo mavo, Ngativaparadze pamwechete; vakapisa masinagoge ose aMwari panyika.
9 Hatichaoni zviratidzo zvedu; Hapachina muporofita; Pakati pedu hapana munhu anoziva kuti kusvikira rinhiko.
10 Haiwa Mwari, mudzivisi, achashora kusvikira rinhiko? Muvengi acharamba achimhura zita renyu nokusingaperi here?
11 Munodzoserereiko ruoko rwenyu, irwo ruoko rwenyu rworudyi? Uhubvise pachipfuva chako.
12 Nokuti Mwari ndiye Mambo wangu kubva kare, Iye anoita ruponeso pakati penyika.
13 Makapamura gungwa nesimba renyu; Makaputsa misoro yezvikara mumvura.
14 Makaputsanya misoro yengwena, mukaipa kuti ive zvokudya zvavanhu vakanga vagere murenje.
15 Makapamura tsime neboporodzi; Makapwisa nzizi huru.
16 Masikati ndeenyu, nousiku ndobwenyuwo; ndimi makagadzira chiedza nezuva.
17 Ndimi makatara miganho yose yapasi; Ndimi makaita zhizha nechando.
18 Rangarirai chinhu ichi, kuti muvengi akakuzvidzai, Jehovha, Uye kuti rudzi rwamapenzi rwakamhura zita renyu.
19 Regai kuisa mweya wenjiva yenyu pakuwanda kwavakaipa; regai kukangamwa nokusingaperi ungano yavarombo.
20 Rangarirai sungano, nekuti nzvimbo dzine rima dzapasi dzizere nougaro hwevamanikidzi.
21 Haiwa, vanomanikidzwa ngavarege kudzoka vachinyara; Varombo navanoshayiwa ngavarumbidze zita renyu.
22 Simukai Mwari, muzvireverere mhaka yenyu; Rangarirai kuzvidzwa kwenyu nebenzi zuva rimwe nerimwe.
23 Regai kukangamwa inzwi ravavengi venyu; Bope ravanokumukirai rinogara richiwanda.

CHITSAUKO 75

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raAsafi.) Tinokuvongai, imi Mwari, tinokuvongai, nokuti zita renyu riri pedyo namabasa enyu anoshamisa.
2 Kana ndichiwana ungano, ndichatonga zvakarurama;
3 Pasi pose panyauka navose vagerepo; Ndini ndakamisa mbiru dzayo. Sera.
4 Ndakati kumapenzi, Regai kuita zvoupenzi; nokuna vakaipa, Regai kusimudza runyanga;
5 Regai kusimudza runyanga rwenyu kudenga; regai kutaura nomutsipa mukukutu.
6 nekuti kukudzwa hakubvi kumabudazuva, kana kumavirira, kana kuzasi.
7 Asi Mwari ndiye mutongi; Anoninipisa mumwe achikudza mumwe.
8 Nokuti muruoko rwaJehovha mune mukombe, uye waini yakatsvuka; rizere nezvakavhenganiswa; uye anodurura mamwe acho, asi masese awo, vose vakaipa venyika vachaapwanya nokuanwa.
9 Asi ini ndichaparidza nokusingaperi; ndichaimbira Mwari waJakobho nziyo dzokurumbidza.
10 Nyanga dzose dzavakaipa ndichadzigura; Asi nyanga dzavakarurama dzichasimudzwa.

CHITSAUKO 76

1 Kumutungamiriri wokuimba. Neginoti. Pisarema raAsafi. MuJudha Mwari anozivikanwa; Zita rake iguru pakati paIsiraeri.
2 PaSaremiwo ndipo pane tabhenakeri yake, Nougaro hwake paZiyoni.
3 Ndipo paakavhuna miseve youta, nenhovo, nomunondo, nokurwa. Sera.
4 imwi munokubwinya, makanaka kwazvo, Kupfuura makomo ezvakapambwa.
5 Vane simba vakapambwa, vakavata hope dzavo, uye hakuna mumwe wavarume vane simba akawana maoko ake.
6 Pakutuka kwenyu, Mwari waJakove, zvose ngoro nebhiza zvinobatwa nehope dzorufu.
7 Imwi, iyemi, munofanira kutyiwa; Ndianiko angamira pamberi penyu kana matsamwa?
8 Makanzwisa kutonga kwenyu kuchibva kudenga; nyika yakatya ikanyarara;
9 Panguva yokumuka kwaMwari kuzotonga, Kuti aponese vanyoro vose vapasi. Sera.
10 Zvirokwazvo, kutsamwa kwavanhu kuchakurumbidzai; Muchadzora pahasha dzakasara.
11 Pikai, muripire Jehovha Mwari wenyu; Vose vakamupoteredza ngavauye nezvipo kuna iye anofanira kutyiwa;
12 Iye achagura mweya yamachinda; Anotyisa madzimambo enyika.

CHITSAUKO 77

1 Kumutungamiriri wokuimba, kuna Jedhutuni. Pisarema raAsafi. Ndakadana kuna Mwari nenzwi rangu, Kuna Mwari nenzwi rangu; akateerera kwandiri.
2 Pazuva rokutambudzika kwangu ndakatsvaka Ishe; Ruoko rwangu rwakanga rwakatambanudzwa usiku, ndisingaregi; Mweya wangu wakaramba kunyaradzwa.
3 Ndinorangarira Mwari, ndokutambudzika; Ndinofungisisa, mweya wangu ndokuziya. Sera.
4 Hamutenderi meso angu kutsinzina; Ndinotambudzika, handigoni kutaura.
5 Ndakarangarira mazuva ekare, Makore enguva dzakare-kare.
6 Ndinozviyeudzira kuimba kwangu pakati pousiku; Ndinotaurirana nomoyo wangu; Mweya wangu wakanzvera kwazvo.
7 Ko Ishe angarasha nokusingaperi? zvino haangazonzwiri tsitsi here?
8 Ko tsitsi dzake dzaenda chose nokusingaperi? Chipikirwa chake chakakona nokusingaperi here?
9 Ko Mwari akangamwa kuva nenyasha? Apfigira tsitsi dzake nyoro pakutsamwa kwake here? Sera.
10 Ipapo ndakati, Ndihwo utera hwangu, Asi ndicharangarira makore oruoko rworudyi rweWekumusoro-soro.
11 Ndichareva zvakaitwa naJehovha; Zvirokwazvo ndicharangarira zvishamiso zvenyu zvakare.

12 Ndichafungisisawo basa renyu rose, Nokurangarira zvamakaita.
13 Nzira yenyu, Mwari, iri panzvimbo tsvene; Ndianiko mwari mukuru, akafanana naiye Mwari?
14 Ndimi Mwari anoita zvishamiso; Makaratidza simba renyu pakati pavanhu.
15 Makadzikunura vanhu venyu noruoko rwenyu, Ivo vanakomana vaJakove naJosefa. Sera.
16 Mvura zhinji yakakuonai, Mwari; Pakadzika pakabvunda.
17 Makore akadurura mvura; Denga rose rakabudisa inzwi; Miseve yenyu yakapfuura kunze.
18 inzwi rokutinhira kwenyu rakanga riri kudenga; Mheni dzakavhenekera nyika; Pasi pakabvunda nokuzununguka.
19 Kufamba kwenyu kwakanga kuri mugungwa, Nenzira dzenyu mumvura zhinji-zhinji, Makwara enyu akanga asingazikamwi.
20 Makafambisa vanhu venyu seboka ramakwai, Noruoko rwaMozisi naAroni.

CHITSAUKO 78

1 Inzwai murayiro wangu, imwi vanhu vangu; Rerekerai nzeve dzenyu munzwe mashoko omuromo wangu.
2 Ndichashamisa muromo wangu nditaure nomufananidzo;
3 Zvatakanzwa nezvatakaziva, Nezvatakaudzwa namadzibaba edu.
4 Hatingazvivanziri vana vavo, Asi tichaudza rudzi runotevera mabasa angarumbidzwa aJehovha, Nesimba rake, namabasa ake, anoshamisa, aakaita.
5 Nokuti akasimbisa chipupuriro pakati paJakobho, akatema murayiro pakati paIsiraeri, waakaraira madzibaba edu, kuti vauzivise vana vavo;
6 Kuti rudzi runotevera ruzvizive, ivo vana vachazoberekwa; ivo vanofanira kusimuka vachiudza vana vavo;
7 Kuti vaise tariro yavo kuna Mwari, varege kukanganwa mabasa aMwari, asi vachengete mirairo yake;
8 Varege kufanana namadzibaba avo, Rwakanga ruri rudzi rusingateereri, rwakamukira Mwari; rudzi rwakaramba kururamisa moyo yavo, mweya yavo yakanga isina kutendeka kuna Mwari.
9 Vana vaEfuraimu, kunyange vakanga vakashonga nhumbi dzokurwa nouta, Vakadzokera shure pazuva rokurwa.
10 Havana kuchengeta sungano yaMwari, Vakaramba kufamba nomurayiro wake;
11 Vakakangamwa mabasa ake, Nezvishamiso zvaakavaratidza.
12 Wakaita zvinhu zvinoshamisa pamberi pamadzibaba avo, Panyika yeEgipita, pasango reZoani.
13 Wakapamura gungwa, akavayambusa; akaita kuti mvura imire yakaita murwi.
14 Masikatiwo wakavafambisa negore, Nousiku hwose nechiedza chomoto.
15 Wakapamura matombo murenje, Akavamwisa sapamvura inobva pakadzika.
16 Akabudisawo hova dzemvura padombo, Akayererisa mvura zhinji yakaita senzizi.
17 Asi vakaramba vachimutadzira, Nokumukira Wekumusoro-soro murenje.
18 Vakaidza Mwari mumoyo mavo vachikumbira zvokudya zvavakanga vachidawo.
19 Hongu, vakapokana naMwari; Vakati, Mwari angatigadzirira chokudya murenje here?
20 Tarirai, akarova dombo, mvura zhinji ikadzutuka, Hova dzakayerera; Anogona kupawo chingwa here? Angavigira vanhu vake nyama here?
21 Naizvozvo Jehovha akanzwa, akatsamwa, moto ukaveserwa Jakove, kutsamwa kukamukira Isiraeri;
22 Nokuti havana kutenda Mwari, uye havana kuvimba noruponeso rwake.
23 Kunyange akaraira makore ari kumusoro, Akazarura mikova yokudenga;
24 Akanisa mana*pamusoro pavo kuti vadye, Akavapa zviyo zvokudenga.
25 Vanhu vakadya zvokudya zvavatumwa; Akavatumira zvokudya kusvikira vaguta.
26 Akabudisa mhepo yakabva mabvazuva, ikarira kudenga, Akafambisa mhepo yakabva zasi nesimba rake.
27 Akanisawo nyama pamusoro pavo seguruva, Neshiri, dzina mapapiro, sejecha regungwa;
28 Akazviwisira pakati pemisasa yavo, kumativi ose okugara kwavo;
29 Ipapo vakadya, vakaguta kwazvo; nekuti wakavapa zvavakanga vachida;
30 Vakanga vasina kuparadzaniswa nokuchiva kwavo. Asi nyama yavo ichiri mumiromo yavo.
31 Kutsamwa kwaMwari kwakavamukira, akauraya vakakoresa pakati pavo, akaparadza majaya valsiraeri.
32 Kunyange zvakadaro vakaramba vachitadza, vakasatenda mabasa ake aishamisa.
33 Saka akapedza mazuva avo panezvisina maturo, Namakore avo panezvisina maturo.
34 Zvino akati achivauraya, ipapo vakamutsvaka; vakakurumidza kubvunza Mwari.
35 Vakarangarira kuti Mwari ndiye dombo ravo, NaMwari Wokumusoro-soro mudzikunuri wavo.
36 Kunyange zvakadaro vakamubata kumeso nemiromo yavo, Vakamurevera nhema nendimi dzavo.
37 Nekuti moyo yavo yakanga isina kururama kwaari, Uye vakanga vasina kutendeka pasungano yake.
38 Asi iye, zvaakanga ane nyasha huru, akavakangamwira kuipa kwavo, akasavaparadza; Zvirokwazvo, kazhinji akadzora kutsamwa kwake, akasamutsa hasha dzake dzose.
39 Akarangarira kuti vakanga vari nyama chete; mhepo inopfuura isingadzokizve.
40 Vakamumukira murenje kazhinji sei, Nokumunzwisa shungu mugwenga!
41 Zvirokwazvo, vakadzoka, vakaidza Mwari, vakadzivisa Mutsvene waIsiraeri.
42 Havana kurangarira ruoko rwake, Kana zuva raakavarwira pamuvengi.
43 Zvaakaita zviratidzo zvake paEgipita, Nezvishamiso zvake pasango reZoani.
44 Akashandura nzizi dzavo dzikava ropa; nehova dzavo, vakakoniwa kumwa mvura yadzo.
45 Akatuma pakati pavo mapupira enhunzi, dzakavaruma; nematatya, akavaparadza.
46 Zvibereko zvavo wakazvipa mhunduru, Zvavakabatira akazvipa mhashu.
47 Akaparadza mizambiringa yavo nechimvuramabwe, Nemionde yavo nechando.

48 Mombe dzavo akadziisawo pachimvuramabwe, Zvipfuwo zvavo akazviisa pamheni.
49 Akatuma pakati pavo kutsamwa kwake kukuru, Nehasha neshungu nokutambudza, Nokutumira vatumwa vakaipa pakati pavo.
50 Akagadzirira kutsamwa kwake nzira; haana kurega mweya wavo parufu, asi akaisa upenyu hwavo kuhosha;
51 Akarova matangwe ose paEgipita; mukuru wesimba ravo pamatende aHamu;
52 Asi akabudisa vanhu vake samakwai, Akavaperekedza murenje seboka rezvipfuwo.
53 Akavafambisa vakafara, vakasatya; asi gungwa rakafukidza vavengi vavo.
54 Akavasvitsa panyika yake tsvene, pagomo iri, raakatenga noruoko rwake rworudyi.
55 Akadzingawo vahedheni pamberi pavo, Akavagovera ivo nhaka yavo nerwonzi, akagarisa marudzi alsiraeri pamatende avo.
56 Kunyange zvakadaro vakaidza Mwari Wekumusoro-soro, vakamumukira, Vakasachengeta zvipupuriro zvake.
57 Asi vadzoka, vakaita zvinodarika madzibaba avo; vakatsauka souta hunonyengera.
58 Nekuti vakamutsa kutsamwa kwake namatunhu avo akakwirira, Vakamutsa godo rake nemifananidzo yavo yakavezwa.
59 Mwari akati anzwa, akatsamwa, akavenga Isiraeri kwazvo-kwazvo.
60 Akabva patabhenakeri yeShiro, Tende raakanga akaisa pakati pavanhu;
61 Akaisa simba rake mukutapwa, Nokubwinya kwake muruoko rwomuvengi.
62 Vanhu vake wakavaisawo kumunondo; Akatsamwira nhaka yake.
63 Moto wakapedza majaya avo; uye mhandara dzavo hadzina kuroorwa.
64 Vapristi vavo vakaurawa nomunondo; uye chirikadzi dzavo hadzina kuchema.
65 Ipapo Ishe akapepuka somunhu akanga avete, Semhare inoridza mhere nokuda kwewaini.
66 Akarova vavengi vake, vakadzokera shure, Akavanyadzisa zvisingaperi.
67 Akarambawo tabhenakeri yaJosefa, Akasanangura rudzi rwaEfuremu.
68 Asi akasanangura rudzi rwaJudha, Negomo reZiyoni raakanga achida.
69 Akavaka nzvimbo yake tsvene senhare dzakakwirira, senyika yaakateya nokusingaperi.
70 Akasanangurawo Dhavhidhi muranda wake, akamutora pamatanga amakwai;
71 Akandomutora pakufudza matunzvi aimwisa, Kuti afudze Jakove vanhu vake, naIsiraeri nhaka yake.
72 Naizvozvo akavafudza nokururama komoyo wake; uye akavatungamirira nenjere dzamaoko ake.

CHITSAUKO 79

1 (Pisarema raAsafi.) Haiwa Mwari, vahedheni vakapinda panhaka yenyu; vakasvibisa temberi yenyu tsvene; Jerusarema vakariita mirwi.
2 Zvitunha zvavaranda venyu vakazvipa shiri dzokudenga zvive zvokudya zvadzo, nenyama yavatsvene venyu nezvikara zvenyika.
3 Vakateura ropa ravo pose-pose paJerusaremu semvura; uye kwakange kusina munhu wavaviga.
4 Tava chinhu chinoshorwa navatigere navo, Chinhu chinozvidzwa nechinosekwa navakatipoteredza.
5 Kusvikira riniko, Jehovha? Ucharamba wakatsamwa nokusingaperi here? godo renyu richapfuta somoto here?
6 Dururai hasha dzenyu pamusoro pavahedheni vasingakuziviyi, napamusoro poushe huzhinji, husingadi zita renyu.
7 nekuti vakapedza Jakove, Vakaparadza ugaro hwake.
8 Regai kurangarira pamusoro pedu zvakaipa zvekare; tsitsi dzenyu ngadzikurumidze kutiwira, nekuti taneta kwazvo.
9 Tibatsirei, Mwari muponesi wedu, nokuda komukurumbira wezita renyu; mutirwire, mutikangamwire zvivi zvedu nokuda kwezita renyu.
10 Vahedheni vacharevereiko, vachiti, Mwari wavo aripiko? Ngaazikanwe pakati pavahedheni pamberi pedu, nokutsiva kweropa ravaranda venyu, rakateurwa.
11 Kugomera komusungwa ngakusvike pamberi penyu; noukuru bwesimba renyu chengetai vakatemerwa rufu;
12 Mutsivire vavakidzani vedu kanomwe pachipfuva chavo. Kushora kwavakakutukai nako, Jehovha.
13 Naizvozvo isu vanhu venyu, namakwai amafuro enyu, tichakuvongai nokusingaperi, Tichaparidza kurumbidzwa kwenyu kumarudzi namarudzi.

CHITSAUKO 80

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raAsafi. Teererai, Mufudzi waIsiraeri, Imi munotungamirira Josefa seboka rezvipfuwo; iwe ugere pakati pamakerubhi, penya.
2 Mutsai simba renyu pamberi paEfuremu naBhenjamini naManase, muuye mutiponese.
3 Tidzoreizve, Mwari, penyesai chiso chenyu; uye isu tichaponeswa.
4 Jehovha, Mwari wehondo, Muchatsamwira munyengetero wavanhu venyu kusvikira rinhiko?
5 Munovadyisa chingwa chemisodzi; uye anovamwisa misodzi yakawanda kwazvo.
6 Munotiita chinhu chinoitirwa nharo navatigere navo; Vavengi vedu vanotiseka pakati pavo.
7 Tidzosei, Mwari wehondo, penyesai chiso chenyu; uye isu tichaponeswa.
8 Makandotora muzambiringa paEgipita; Makadzinga vahedheni, mukausima.
9 Makaugadzirira nzvimbo, mukaudzika midzi, ikazara nyika.
10 Makomo akafukidzwa nomumvuri wawo, nemisidhari yakanaka namatavi awo.
11 Wakatandisa matavi awo kusvikira pagungwa, Namashizha awo kusvikira kurwizi.
12 Makaputsireiko mhanda dzawo, Kuti vose vanopfuura nenzira vautanhe?
13 Nguruve yomudondo inouparadza, Mhuka dzesango dzinoudya.
14 Dzokai henyu, Mwari wehondo, Tarirai pasi muri kudenga, muone, muve nehanya nomuzambiringa uyu;
15 nomunda wemizambiringa, wakasimwa noruoko rwenyu rworudyi, Nedavi ramakazvirerera.
16 Wapiswa nomoto, watemwa; vanopera nokutuka kwechiso chenyu.

17 Ruoko rwenyu ngaruve pamusoro pomunhu woruoko rwenyu rworudyi, Pamusoro poMwanakomana womunhu, wamakazvirerera.
18 Naizvozvo hatingazobvi kwamuri; Tiraramisei isu, tigodana zita renyu.
19 Tidzosereizve, Jehovha, Mwari wehondo, penyesai chiso chenyu; uye isu tichaponeswa.

CHITSAUKO 81

1 Imbirai Mwari kwazvo, iye simba redu; Pururudzai kuna Mwari waJakove.
2 Vambai rwiyo, muridze ngoma, Nembira dzinonakidza nomutengeramwa.
3 Ridzai hwamanda pakugara komwedzi, panguva yakatarwa, pamutambo wedu wakatarwa.
4 nekuti ndizvo zvakatemerwa Isiraeri, Nomurayiro waMwari waJakove.
5 Ndizvo zvaakatema muna Josefa kuti chive chipupuriro, Panguva yaakandogura nyika yeEgipita; Pandakanzwa rurimi rwandakanga ndisingazivi.
6 Ndakabvisa mutoro pafudzi rake; Maoko ake akasunungurwa pahari.
7 Iwe wakadana pakutambudzika, ndikakurwira; Ndakakupindura ndiri pakavanda pakutinhira; Ndakakuidza pamvura zhinji yeMeribha. Sera.
8 Inzwai vanhu vangu, ndikupupurirei; Isiraeri, dai waida hako kunditeerera;
9 Ngakurege kuvapo pakati penyu mwari wokumwe; uye musanamata kunomumwe mwari wokumwe.
10 Ndini Jehovha Mwari wako, wakakubudisa panyika yeEgipita; Shamisa muromo wako kwazvo, ndigouzadza.
11 Asi vanhu vangu vakaramba kuteerera inzwi rangu; Isiraeri wakandiramba.
12 Saka ndakavaregera pakuchiva kwemoyo yavo, Kuti vafambe namano avo.
13 Haiwa, dai vanhu vangu vainditeerera havo, Isiraeri aifamba nenzira dzangu!
14 Ndingadai ndakakurumidza kukunda vavengi vavo, Nokurova vadzivisi vavo noruoko rwangu.
15 Vanovenga Jehovha vaizviisa pasi pake; Asi nguva yavo yaivapo nokusingaperi.
16 Anofanira kuvadyisawo zviyo zvakaisvonaka; Ndaikugutsa nohuchi hunobva padombo.

CHITSAUKO 82

1 (Pisarema raAsafi.) Mwari anomira paungano yavane simba; anotonga pakati pavamwari.
2 Muchatonga zvisina kururama kusvikira rinhiko, Muchisanangura vanhu vakaipa? Sera.
3 Tongerai mhaka dzavarombo nenherera; Ruramisirai varombo navanoshayiwa.
4 Sunungurai varombo navashaiwi; Muvabvise paruoko rwowakaipa.
5 Havazivi, kana kunzwisisa; Vanofamba murima; Nheyo dzose dzapasi dzinozununguka.
6 Ndakati, Muri vamwari; imi mose muri vanakomana voWokumusoro-soro.
7 Asi muchafa savanhu, Muchafa somumwe wamachinda.
8 Simukai Mwari, mutongere pasi; nekuti ndudzi dzose dzichava nhaka yenyu.

CHITSAUKO 83

1 Pisarema raAsafi. Regai kunyarara, Mwari; regai kunyarara, uye regai kunyarara, imi Mwari.
2 nekuti tarirai, vavengi venyu vanoita bope; Vanokuvengai vakasimudza misoro.
3 Vakarangana mano pamusoro pavanhu venyu, vakarangana pamusoro pavakavanzwa venyu.
4 Vakati, Uyai, tivaparadze, varege kuzova rudzi; kuti zita raIsiraeri rirege kuzorangarirwa;
5 Nokuti vakarangana nomoyo mumwe, vanoita sungano kuzorwa nemi;
6 Matende aEdhomu, navaIshimaeri; vaMoabhu, navaHagari;
7 naGebhari, naAmoni, naAmareki; vaFirisitia pamwechete navagere Tire;
8 Asiriawo wakasangana navo; vakabatsira vana vaRoti. Sera.
9 Muvaitire sezvamakaitira vaMidhiani; Sisera, naJabhini, parukova Kishoni;
10 Ivo vakaparadzwa paEndori; Vakava mupfudze wapasi.
11 Itai vakuru vavo saOrebhi, naZeebhi; zvirokwazvo machinda avo ose saZebha, naZarimuna;
12 Ivo vakati, Ngatizvitorere dzimba dzaMwari dzive dzedu.
13 Mwari wangu, vaitei sevhiri; sehundi pamberi pemhepo.
14 Somoto unopisa huni, uye somurazvo womoto unopisa makomo;
15 Muvateverere nechamupupuri chenyu, Muvavhunduse nechamupupuri chenyu.
16 Zadzai zviso zvavo nokunyadziswa; kuti vatsvake zita renyu, Jehovha.
17 Ngavanyadziswe, vavhunduswe nokusingaperi; zvirokwazvo, ngavanyadziswe vafe;
18 Kuti vanhu vazive kuti imwi moga, imwi munezita rinonzi Jehovha, Ndimi Wekumusoro-soro kumusoro kwapasi pose.

CHITSAUKO 84

1 Kumutungamiriri wokuimba paGititi, Pisarema ravanakomana vaKora. Ugaro bwenyu hunodikamwa sei, Jehovha wehondo!
2 Mweya wangu unopanga, zvirokwazvo unopanga vazhe dzaJehovha; moyo wangu nenyama yangu zvinodana kuna Mwari mupenyu.
3 Zvirokwazvo, shiri yakazviwanira imba, Nyenganyenga yakazviwanira dendere, painoisa vana vayo, Ipo paaritari dzenyu, Jehovha wehondo, Mambo wangu, naMwari wangu.
4 Vakaropafadzwa vanogara mumba menyu; Vacharamba vachikurumbidzai. Sera.
5 Akaropafadzwa munhu ane simba rake mamuri; Mumoyo mavo mune nzira dzadzo.
6 Kana vachipfuura nomumupata wakaoma, vanouita tsime; mvura inozadzawo madziva.
7 Vanowedzera simba pasimba, mumwe nomumwe wavo anosvika pamberi paMwari paZiyoni.
8 Jehovha, Mwari wehondo, inzwa munyengetero wangu; rerekerai nzeve yenyu, Mwari waJakove. Sera.
9 Tarirai, Mwari, nhovo yedu, Muone chiso chomuzodzwa wenyu.

10 nekuti zuva rimwe pavazhe dzenyu rinokunda mamwe ane chiuru pakunaka. Zviri nani kuti ndive murindi wemukova mumba maMwari wangu, pakuti ndigare pamatende ezvakaipa.
11 nekuti Jehovha Mwari izuva nenhovo; Jehovha achapa nyasha nokukudzwa; hapana chinhu chakanaka chaanganyima vanofamba nokururama.
12 Jehovha wehondo, akaropafadzwa munhu anovimba nemi.

CHITSAUKO 85

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema ravanakomana vaKora. Jehovha, makafarira nyika yenyu; makadzosa kutapwa kwaJakove.
2 Makakangamwira kutadza kwavanhu venyu, Makafukidza zvivi zvavo zvose. Sera.
3 Makabvisa kutsamwa kwenyu kose; Makazvidzora pahasha dzenyu dzakanyanya.
4 Tidzosei, Mwari muponesi wedu, Gumisai hasha dzenyu kwatiri.
5 Ko mucharamba makatitsamwira nokusingaperi? Muchasvitsa kutsamwa kwenyu kumarudzi namarudzi here?
6 imwi hamungatiraramisizve here, Kuti vanhu venyu vafare nemi?
7 Tiratidzei tsitsi dzenyu, Jehovha, uye mutipewo ruponeso rwenyu.
8 Ndichanzwa zvichataura Mwari Jehovha; nekuti achataura rugare kuvanhu vake nokuvatsvene vake; Asi ngavarege kudzokerazve kuupenzi.
9 Zvirokwazvo kuponesa kwake kuri pedo navanomutya; kuti kubwinya kugare munyika yedu.
10 Tsitsi nechokwadi zvakasangana; kururama norugare zvakasvetana.
11 Chokwadi chichamera pasi; uye kururama kunotarira pasi kuri kudenga.
12 Zvirokwazvo, Jehovha uchapa zvinhu zvakanaka; nenyika yedu ichabereka zvibereko zvayo.
13 Kururama kuchamutungamirira; uye achatitungamirira munzira yetsoka dzake.

CHITSAUKO 86

1 Rerekai nzeve yenyu, Jehovha, ndipindurei; nekuti ndiri murombo nomushaiwi.
2 Chengetai mweya wangu; nekuti ndiri mutsvene; imwi Mwari wangu, ponesai muranda wenyu anovimba nemi.
3 Ndinzwirei tsitsi, Jehovha, nekuti ndinodana kwamuri zuva rimwe nerimwe.
4 Fadzai mweya womuranda wenyu, nekuti ndinosimudzira mweya wangu kwamuri Ishe wangu.
5 Nokuti imi, Ishe makanaka, munofarira kukangamwira; mune tsitsi zhinji kuna vose vanodana kwamuri.
6 Rerekerai nzeve yenyu, Jehovha kumunyengetero wangu; Teererai inzwi rokukumbira kwangu.
7 Pazuva rokutambudzika kwangu ndichadana kwamuri, nekuti muchandipindura.
8 Pakati pavamwari hapana akafanana nemi, Ishe; uye hapana mabasa akafanana neako.
9 Ndudzi dzose dzamakaita dzichauya kuzonamata pamberi penyu, Ishe; uye vacharumbidza zita renyu.
10 Nekuti muri mukuru, munoita zvinhu zvinoshamisa; Ndimi Mwari moga.
11 Ndidzidzisei nzira yenyu, Jehovha; Ndichafamba muchokwadi chenyu, Batanidzai moyo wangu kuti nditye zita renyu.
12 Ndichakurumbidzai, Ishe Mwari wangu, nomoyo wangu wose, Ndicharumbidza zita renyu nokusingaperi.
13 Nekuti tsitsi dzenyu ihuru kwandiri; Makarwira mweya wangu pagomba rakadzika-dzika.
14 Mwari, vanozvikudza vakandimukira, Ungano yavanhu, vanomanikidza, vakatsvaka mweya wangu; uye handina kukuisa pamberi pavo.
15 Asi imi, Ishe muri Mwari une tsitsi, nenyasha, unononoka kutsamwa, une tsitsi zhinji nechokwadi.
16 Ringirai kwandiri, mundinzwire tsitsi; ipai muranda wenyu simba renyu, muponese mwanakomana womurandakadzi wenyu.
17 Ndiratidzei chiratidzo mundiitire zvakanaka; kuti vanondivenga vazvione, vanyadziswe, nekuti imwi Jehovha, makandibatsira nokundinyaradza.

CHITSAUKO 87

1 Pisarema, kana rwiyo rwavanakomana vaKora. Nheyo dzake dziri pamakomo matsvene.
2 Jehovha anoda masuwo eZiyoni Kupfuura pose panogara Jakove.
3 Zvinhu zvakanakisa zvinotaurwa pamusoro pako, Iwe guta raMwari. Sera.
4 Ndichareva zvaRahabhi neBhabhironi kuna vanondiziva; Tarirai, Firisitia, neTire, neItiopia; murume uyu akazvarirwako.
5 Pamusoro peZiyoni zvichanzi, Uyu neuyo vakazvarirwamo; Wekumusoro-soro amene acharisimbisa.
6 Jehovha achaverenga, pakunyora kwake vanhu, kuti munhu uyu akazvarirwako. Sera.
7 Vaimbi, navaimbi, varidzi vemitengeramwa, vachavapo; matsime angu ose ari mauri.

CHITSAUKO 88

1 Rwiyo, Pisarema raVanakomana vaKora, Kumutungamiriri wokuimba; Maharati-enanoti; Masikiri raHemani muEzirahi. Jehovha, Mwari muponesi wangu, Ndakachema pamberi penyu masikati nousiku;
2 Munyengetero wangu ngausvike pamberi penyu; Rerekerai nzeve yenyu munzwe kuchema kwangu;
3 nekuti mweya wangu uzere namatambudziko, Upenyu hwangu hwoswedera kuSheori.
4 Ndinoverengwa pamwechete navanoburukira kugomba; Ndakafanana nomunhu anoshaiwa simba.
5 Ndakasunungurwa pakati pavakafa, savakaurawa vavete muguva, vamusingazorangaririzve; vakagurwa paruoko rwenyu.
6 Makandiisa mugomba rakadzika-dzika, murima, makadzika kwazvo.
7 Hasha dzenyu dzinorema kwazvo pamusoro pangu, Makanditambudza namafungu enyu ose. Sera.
8 Makaisa vazikani vangu kure neni; Makandiita chinhu chinonyangadza kwavari; ndakapfigirwa, handigoni kubuda.

9 Ziso rangu ropera nemhaka yokutambudzika; Ndakadana kwamuri, Jehovha, zuva rimwe nerimwe, Ndakatambanudzira maoko angu kwamuri.
10 Mungaitira vakafa zvinoshamisa here? Vakafa vangamuka vakakurumbidzai here? Sera.
11 Hunyoro bwenyu hungaparidzwa muguva here? Kana kutendeka kwenyu mukuparadza?
12 Zvishamiso zvenyu zvingazikamwa murima here? Nokururama kwenyu panyika yokukangamwa here?
13 Asi ndakachema kwamuri, Jehovha; Munyengetero wangu uchasvika pamberi penyu mangwanani.
14 Jehovha, munorashireiko mweya wangu? Munovanzireiko chiso chenyu kwandiri?
15 Kubva pauduku hwangu ndakanga ndichitambudzwa ndichirwiso-fa; Kana ndichityiswa nemi, ndinoshaiwa mano.
16 Kutsamwa kwenyu kukuru kwakapfuura napamusoro pangu; kutyisa kwenyu kwakandipedza.
17 Zvakandipoteredza zuva rimwe nerimwe semvura; Zvakandipoteredza pamwechete.
18 Iye, anondida, neshamwari yangu, makavaisa kure neni, Nomuzikani wangu ari murima.

CHITSAUKO 89

1 Ndichaimba ndichireva tsitsi dzaJehovha nokusingaperi; Ndichaparidza nomuromo wangu kutendeka kwenyu kumarudzi namarudzi.
2 nekuti ndakati: Tsitsi dzichavakwa nokusingaperi, Muchasimbisa kutendeka kwenyu mukudenga-denga mumene.
3 Ndakaita sungano nesanangurwa wangu, ndakapika kumuranda wangu Dhavhidhi,
4 Ndichasimbisa vana vako nokusingaperi, Nokuvaka chigaro chako choushe kusvikira kumarudzi namarudzi. Sera.
5 Kudenga-denga kucharumbidza zvishamiso zvenyu, Jehovha; Nokutendeka kwenyuwo paungano yavatsvene.
6 nekuti ndianiko kudenga ungaenzaniswa naJehovha? Ndianiko pakati pavanakomana veane simba angaenzaniswa naJehovha?
7 Mwari anotyiwa zvikuru paungano yavatsvene, Anofanira kutyiwa kupfuura vose vanomupoteredza.
8 Haiwa, Jehovha, Mwari wehondo, ndianiko ane simba, akafanana nemi, Jehovha? Kana kutendeka kwenyu kwakakupoteredzai here?
9 Ndimi munobata pamusoro pamafungu egungwa; Kana mafungu aro achisimuka, ndimi munoanyaradza.
10 Makaputsanya Rakabhi, somunhu akaurawa; makaparadzira vavengi venyu noruoko rwenyu rune simba.
11 Kudenga-denga ndokwenyu, napasi ndopenyuwo; Nyika nezvose zvayo, ndimi makazviteya.
12 Kumusoro nenyasi, ndimi makazvisika; Tabhori neHerimoni anofara nezita renyu.
13 Munoruoko rune simba; Chanza chenyu chine simba, ruoko rwenyu rworudyi rwakasimudzwa.
14 Kururama nokururamisa ndidzo hugaro hwechigaro chenyu choushe; tsitsi nechokwadi zvichakutungamirirai.
15 Vakaropafadzwa vanhu vanoziva inzwi romufaro; Vanofamba, Jehovha, muchiedza chechiso chenyu.
16 Vanofara muzita renyu zuva rose; Vachasimudzwa nokururama kwenyu.
17 Nekuti imwi muri kubwinya kwesimba ravo; Runyanga rwedu ruchasimudzwa netsitsi dzenyu.
18 Nokuti Jehovha ndiye nhare yedu; uye Mutsvene waIsraeri ndiye mambo wedu.
19 Panguva iyo makataura navatsvene venyu pakuzviratidza kwenyu, Mukati, Ndakabatsira mhare; ndakasimudza mumwe chete pakati pavanhu.
20 Ndakawana Dhavhidhi muranda wangu; ndakamuzodza namafuta angu matsvene;
21 Chanza changu chichasimbiswa naye; Ruoko rwanguwo ruchamusimbisa.
22 Muvengi haangamumanikidzi; mwanakomana wezvakaipa haangamutambudzi.
23 Ndichaparadza vavengi vake pamberi pake, uye ndicharova vanomuvenga.
24 Asi kutendeka kwangu netsitsi dzangu zvichava naye; Runyanga rwake ruchasimudzwa muzita rangu.
25 Ndichaisawo ruoko rwake mugungwa, Noruoko rwake rworudyi pamusoro penzizi.
26 Iye achadana kwandiri, achiti, Ndimi baba vangu, Mwari wangu, nedombo rokuponeswa kwangu.
27 Ndichamuitawo dangwe rangu, Mukuru kupfuura madzimambo enyika.
28 Ndichamuchengetera tsitsi dzangu nokusingaperi, Sungano yangu icharamba yakasimba kwaari.
29 Vana vake ndichavagarisawo nokusingaperi, Nechigaro chake choushe chichafanana namazuva okudenga.
30 Kana vana vake vakasiya murayiro wangu, Vakasafamba nezvandakatonga;
31 Kana vakazvidza zvandakatema, vakasachengeta mirairo yangu;
32 Ipapo ndichavaranga neshamhu pamusoro pokudarika kwavo, Uye nokurova pamusoro pokuipa kwavo.
33 Kunyange zvakadaro handingamutoreri unyoro hwangu chose, Kana kutendera kutendeka kwangu kuitiswa nhema.
34 Sungano yangu handingaizvidzi, kana kushandura chinhu chakabuda pamuromo wangu.
35 Ndakapika kamwe chete neutsvene hwangu, Kuti handingarevi nhema kuna Dhavhidhi;
36 Vana vake vachavapo nokusingaperi, Nechigaro chake choushe sezuva pamberi pangu.
37 Chichasimbiswa nokusingaperi somwedzi, Sechapupu chakatendeka chiri kudenga. Sera.
38 Asi imwi makarasha nokusema, Makatsamwira muzodzwa wenyu.
39 Makasema sungano yomuranda wenyu; Makamhura korona yake mukaikandira pasi.
40 Makaputsa madziro ake ose; makaita nhare dzake matongo.
41 Vose vanopfuura nenzira vanopamba nhumbi dzake; wava chinhu chinoshorwa navaanogara navo.
42 Makasimudza ruoko rworudyi rwavadzivisi vake; makafadza vavengi vake vose.
43 Makashandura munondo wake unopinza, Hamuna kumusimbisa pakurwa.
44 Makagumisa kubwinya kwake, Makawisira pasi chigaro chake choushe.
45 Makatapudza mazuva ohujaya hwake; Makamufukidza nokunyara. Sera.
46 Kusvikira riniko, Jehovha? Muchavanda nokusingaperi here? Hasha dzenyu dzichapfuta somoto here?

47 Rangarirai kuti nguva yangu ipfupi kwazvo; Makaitireiko vanhu vose pasina?
48 Ndoupiko munhu angararama akasaona rufu? Angarwira mweya wake paruoko rweSheori here? Sera.
49 Ishe, unyoro bwenyu hwakare huripiko, Hwamakapika kuna Dhavhidhi nokutendeka kwenyu here?
50 Rangarirai, Ishe, kushorwa kwavaranda venyu; kuti ndinotakura muchipfuva changu kushora kwavanhu vose vane simba;
51 Uko kwakashorwa nako navavengi venyu, Jehovha; kwavakashora nako makwara omuzodzwa wenyu.
52 Jehovha ngaavongwe nokusingaperi. Ameni, uye Ameni.

CHITSAUKO 90

1 (Munyengetero waMozisi munhu waMwari.) Jehovha, imi makanga muri ugaro hwedu kubva kumarudzi namarudzi.
2 Makomo asati azvarwa, musati matongosika nyika nevhu, kubva pakusingaperi kusvikira pakusingaperi imwi muri Mwari.
3 Munodzosera munhu kukuparadzwa; uchiti, Dzokai vana vavanhu.
4 nekuti kwamuri makore ane chiuru Akangofanana nezuva razuro kana rapfuura, Senguva yokurinda yousiku.
5 Munovakukura semvura zhinji; vakaita sehope; mangwanani vakaita souswa hunomera.
6 Mangwanani hunotumbuka, hunomera; Madekwana hunodzurwa, ndokusvava.
7 nekuti tinopedzwa nokutsamwa kwenyu, Tinotambudzika nehasha dzenyu.
8 Makaisa zvakaipa zvedu pamberi penyu, zvivi zvedu zvakavanzika pachiedza chechiso chenyu.
9 Nekuti mazuva edu ose anopfuura makatsamwa; Makore edu anopera sebefu.
10 Mazuva amakore edu makore makumi manomwe; uye kana ane simba makore makumi masere, asi simba rawo ibasa nenhamo; nekuti akurumidza kugurwa, isu tabhururuka taenda.
11 Ndianiko angaziva simba rokutsamwa kwenyu? sezvamunotyisa, ndizvo zvakaita kutsamwa kwenyu.
12 Tidzidzisei kunatsoverenga mazuva edu, Kuti tizviwanire moyo yedu pauchenjeri.
13 Dzokai Jehovha kusvikira rinhiko? muzvidembe pamusoro pavaranda venyu.
14 Tigutsei mangwanani netsitsi dzenyu; kuti tifare nokufarisisa mazuva edu ose.
15 Tifadzei zvinoenzana namazuva amakatitambudza, Namakore atakaona zvakaipa.
16 Zvamakaita ngazvionekwe navaranda venyu, Nokubwinya kwenyu kuvana vavo.
17 Kunaka kwaJehovha Mwari wedu ngakuve pamusoro pedu; Mutisimbisire basa ramaoko edu; zvirokwazvo basa ramaoko edu murisimbise.

CHITSAUKO 91

1 Uyo agere panzvimbo yokuvanda yeWekumusoro-soro Acharambira pamumvuri wowaMasimbaose.
2 Ndichati pamusoro paJehovha, Ndiye utiziro hwangu nenhare yangu, Mwari wangu; ndichavimba naye.
3 Zvirokwazvo iye achakurwira parugombe rwomuteyi weshiri, Napahosha yakaipa kwazvo.
4 Iye achakufukidza neminhenga yake, Uchatizira pasi pamapapiro ake; Kutendeka kwake inhovo huru neduku.
5 Haungatyi chinhu chinovhundusa usiku; kana museve unofurwa masikati;
6 Kana hosha inofamba murima; Kana kuparadza kunoparadza masikati.
7 Kurutivi rwako kuchawa vane gumi ramazana, Nezana ramazana paruoko rwako rworudyi; asi hazvingaswederi kwauri.
8 uchangozvitarira hako nameso ako Ukaona mubayiro wavakaipa.
9 Nekuti imwi Jehovha, muri utiziro hwangu, wakaita Wekumusoro-soro ugaro hwako;
10 Hapana chakaipa chingakuwira, Uye hapana hosha ichaswedera patende rako.
11 Nekuti iye acharaira vatumwa vake pamusoro pako, Kuti vakuchengete panzira dzako dzose.
12 Vachakusimudza pamaoko avo, Kuti urege kugumbusa rutsoka rwako pabwe.
13 Uchatsika pamusoro peshumba nechiva; Mwana weshumba nenyoka uchazvitsika netsoka.
14 Zvaakandida, ndichamurwira; Ndichamuisa pakakwirira, nekuti wakaziva zita rangu.
15 Iye achadana kwandiri, ndichamupindura; Ndichava naye pakutambudzika; ndichamurwira, nokumukudza.
16 Ndichamugutsa noupenyu hurefu, Nokumuratidza ruponeso rwangu.

CHITSAUKO 92

1 (Pisarema, kana rwiyo rwezuva resabata.) Chinhu chakanaka kuvonga Jehovha, nokuimbira zita renyu nziyo dzokurumbidza, imwi Wekumusoro-soro.
2 Kuparidza unyoro hwenyu mangwanani, nokutendeka kwenyu usiku hwose.
3 Nechinoridzwa chine hungiso gumi, nemutengeramwa; pambira nenzwi rakanaka.
4 nekuti imi, Jehovha, makandifadza nezvamakaita; Ndichafara kwazvo namabasa amaoko enyu.
5 Haiwa Jehovha, mabasa enyu akakura sei! pfungwa dzenyu dzakadzika kwazvo.
6 Asina njere haazvizivi; uye benzi harinzwisisi izvi.
7 Kana vakaipa vachimera souswa, Uye kana vaiti vose vezvakaipa vachikura; ivo vachaparadzwa nokusingaperi.
8 Asi imwi Jehovha muri kumusoro nokusingaperi.
9 nekuti tarirai, Jehovha, vavengi venyu, nekuti tarirai, Jehovha, vavengi venyu vachaparara; vaiti vose vezvakaipa vachaparadzirwa.
10 Asi runyanga rwangu mucharusimudza sorunyanga rwenyati; Ndichazodzwa namafuta matsva.
11 Ziso rangu richaona zvakaitirwa vavengi vangu, Nzeve dzangu dzakanzwa zvakaitirwa vakaipa, vanondimukira.
12 Wakarurama uchamera somuchindwe; Achakura somusidhari paRebhanoni.
13 Vakasimwa mumba maJehovha vachakura muvazhe dzaMwari wedu.
14 Vacharamba vachibereka zvibereko pakukwegura kwavo; zvichava zvakakora, zvichanaka;
15 Kuti vaparidze kuti Jehovha akarurama; Ndiye dombo rangu, hapana kusarurama maari.

CHITSAUKO 93

1 Jehovha anobata ushe, akafuka umambo; Jehovha akafuka simba, akazvisunga chiuno naro; nyikawo yakasimbiswa, kuti irege kuzununguswa.
2 Chigaro chenyu choushe chakasimbiswa kubva kare; imwi muripo kubva pakusingaperi.
3 Jehovha, Nzizi dzakanzwisa manzwi adzo; nzizi dzinosimudza mafungu adzo.
4 Jehovha ari kumusoro ane simba kukunda manzwi emvura zhinji, Namafungu ane simba egungwa.
5 Zvipupuriro zvenyu ndezvechokwadi kwazvo; Utsvene hunofanira imba yenyu, Jehovha, nokusingaperi.

CHITSAUKO 94

1 Jehovha Mwari, mutsivi; imwi Mwari mutsivi, zviratidzei.
2 Zvisimudzei, imwi Mutongi wenyika; Ipai vanozvikudza sezvavakafanira.
3 Jehovha, vakaipa vachafara kwazvo kusvikira rinhiko, Vakaipa vachafara kwazvo kusvikira rinhiko?
4 Vachataura mashoko makukutu kusvikira rinhiko? Uye vaiti vose vezvakaipa vanozvikudza here?
5 Vanopwanya vanhu venyu, Jehovha, Vachitambudza nhaka yenyu.
6 Vanouraya chirikadzi nomweni, nenherera vanodziuraya.
7 Kunyange zvakadaro vanoti, Jehovha haazvioni, Mwari waJakove haazvirangariri.
8 Rangarirai imwi vasina njere pakati pavanhu; nemwi mapenzi, muchava vakachenjera rinhiko?
9 Iye, akasima nzeve, haanganzwi here? Iye, akaumba ziso, haangaoni here?
10 Iye, anoranga vahedheni, haangarairi here? Iye, anodzidzisa vanhu zivo, haazvizivi here?
11 Jehovha anoziva kufunga kwavanhu, kuti hakuna maturo.
12 Akaropafadzwa munhu, anorangwa nemi, Jehovha, munomudzidzisa pamurayiro wenyu;
13 Kuti mumuzorodzei pamazuva okutambudzika, Kusvikira vakaipa vachererwa gomba.
14 nekuti Jehovha haangarashi vanhu vake, Uye haangasii nhaka yake.
15 Asi kutonga kuchadzokera kukururama; Vose vane moyo yakarurama vachakutevera.
16 Ndianiko achandirwira pavaiti vezvakaipa? Ndianiko achandirwira pavaiti vezvakaipa?
17 Dai Jehovha aisava mubatsiri wangu, mweya wangu ungadai wakakurumidza kugara pakati mwii.
18 Panguva yandakati, Rutsoka rwangu rwotedzemuka; tsitsi dzenyu, Jehovha, dzakanditsigira.
19 Mundangariro dzangu zhinji mukati mangu kunyaradza kwenyu kunofadza mweya wangu.
20 Chigaro chezvakaipa chingashamwaridzana nemwi here, Icho chinofunga kuita zvakashata nemitemo yacho?
21 Vanounganira upenyu hwowakarurama, Vachipa mhosva ropa risina mhosva.
22 Asi Jehovha ndiye nhare yangu yakasimba; Mwari wangu idombo routiziro hwangu.
23 Achadzosera pamusoro pavo kutadza kwavo, Achavaparadza pakati pokuita kwavo; zvirokwazvo, Jehovha Mwari wedu achavaparadza.

CHITSAUKO 95

1 Uyai, tiimbire Jehovha; Ngatipururudzire dombo rokuponeswa kwedu.
2 Ngatiuye pamberi pake tichivonga, Timumumbirire nomufaro namapisarema.
3 Nokuti Jehovha ndiMwari mukuru, naMambo mukuru anokunda vamwari vose.
4 Nzvimbo dzakadzika dzapasi dziri muruoko rwake; Simba rezvikomo ndezvakewo.
5 Gungwa nderake, ndiye akariita; Maoko ake akaumba nyika yakaoma.
6 Uyai, tinamate tikotamire pasi; ngatipfugame pamberi paJehovha muiti wedu.
7 Nokuti ndiye Mwari wedu; isu tiri vanhu vanofudzwa naye, namakwai oruoko rwake. Nhasi kana muchinzwa inzwi rake.
8 Regai kuomesa moyo yenyu, sapanguva yokutsamwiswa, sapazuva rokuidzwa murenje;
9 Panguva yandakaidzwa namadzibaba enyu, Vakandiidza, vakaona zvandakaita.
10 Makore makumi mana ndakatsamwiswa nezera iri, ndikati: Ndivanhu vakarashika pamoyo yavo, uye havana kuziva nzira dzangu;
11 vandakapika pakutsamwa kwangu, kuti havangapindi pazororo rangu.

CHITSAUKO 96

1 Imbirai Jehovha rwiyo rutsva; Imbirai Jehovha, pasi pose.
2 Imbirai Jehovha, rumbidzai zita rake; paridzai kuponesa kwake zuva rimwe nerimwe.
3 Dudzirai kubwinya kwake pakati pavahedheni, Mabasa ake, anoshamisa pakati pendudzi dzose.
4 nekuti Jehovha mukuru, anofanira kurumbidzwa kwazvo; Anofanira kutyiwa kupfuura vamwari vose.
5 nekuti vamwari vose vendudzi zvifananidzo, asi Jehovha akaita kudenga-denga.
6 Kukudzwa noumambo zviri pamberi pake; Simba nokunaka zviri panzvimbo yake tsvene.
7 Ipai Jehovha, imwi mhuri dzavanhu, Ipai Jehovha kukudzwa nesimba.
8 Ipai Jehovha kudzo yakafanirwa nezita rake; Uyai nechipiriso, mupinde muvazhe dzake.
9 Namatai kuna Jehovha nenguvo tsvene; pasi pose mutye pamberi pake.
10 Itiyi pakati pavahedheni, Jehovha anobata ushe; Nyikawo yakasimbiswa, kuti irege kuzununguswa; Iye achatonga vanhu zvakarurama.
11 Kudenga-denga ngakufare, napasi ngapafarisise; gungwa ngaritinhire, nezvose zviri mukati maro.
12 Sango ngarive nomufaro, nezvose zviri mukati maro; ipapo miti yose yedondo ichafara kwazvo.
13 Pamberi paJehovha, nekuti anouya, nekuti anouya kuzotonga pasi; uchatonga nyika nokururama, nendudzi nokutendeka kwake.

CHITSAUKO 97

1 Jehovha anobata ushe; nyika ngaifare; zviwi zvizhinji ngazvifare.

2 Makore nerima zvinomukomberedza; Kururama nokururamisa ndihwo hugaro hwechigaro chake choushe.
3 Moto unotungamira pamberi pake, Uchipisa vavengi vake kumativi ose.
4 Mheni dzake dzakavheneka nyika; Pasi pakaona, ndokubvunda.
5 Makomo akanyauka senamo pamberi paJehovha, Pamberi paShe wapasi pose.
6 Kudenga-denga kunoparidza kururama kwake, Ndudzi dzose dzakaona kubwinya kwake.
7 Vose, vanoshumira mifananidzo yakaveziwa, vanonyadziswa, Ivo vanozvirumbidza pamusoro pezvifananidzo; Namatai kwaari, imi vamwari vose.
8 Ziyoni rakanzwa ndokufara; vakunda vaJudha vakafara kwazvo, nokuda kwezvamakatonga, Jehovha.
9 nekuti imwi Jehovha, muri kumusoro-soro kwapasi pose; Makakwirira kupfuura vamwari vose.
10 Vengai zvakaipa, imwi munoda Jehovha; Iye anochengeta mweya yavatsvene vake; anovarwira paruoko rwowakaipa.
11 Chiedza chinodzvarirwa wakarurama, Nomufaro vane moyo yakarurama.
12 Farai muna Jehovha, imwi vakarurama; uye vongai pakurangarira utsvene hwake.

CHITSAUKO 98

1 Imbirai Jehovha rwiyo rutsva; nekuti akaita zvinhu zvinoshamisa; ruoko rwake rworudyi, noruoko rwake rutsvene, ndizvo zvakamuwanira kukunda.
2 Jehovha akazivisa kuponesa kwake; Akaratidza pachena kururama kwake pamberi pavahedheni.
3 Akarangarira tsitsi dzake nokutendeka kwake kuimba yaIsiraeri; Migumo yose yapasi yakaona ruponeso rwaMwari wedu.
4 Pururudzai kuna Jehovha, pasi pose; Pururudzai, muimbe nomufaro, imbai nziyo dzokurumbidza.
5 Imbirai Jehovha nembira; nembira, nenzwi renziyo.
6 Nehwamanda, nenzwi romumanzi Pururudzai pamberi paJehovha, Mambo.
7 Gungwa ngaritinhire, nokuzara kwaro; Nyika, navageremo.
8 Nzizi ngadziuchire; Zvikomo ngazvifare pamwechete
9 Pamberi paJehovha; nekuti anouya kuzotonga pasi; achatonga nyika nokururama, navanhu nokururama.

CHITSAUKO 99

1 Jehovha anobata ushe; vanhu ngavadedere; iye agere pakati pamakerubhi; nyika ngaizununguswe.
2 Jehovha mukuru paZiyoni; uye ari pamusoro pavanhu vose.
3 Ngavarumbidze zita renyu guru rinotyisa; nokuti matsvene.
4 Simba ramambo rinodawo kururamisa; Munosimbisa kururama, Munotonga nokururama pakati paJakove.
5 Kudzai Jehovha Mwari wedu, munamate pachitsiko chetsoka dzake; nokuti iye mutsvene.
6 Mozisi naAroni pakati pavapristi vake, naSamueri pakati pavanodana zita rake; vakadana kuna Jehovha, iye akavapindura.
7 Akataura kwavari ari mushongwe yegore; vakachengeta zvipupuriro zvake nomurayiro waakavapa.
8 Makavapindura, Jehovha Mwari wedu; makanga muri Mwari aivakangamwira, kunyange makatsiva zvavakaita.
9 Kudzai Jehovha Mwari wedu, munamate pagomo rake dzvene; nekuti Jehovha Mwari wedu ndiye mutsvene.

CHITSAUKO 100

1 Pururudzai kuna Jehovha, imwi nyika dzose;
2 Shumirai Jehovha nomufaro; Uyai pamberi pake muchiimba.
3 Zivai kuti Jehovha ndiye Mwari; Ndiye wakatiita, tiri vanhu vake; tiri vanhu vake, namakwai anofudzwa naye.
4 Pindai pamasuwo ake muchivonga, Napavazhe dzake muchirumbidza; Chimuvongai, murumbidze zita rake.
5 Nokuti Jehovha akanaka; tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi; nokutendeka kwake kumarudzi namarudzi.

CHITSAUKO 101

1 Ndichaimba ndichireva tsitsi nokururamisira; Ndichakuimbirai imwi Jehovha.
2 Ndichaita nokungwara nenzira yakarurama; Haiwa, muchauya kwandiri rinhiko? Ndichafamba mumba mangu nomoyo wakakwana.
3 Handingaisi chinhu chakaipa pamberi pangu; ndinovenga zvinoitwa navanotsauka; ngazvirege kundinamatira.
4 moyo wakatsauka ngaubve kwandiri; Handingazivi munhu akaipa.
5 Anoitira wokwake makuhwa, ndichamuparadza; ane meso anozvikudza, anomoyo unozvikudza, handingavi nehanya naye.
6 Meso angu achatarira vakatendeka panyika, kuti vagare neni; Munhu anofamba nenzira yakarurama, ndiye angava mushumiri wangu.
7 Anonyengera haangagari mumba mangu; Anoreva nhema haangagari pamberi pangu.
8 Mangwanani ndichaparadza vakaipa vose venyika; kuti ndibvise vose vanoita zvakaipa paguta raJehovha.

CHITSAUKO 102

1 Munyengetero womurombo kana aziya, akadurura kuchema kwake pamberi paJehovha. Inzwai munyengetero wangu, Jehovha, Kuchema kwangu ngakusvike kwamuri.
2 Regai kundivanzira chiso chenyu pazuva rokutambudzika kwangu; Rerekerai nzeve yenyu kwandiri; Pazuva rokudana kwangu ndipindurei nokukurumidza.
3 nekuti mazuva angu anopera soutsi, mafupa angu anotsva sechitsa.
4 moyo wangu warohwa, waoma souswa; zvokuti ndinokanganwa kudya zvokudya zvangu.
5 Nokuda kwenzwi rokugomera kwangu mafupa angu anonamatira ganda rangu.
6 Ndafanana nehukurwizi yomurenje; Ndafanana nezizi romumatongo.
7 Ndinosvinura, ndava seshiri iri yoga pamusoro pedenga reimba.
8 Vavengi vangu vanondituka zuva rose; uye vanondipengera vanondipikisa.

9 Nokuti ndakadya madota sechingwa, uye ndakavhenganisa zvokunwa zvangu nemisodzi.
10 Nokuda kwehasha dzenyu nokutsamwa kwenyu; nekuti makandisimudza mukandirasha.
11 Mazuva angu akafanana nomumvuri wareba; ndaoma souswa.
12 Asi imwi Jehovha, muchavapo nokusingaperi; nokuyeukwa kwenyu kumarudzi namarudzi.
13 Imi muchasimuka, mukanzwira Ziyoni tsitsi; nekuti nguva yokurinzwira tsitsi, zvirokwazvo, nguva, yakatarwa, yasvika.
14 Nekuti varanda venyu vanofarira mabwe aro, Vanonzwira tsitsi guruva raro.
15 Naizvozvo vahedheni vachatya zita raJehovha, Namadzimambo ose enyika kubwinya kwenyu.
16 Jehovha paachavaka Ziyoni, achaonekwa mukubwinya kwake.
17 Acharangarira munyengetero wavakashaiwa, haangazvidzi munyengetero wavo.
18 Izvi zvichanyorerwa rudzi runotevera; Vanhu, vachazosikwa, vacharumbidza Jehovha.
19 Nekuti wakatarira pasi ari panzvimbo yake tsvene yakakwirira; Jehovha wakatarira pasi ari kudenga;
20 Kuti anzwe kugomera komusungwa; kusunungura avo vakatemerwa rufu;
21 Kuti ndiparidze zita raJehovha paZiyoni, nokurumbidzwa kwake paJerusaremu;
22 Kana vanhu vachiunganidzwa pamwechete, noushe, kuzoshumira Jehovha.
23 Wakatapudza simba rangu panzira; akapfupisa mazuva angu.
24 Ndakati, Mwari wangu, regai kundibvisa mazuva angu achigere kusvika; Makore enyu anosvika kumarudzi namarudzi.
25 Makateya kare nheyo dzenyika; Nedenga ibasa ramaoko enyu.
26 Izvo zvichaparara, asi imwi mucharamba muripo; zvirokwazvo, zvose zvichasakara senguvo; senguvo muchaashandura, uye achashandurwa;
27 Asi imwi hamushanduki, Makore enyu haangavi nomugumo.
28 Vana vavaranda venyu vacharamba varipo, Nembeu yavo ichasimbiswa pamberi penyu.

CHITSAUKO 103

1 Rumbidza Jehovha, mweya wangu; Zvose zviri mukati mangu ngazvirumbidze zita rake dzvene.
2 Rumbidza Jehovha, mweya wangu, urege kukanganwa mikomborero yake;
3 Iye, anokangamwira zvakaipa zvako zvose; anoporesa kurwara kwako kwose;
4 Anodzikunura upenyu hwako pakuparadzwa; anokuisa korona younyoro netsitsi;
5 Anogutisa muromo wako nezvakanaka; Kuti utsva hwako huvandudzwe segondo.
6 Jehovha anoita zvakarurama, Nokururamisira vose vanomanikidzwa.
7 Akazivisa Mozisi nzira dzake, Navana vaIsiraeri zvaakaita.
8 Jehovha anetsitsi nenyasha, Haachimbidziki kutsamwa, ane tsitsi zhinji.
9 Haangarambi achirwa, uye haangarambi akatsamwa nokusingaperi.
10 Haana kutiitira sezvakafanira zvivi zvedu; kana kutipa mubayiro sezvakafanira zvakaipa zvedu.
11 nekuti sokukwirira kokudenga kumusoro, Ndizvo zvakaita kukura kwetsitsi dzake kuna vanomutya.
12 Sokuva kure kwamabvazuva namavirira, Saizvozvo akabvisa kudarika kwedu kose kure nesu.
13 Sokunzwira tsitsi kwababa vana vavo, Saizvozvo Jehovha anonzwira tsitsi vanomutya.
14 nekuti iye anoziva maumbirwo edu; anorangarira kuti tiri guruva.
15 Kana ari munhu, mazuva ake akaita souswa; Seruva resango, iye anokura saizvozvo.
16 Nekuti imhepo inopfuura pamusoro paro, onei raenda; nenzvimbo yaro haichazoizivi.
17 Asi tsitsi dzaJehovha dziripo nokusingaperi-peri kuna vanomutya, Nokururama kwake kuvana vavana vavo;
18 Kuna ivo vanochengeta sungano yake, Nokuna vanorangarira zvaakaraira kuti vazviite.
19 Jehovha akasimbisa chigaro chake choushe kudenga-denga; ushe hwake hunobata zvinhu zvose.
20 Rumbidzai Jehovha, imwi vatumwa vake, imwi mhare dzine simba, munoita zvaakaraira, muchiteerera inzwi reshoko rake.
21 Rumbidzai Jehovha, imwi hondo dzake dzose; imi vashumiri vake, vanoita zvinomufadza.
22 Rumbidzai Jehovha, imwi mabasa ake ose, panzvimbo dzose dzoumambo hwake; Rumbidza Jehovha, mweya wangu!

CHITSAUKO 104

1 Rumbidza Jehovha, mweya wangu; Jehovha Mwari wangu, muri mukuru kwazvo; wakafukidzwa nokukudzwa noumambo.
2 Munozvifukidza nechiedza senguvo; Munotatamura denga sechidzitiro;
3 Anoteya matanda edzimba dzake mumvura, Anoita makore ngoro yake, Anofamba pamusoro pamapapiro emhepo.
4 Anoita vatumwa vake mhepo; moto unopfuta, vashumiri vake;
5 Akateya nheyo dzapasi, Kuti parege kuzununguswa nokusingaperi.
6 Makaifukidza nokwakadzika senguvo; Mvura zhinji yakamira pamusoro pamakomo.
7 Pakutuka kwenyu vakatiza; inzwi rokutinhira kwenyu rakati richinzwika, ikachimbidzika kuenda.
8 Vanokwira napamakomo; vanodzika nomumipata kunzvimbo yamaivagadzirira.
9 Makaitarira muganhu, kuti irege kudarika; kuti varege kudzoka kuzofukidzazve pasi.
10 Anotuma matsime mumipata, inoyerera napakati pezvikomo.
11 Anomwisa mhuka dzose dzesango; Mbizi dzinopedza nyota yadzo.
12 Shiri dzokudenga dzinogara paari, Dzinorira pakati pamatavi.
13 Anodiridza makomo ari padzimba dzake; Pasi panogutiswa nezvibereko zvamabasa enyu.

14 Anomeresa uswa bwemombe, nemiriwo, inobatsira vanhu; kuti abudise zvokudya panyika;
15 Newaini inofadza moyo womunhu, Namafuta anobwinyisa chiso chake, Nechingwa chinosimbisa moyo womunhu.
16 Miti yaJehovha inoguta; nemisidhari yeRebhanoni yaakasima;
17 Apo panovaka shiri matendere adzo, Kana riri zimudo, miti yemisipiresi ndiyo imba yaro.
18 Makomo marefu ndihwo utiziro bwembudzi; uye matombo embira.
19 Akatara mwedzi kuti uratidze nguva; Zuva rinoziva kuvira kwaro.
20 Munoita rima, usiku ndokuvapo; Panguva iyo mhuka dzose dzesango dzinobuda.
21 Vana veshumba vanoomba vachitsvaka zvavangabata, Vanotsvaka zvokudya zvavo kuna Mwari.
22 Kana zuva richibuda, dzinoungana pamwechete, Dzichindovata mumapako adzo.
23 Ipapo munhu obudira kubasa rake nokumurimo wake kusvikira madekwana.
24 Haiwa Jehovha, mabasa enyu mazhinji sei! makaaita ose nenjere; pasi pazere nefuma yenyu.
25 Ndizvo zvakaita gungwa iri, rakakura ibamhi, mune zvinokambaira zvisingagoni kuverengwa, zviduku nezvikuru.
26 Hezvo zvikepe, zvinofamba; Heyo ngwena, yamakaumba, kuti itambemo.
27 Izvi zvose zvinokumirirai; kuti muvape zvokudya zvavo nenguva yakafanira.
28 Zvamunovapa izvo, ndizvo zvazvinounganidza; Munozarura ruoko rwenyu, izvo zvinogutswa nezvakanaka.
29 Munovanza chiso chenyu, izvo ndokuvhunduswa; Munozvitorera mweya wazvo, izvo ndokufa, Zvichidzokera kuguruva razvo.
30 Munotuma mweya wenyu, izvo ndokusikwa; Munovandudza chiso chenyika.
31 Kubwinya kwaJehovha ngakugare nokusingaperi; Jehovha ngaafarire mabasa ake.
32 Iye anotarira pasi, yobva yabvunda, unobata zvikomo, zvobva zvapfungaira utsi.
33 Ndichaimbira Jehovha panguva yose youpenyu hwangu; Ndichaimbira Mwari wangu nziyo dzokurumbidza ndichiri mupenyu.
34 Kurangarira kwangu ngakumufadze; Ndichafara kwazvo muna Jehovha.
35 Vatadzi ngavaparadzwe pasi, navakaipa ngavarege kuzovapo. Rumbidza Jehovha, mweya wangu; Hareruya!

CHITSAUKO 105

1 Vongai Jehovha; Danai zita rake; Zivisai zvaakaita pakati pendudzi dzavanhu.
2 Muimbirei, mumuimbire nziyo dzokukudza; Rondedzerai mabasa ake ose anoshamisa.
3 Zvirumbidzei muzita rake dzvene; moyo yavanotsvaka Jehovha ngaifare kwazvo.
4 Tsvakai Jehovha nesimba rake; Tsvakai chiso chake nguva dzose.
5 Rangarirai mabasa ake anoshamisa, aakaita; zvishamiso zvake, nezvaakatonga nomuromo wake;
6 imwi vana vaAbhurahamu muranda wake, imwi vana vaJakove vasanangurwa vake.
7 Ndiye Jehovha Mwari wedu; Zvaakatonga zviri pasi pose.
8 Wakarangarira sungano yake nokusingaperi, Iro shoko raakaraira kumarudzi ane chiuru.
9 Iyo sungano yaakaita naAbhurahamu, Nemhiko yake kuna Isaka;
10 Akazvisimbisira kuna Jakobho kuti ive murayiro, naIsiraeri kuti ive sungano isingaperi;
11 Achiti, Ndichakupa iwe nyika yeKenani, uve mugove wenhaka yenyu;
12 Panguva yavakanga vachiri varume vashoma pakuverengwa; hongu, vashoma kwazvo, nevatorwa mairi.
13 Vakafamba-famba vachibva kuno rumwe rudzi vachienda kuno rumwe, Nokubva kuno humwe ushe vachienda kuna vamwe vanhu;
14 Haana kutendera munhu kuvaitira zvakaipa; zvirokwazvo, wakatuka madzimambo nokuda kwavo;
15 Achiti, Musagunzva vazodzwa vangu, Navaporofita vangu musavaitira chakaipa.
16 Akadana nzara kuti iuye panyika; Akavhuna mudonzvo wose wechingwa.
17 Akatuma murume pamberi pavo, iye Josefa, akatengeswa akava muranda;
18 Vakakuvadza tsoka dzake nezvisungo zvesimbi, akasungwa nedare;
19 Kusvikira panguva yakasvika shoko rake; Shoko raJehovha rakamuidza.
20 Mambo akatuma nhume akamusunungura; mubati wavanhu akamuregedza.
21 Akamuita ishe weimba yake, nomubati wefuma yake yose;
22 Kuti asunge machinda ake sezvaanoda; nokudzidzisa vakuru vake njere.
23 Isiraeri akasvikawo Egipita; Jakobho akagara somweni munyika yaHamu.
24 Akawedzera vanhu vake kwazvo; uye akavaita vakasimba kupfuura vavengi vavo.
25 Wakashandura moyo yavo kuti vavenge vanhu vake, kuti vanyengere varanda vake.
26 Akatuma Mozisi muranda wake; naAroni waakanga atsaura.
27 Ivo vakaratidza zviratidzo zvake pakati pavo, Nezvishamiso panyika yaHamu.
28 Akatuma rima, akaisvibisa; uye havana kumukira shoko rake.
29 Akashandura mvura yavo yose, ikaita ropa, Akauraya hove dzavo.
30 Nyika yavo yakazara namatacha, mudzimba dzamadzimambo avo.
31 Akataura, mapupira enhunzi akasvika, nenda panyika yavo yose.
32 Akavapa chimvuramabwe panzvimbo yemvura, Uye moto unopfuta panyika yavo.
33 Akarovawo mizambiringa yavo nemionde yavo; akavhuna miti yemiganhu yavo.
34 Akataura, mhashu dzikauya, nemhashu, nezvisingagoni kuverengwa.
35 Zvikapedza miriwo yose munyika yavo, Nokupedza zvibereko zvevhu ravo.
36 Akarovawo matangwe munyika yavo, Ivo vokutanga vesimba ravo rose.

37 Akavabudisa vane sirivha nendarama; Kwakanga kusina nomumwe pakati pamarudzi avo wakashaiwa simba.
38 Egipita yakafara pakubva kwavo, nekuti kutya kwavo kwakawira pamusoro pavo.
39 Wakatatamura gore rikava chifukidzo; nomoto kuzovhenekera usiku.
40 Vanhu vakakumbira, akauyisa zvihuta, Akavagutisa nechingwa chakabva kudenga.
41 Akazarura dombo, mvura zhinji ikadzutuka; yakayerera pakaoma sorwizi.
42 Nekuti akarangarira chivimbiso chake chitsvene, NaAbhurahamu muranda wake.
43 Akabudisa vanhu vake nomufaro, Navasanangurwa vake nomufaro;
44 Akavapa nyika dzavahedheni, Vakatora zvakanga zvabatwa nendudzi dzavanhu;
45 Kuti vachengete zvaakatema, Nokuteerera mirairo yake. Hareruya!

CHITSAUKO 106

1 Hareruya! Vongai Jehovha; nekuti akanaka; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
2 Ndianiko angareva zvinhu zvine simba zvakaitwa naJehovha? Ndianiko angaparidza kurumbidzwa kwake kose?
3 Vakaropafadzwa vanochengeta kururama, Naiye anoita zvakarurama nguva dzose.
4 Ndirangarirei Jehovha, nounyoro hwamunahwo kuvanhu venyu; Ndishanyirei noruponeso rwenyu;
5 Kuti ndione kukomborerwa kwavasanangurwa venyu, Kuti ndifare kwazvo pakufara kwavanhu venyu, Kuti ndirumbidze pamwechete nenhaka yenyu.
6 Takatadza pamwechete namadzibaba edu, takaita zvakaipa, takaita zvakaipa.
7 Madzibaba edu haana kunzwisisa zvishamiso zvenyu paEgipita; havana kurangarira tsitsi dzenyu zhinji; asi vakamutsamwisa pagungwa, ipo paGungwa Dzvuku.
8 Kunyange zvakadaro akavaponesa nokuda kwezita rake, kuti azivise simba rake guru.
9 Akarairawo Gungwa Dzvuku, rikapwa, akavafambisa pakadzika saparenje.
10 Akavaponesa paruoko rwowaivavenga, Nokuvadzikunura paruoko rwomuvengi.
11 Mvura zhinji yakafukidza vavengi vavo; Kwakanga kusina nomumwe wavo akasara.
12 Ipapo vakatenda mashoko ake; vakaimba rumbidzo yake.
13 Vakachimbidzika kukangamwa mabasa ake; havana kurindira zano rake.
14 Asi vakachiva kwazvo-kwazvo murenje, Vakaidza Mwari mugwenga.
15 Akavapa chavakakumbira; Asi akatuma kuonda mumweya yavo.
16 Vakagodora Mozisi pamisasa, NaAroni, mutsvene waJehovha.
17 Pasi pakashama pakamedza Dhatani, Pakafukidza boka raAbhiramu.
18 Moto ukapfuta pakati peboka ravo; murazvo wakapisa vakaipa.
19 Vakaita mhuru paHorebhi, vakanamata mufananidzo wakaumbwa.
20 Vakatsinhana saizvozvo kubwinya kwavo Nomufananidzo wenzombe, inochera bundo.
21 Vakakangamwa Mwari muponesi wavo, Wakaita zvinhu zvikuru paEgipita;
22 Mabasa anoshamisa munyika yaHamu, Nezvinhu zvinotyisa paGungwa Dzvuku.
23 Saka akati, Ndinoda kuvaparadza; dai Mozisi musanangurwa wake asina kumira pamberi pake ipo pakaputsika, kuti adzore kutsamwa kwake, arege kuvaparadza.
24 Zvirokwazvo, vakazvidza nyika inofadza, Havana kutenda shoko rake;
25 Asi vakanyunyuta mumatende avo, Vakasateerera inzwi raJehovha.
26 Naizvozvo akavasimudzira ruoko rwake kuti avaparadze murenje;
27 Kuti aparadze vana vavo pakati pavahedheni, nokuvaparadzira panyika dzose.
28 Vakazvibatanidzawo naBhaari-peori, Vakadya zvakabayirwa vakafa.
29 Naizvozvo vakamutsamwisa nezvavakaita, denda ndokupinda pakati pavo.
30 Ipapo Pinehasi akasimuka, akaita zvakarurama, denda rikaguma.
31 Izvozvo zvikanzi kwaari kururama, Kusvikira kumarudzi namarudzi nokusingaperi.
32 Vakamutsamwisawo pamvura zhinji yeMeribha, naizvozvo Mosesi akaoneswa nhamo nokuda kwavo.
33 Nekuti vakamukira mweya wake, Iye akataura nehasha nemiromo yake.
34 Havana kuparadza ndudzi dzavakanga varayirwa naJehovha pamusoro padzo.
35 Asi vakavengana navahedheni, Vakadzidza mabasa avo;
36 Vakashumira zvifananidzo zvavo; Izvo zvikava musungo kwavari.
37 Hongu, vakabayira vanakomana vavo nevanasikana vavo kumadhimoni.
38 Vakateura ropa risina mhosva, iro ravanakomana vavo navanasikana vavo, Vakavabayira zvifananidzo zveKanani; nyika ikasvibiswa neropa.
39 Vakasvibiswa saizvozvo namabasa avo, vakapata nezvavakaita.
40 Saka kutsamwa kwaJehovha kwakamukira vanhu vake, Akasema nhaka yake.
41 Akavaisa mumaoko avahedheni; uye vaivavenga vaivatonga.
42 Vavengi vavo vakavamanikidzawo, Vakaiswa pasi poruoko rwavo.
43 Akavarwira kazhinji; Asi vakamumukira pakurangana kwavo, Vakaninipiswa nokuda kwezvakaipa zvavo.
44 Kunyange zvakadaro akatarira kutambudzika kwavo, paakanzwa kuchema kwavo;
45 Akarangarira sungano yake nokuda kwavo, Akazvidemba nokuda kokuwanda kwetsitsi dzake.
46 Akavanzwisawo tsitsi Navose vakanga vavatapa.
47 Tiponesei, Jehovha Mwari wedu, Tiunganidzei, tibve pakati pavahedheni, Kuti tivonge zita renyu dzvene, Tifarisise pakukurumbidzai.
48 Jehovha Mwari waIsiraeri ngaakudzwe, Kubva pakusingaperi kusvikira pakusingaperi; vanhu vose ngavati, Ameni. Hareruya!

CHITSAUKO 107

1 Vongai Jehovha, nekuti akanaka; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
2 Vakadzikunurwa vaJehovha ngavadaro, Ivo vaakadzikunura paruoko rwomuvengi;
3 Akavaunganidza panyika dzose, kubva kumabvazuva, nokumavirira, nokumusoro, nezasi.
4 Vakadzungaira murenje munzira isina chinhu; vakashayiwa guta ravangagara.
5 vane nzara nenyota, mweya yavo ikaziya mukati mavo.
6 Ipapo vakachema kuna Jehovha panhamo yavo, Iye akavarwira pamatambudziko avo.
7 Akavatungamirira nenzira yakarurama, Kuti vasvike kuguta rokugara.
8 Haiwa, dai vanhu vachirumbidza Jehovha nokuda kokunaka kwake, Uye nokuda kwamabasa ake, anoshamisa, aakaitira vanakomana vavanhu!
9 Nekuti anogutisa mweya, une nyota, Uye mweya, une nzara, anouzadza nezvakanaka.
10 vakagara murima nomumumvuri worufu, vakasungwa mukutambudzika namatare;
11 Nokuti vakamukira mashoko aMwari, vakazvidza zano reWekumusoro-soro.
12 Saka wakaninipisa moyo yavo nokutambura; vakawira pasi, kukasava nomubatsiri.
13 Ipapo vakachema kuna Jehovha panhamo yavo, Iye akavaponesa pamatambudziko avo.
14 Akavabudisa parima nomumvuri worufu, Akadamburanya zvisungo zvavo.
15 Haiwa, dai vanhu vachirumbidza Jehovha nokuda kokunaka kwake, Uye nokuda kwamabasa ake, anoshamisa, aakaitira vanakomana vavanhu!
16 nekuti wakavhuna masuwo endarira, Nokuguranya mazariro amatare.
17 Mapenzi anotambudzika nokuda kokudarika kwavo, uye nokuda kwezvakaipa zvavo.
18 Mweya wavo unosema zvokudya zvose; uye vanoswedera pedyo namasuwo orufu.
19 Zvino vochema kuna Jehovha panhamo yavo, Iye anovaponesa pamatambudziko avo.
20 Akatuma shoko rake, akavaporesa, nokuvarwira pahunza.
21 Haiwa, dai vanhu vachirumbidza Jehovha nokuda kokunaka kwake, Uye nokuda kwamabasa ake, anoshamisa, aakaitira vanakomana vavanhu!
22 Ngavabayire zvibayiro zvokuvonga, Nokududzira mabasa ake nokuimba.
23 Avo, vanoburukira kugungwa muzvikepe, Vanoshambadzira kumvura zhinji;
24 Ndivo vanoona mabasa aJehovha, Nezvishamiso zvake pakadzika.
25 nekuti anoraira, ndokumutsa dutu guru, rinosimudza mafungu aro.
26 Vanosimudzirwa kudenga, ndokuburukirazve pakadzika; mweya yavo inonyauka nokuda kwenhamo.
27 Vanodzedzereka, vanodzedzereka somunhu akabatwa, uye vapera kuchenjera kwavo.
28 Zvino vochema kuna Jehovha panhamo yavo, Iye ndokuvabudisa pamatambudziko avo.
29 Anonyaradza dutu remhepo, Mafungu aro ndokunyarara.
30 Ipapo vanofara nekuti anyarara; naizvozvo anoaisa kumahombekombe kwavanoda.
31 Haiwa, dai vanhu vachirumbidza Jehovha nokuda kokunaka kwake, Uye nokuda kwamabasa ake, anoshamisa, aakaitira vanakomana vavanhu!
32 Ngavamukudzewo paungano yavanhu, vamurumbidze paungano yavakuru.
33 Anoshandura nzizi dzikaita renje, namatsime emvura aite nyika yakaoma;
34 Nyika, inobereka zvakanaka, ive bango, Nokuda kwezvakaipa zvavanogara mairi.
35 Anoshandura renje riite dziva remvura, Nevhu rakaoma riite matsime emvura.
36 Ndipapo paanogarisa vane nzara, Kuti vamutse guta rokugaramo;
37 Vadzvare minda, vasime minda yemizambiringa, vawane zvibereko zvizhinji.
38 Akavaropafadzawo, vakawanda kwazvo; uye haana kutendera zvipfuwo zvavo kutapudzwa.
39 Uyezve, vakatapudzika, ndokuderedzwa;
40 Anodurura kuzvidza pamusoro pamachinda, Achivadzungaidza murenje musina nzira.
41 Kunyange zvakadaro, anogadza mushaiwi kumusoro kusina dambudziko, Achimumutsira mhuri samapoka amakwai.
42 Akarurama achazviona, akafara; Uye zvakaipa zvose zvichadzivirwa muromo wazvo.
43 Ani naani akachenjera achacherekedza zvinhu izvi, Vachanzwisisa unyoro hwaJehovha.

CHITSAUKO 108

1 Rwiyo. Pisarema raDhavhidhi. moyo wangu wakasimba, Mwari; ndichaimba, nokurumbidza, nokubwinya kwangu;
2 Muka iwe mutengeramwa nembira; Ini ndimene ndichamuka mangwanani.
3 Ndichakuvongai Jehovha, pakati pendudzi dzavanhu; Ndichakuimbirai nziyo dzokurumbidza pakati pavahedheni.
4 nekuti tsitsi dzenyu ihuru kumusoro kokudenga-denga, Uye zvokwadi yenyu inosvikira kudenga rose.
5 imwi mukudzwe Mwari, kumusoro kokudenga-denga; Kurumbidzwa kwenyu ngakuve kumusoro kwapasi pose;
6 Kuti vadikamwi venyu varwirwe, Tiponesei noruoko rwenyu rworudyi, ndipindurei.
7 Mwari akataura pautsvene hwake; Ndichafara; ndichaganhura Shekemu, ndichayera mupata weSukoti.
8 Giriyadhi ndeyangu; Manase ndewangu; Efuremuwo inhaviro yomusoro wangu; Judha ndiye mutemi wangu;
9 Moabhu ndiwo mudziyo wangu wokushambidzira; pamusoro paEdhomu ndipo pandichakandira shangu yangu; pamusoro peFirisitia ndichakunda.
10 Ndianiko achandiisa muguta rakakombwa namasvingo? ndiani achandiperekedza ndiende kuEdhomu?
11 Hamuna kutirasha here, Mwari? Haiwa, Mwari, hamubudi nehondo dzedu here?
12 Tibatsirei pakutambudzika; nekuti kubatsira kwavanhu hakuna maturo.
13 MunaMwari tichaita noumhare, nekuti ndiye achatsikira vadzivisi vedu pasi.

CHITSAUKO 109

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Regai kunyarara, Mwari wokurumbidza kwangu;
2 nekuti vakandishamisira muromo wowakaipa, nomuromo unonyengedzera; Vakandireva norurimi runoreva nhema.
3 Vakandikombawo namashoko embengo; vakarwa neni pasina chikonzero.
4 Pakuvada kwangu vava vadzivisi vangu; Asi ini ndinonyengetera hangu.
5 Vakanditsivira zvakaipa pane zvakanaka, zvandakavaitira, Nembengo pakuvada kwangu.
6 Isai munhu akaipa ave ishe wake; Satani ngaamire paruoko rwake rworudyi.
7 Kana achitongwa, ngaapiwe mhosva; Munyengetero wake ngauve chivi.
8 Mazuva ake ngaave mashoma; uye mumwe ngaatore basa rake.
9 Vana vake ngavave nherera, nemukadzi wake ngaave chirikadzi.
10 Vana vake ngavave vadzungairi nguva dzose, vachipemha; Ngavatsvake zvokudya kure namatongo avo.
11 Waakapara mhosva ngaabate zvose zvaanazvo; vatorwa ngavaparadze zvaakabata.
12 Ngakushaikwe munhu anomunzwira tsitsi; Ngakushaikwe munhu anetsitsi nenherera dzake.
13 Vana vake ngavarove; zita ravo ngaridzimwe parudzi runotevera.
14 Zvakaipa zvamadzibaba ake ngazvirangarirwe naJehovha; uye zvivi zvamai vake ngazvirege kudzimwa.
15 Ngazvirambe zviri pamberi paJehovha nguva dzose, Kuti aparadze kurangarirwa kwavo panyika.
16 Nekuti haana kurangarira kunzwira tsitsi, asi wakatambudza murombo nemushaiwi, kuti auraye vane moyo yakaputsika.
17 Sezvaaida kutuka, zvikauyawo kwaari; Zvaakanga asingafariri kuropafadza, ngazvive kure naye.
18 Akazvifukidzawo nokutuka, zvikaita senguvo yake, zvikapinda muura hwake semvura, namafuta mumafupa ake.
19 Ngazvive kwaari senguvo yaanofukidza nayo, sebhanhire raanozvisunga naro nguva dzose.
20 Uyu ngauve mubairo wavadzivisi vangu, unobva kuna Jehovha, nowavanotaurira mweya wangu zvakaipa.
21 Asi imwi Jehovha Ishe, ndiitirei zvakanaka nokuda kwezita renyu; tsitsi dzenyu zvadzakanaka, ndirwirei.
22 Nokuti ndiri murombo nomushaiwi, Nomoyo wangu wakakuvadzwa mukati mangu.
23 Ndaenda somumvuri wareba; Ndapepereswa pasi semhashu.
24 Mabvi angu haachine simba nokutsanya; nyama yangu yaziya nokukora.
25 Ndavawo chinhu chinozvidzwa navo; Kana vachindiona vanodzungudza misoro yavo.
26 Ndibatsirei, Jehovha Mwari wangu; Ndiponesei netsitsi dzenyu.
27 Kuti vazive kuti ndirwo ruoko rwenyu; kuti imwi Jehovha ndimwi makazviita.
28 Ngavatuke havo, asi imi ropafadzai; asi muranda wenyu ngaafare hake.
29 Vadzivisi vangu ngavafukidzwe nokunyara, Ngavafukidzwe nokunyara kwavo sejasi.
30 Ndicharumbidza Jehovha kwazvo nomuromo wangu; zvirokwazvo, ndichamurumbidza pakati pavazhinji.
31 nekuti iye achamira kuruoko rworudyi rwomurombo, kuti amuponese panavanopa mweya wake mhosva.

CHITSAUKO 110

1 (Pisarema raDhavhidhi.) Jehovha wakati kuna Ishe wangu: Gara kuruoko rwangu rworudyi, Kusvikira ndaita vavengi vako chitsiko chetsoka dzako.
2 Jehovha achatambanudza tsvimbo yesimba rako ribude paZiyoni, achiti, Bata ushe pakati pavavengi vako.
3 Vanhu vako vachazviisa nomoyo wose pazuva rauchaunganidza hondo yako, Panguvo tsvene, pachizvaro chamangwanani, une dova rohujaya hwako.
4 Jehovha akapika, haangazvidembi, achiti, Iwe uri mupristi nokusingaperi. Unorudzi naMerikizedheki.
5 Ishe parudyi rwako uchaparadza madzimambo nezuva rokutsamwa kwake.
6 Iye achatonga pakati pavahedheni, achazadza nzvimbo nezvitunha; achakuvadza misoro pamusoro penyika zhinji.
7 Achamwa parukova panzira; Saka achasimudza musoro.

CHITSAUKO 111

1 Hareruya! Ndicharumbidza Jehovha nomoyo wangu wose, paungano yavakarurama, napaungano.
2 Mabasa aJehovha makuru, anotsvakwa navose vanoafarira.
3 Basa rake rinokudzwa noumambo; Kururama kwake kunogara nokusingaperi.
4 Mabasa ake, anoshamisa, wakaaita chiyeudziro; Jehovha anenyasha netsitsi.
5 Akapa zvokudya vanomutya; Acharangarira sungano yake nokusingaperi.
6 Akaratidza vanhu vake simba ramabasa ake, Kuti avape nhaka yavahedheni.
7 Mabasa amaoko ake izvokwadi nokururamisira; mirairo yake yose ndeyezvokwadi.
8 Dzinomira dzakasimba nokusingaperi-peri, dzakaitwa muzvokwadi nokururama.
9 Akatumira rudzikunuro kuvanhu vake; Akaraira sungano yake nokusingaperi; Zita rake idzvene rinotyisa.
10 Kutya Jehovha ndiko kutanga kouchenjeri; Vose vanoita mirairo yake vane njere dzakanaka; Kurumbidzwa kwake kunogara nokusingaperi.

CHITSAUKO 112

1 Hareruya! Akakomborerwa munhu anotya Jehovha, Anofarira zvikuru mirairo yake.
2 Vana vake vachava nesimba panyika; Rudzi rwowakarurama rucharopafadzwa.
3 fuma nezvakawanda zviri mumba make; Kururama kwake kunogara nokusingaperi.
4 Akarurama anobudirwa nechiedza murima; Iye anenyasha, netsitsi, nokururama.
5 Munhu, akanaka, ane nyasha, anokweretesa; Anofambisa nzira dzake nokungwara.
6 Zvirokwazvo haangazununguswi nokusingaperi; Akarurama acharamba achirangarirwa nokusingaperi.

7 Haangatyi mashoko akaipa; moyo wake wakasimba, unovimba naJehovha.
8 moyo wake wakasimbiswa, haangatyi, Kusvikira aona kukundwa kwavavengi vake.
9 Akaparadzira, akapa varombo; kururama kwake kunogara nokusingaperi; runyanga rwake ruchasimudzwa nokukudzwa.
10 Akaipa achazviona, ndokufa neshungu; achageda-geda meno ake, ndokunyauka; kuchiva kwavakaipa kuchaparara.

CHITSAUKO 113

1 Hareruya! Rumbidzai, imwi varanda vaJehovha, Rumbidzai zita raJehovha.
2 Zita raJehovha ngarikudzwe Kubva panguva ino kusvikira pakusingaperi.
3 Kubva pakubuda kwezuva kusvikira pakuvira kwaro Zita raJehovha rinofanira kurumbidzwa.
4 Jehovha uri kumusoro kwendudzi dzose, Nokubwinya kwake kumusoro kokudenga-denga.
5 Ndiani akafanana naJehovha Mwari wedu, anogara kumusoro,
6 Iye anozvininipisa kuti aone zviri kudenga nezviri panyika.
7 Anosimudza murombo abve muguruva, anosimudza anoshayiwa abve padurunhuru;
8 Kuti amugarise pamwechete namachinda, Iwo machinda avanhu vake.
9 Anogarisa mukadzi asingabereki mumba,ave mai vanofara navana. Hareruya!

CHITSAUKO 114

1 Pakubuda kwaIsiraeri Imba yaJakove ichibuda pakati pavanhu vanorumwe rurimi;
2 Judha yakanga iri imba yake tsvene, naIsiraeri ushe hwake.
3 Gungwa rakazviona, rikatiza; Joridhani rwakadzokera shure.
4 Makomo akapembera samakondobwe, nezvikomo samakwayana.
5 Unonzweiko iwe gungwa, zvaunotiza iwe? Iwe Joridhani zvawakadzokera shure?
6 Nemwi makomo, zvamunopembera samakondobwe; Nemi zvikomo, samakwayana?
7 Dedera iwe nyika, pamberi paIshe, pamberi paMwari waJakove;
8 Iye akashandura dombo, rikava chitubu chemvura, Musarasara rikava tsime remvura.

CHITSAUKO 115

1 Isu kwete, Jehovha, isu kwete, asi zita renyu ngarikudzwe, nokuda kwetsitsi dzenyu, uye nokuda kokutendeka kwenyu.
2 Vahedheni vacharevereiko, vachiti, Mwari wavo zvino uripi?
3 Asi Mwari wedu ari kudenga-denga;
4 Zvifananidzo zvavo isirivha nendarama, basa ramaoko avanhu.
5 Zvine miromo, asi hazvitauri; Meso zvinawo, asi hazvioni;
6 Zvine nzeve, asi hazvinzwi; nemhino zvinadzo, asi hazvinhuhwidzi;
7 Zvina maoko, asi hazvibati; tsoka zvinadzo, asi hazvifambi; hazvitauri nepahuro pazvo.
8 Vanozviita vachafanana nazvo; ndizvo zvakaita vose vanovimba nazvo.
9 Iwe Isiraeri, vimba naJehovha; Ndiye mubatsiri wavo nenhovo yavo.
10 Iwe imba yaAroni, vimba naJehovha; Ndiye mubatsiri wavo nenhovo yavo.
11 imwi munotya Jehovha, vimbai naJehovha; Ndiye mubatsiri wavo nenhovo yavo.
12 Jehovha akatirangarira; achatiropafadza; acharopafadza imba yaIsiraeri; acharopafadza imba yaAroni.
13 Acharopafadza vanotya Jehovha, Vaduku navakuru vose.
14 Jehovha acharamba achikuwanzai, imwi navana venyu.
15 Makaropafadzwa naJehovha, Iye akaita kudenga napasi.
16 Kudenga-denga ndiko kudenga-denga kwaJehovha; Asi pasi akapa vanakomana vavanhu.
17 Vakafa havarumbidzi Jehovha, Kunyange ani naani anoburukira kwakanyarara.
18 Asi isu ticharumbidza Jehovha kubva panguva ino kusvikira pakusingaperi. Rumbidzai Jehovha.

CHITSAUKO 116

1 Ndinoda Jehovha, nekuti akanzwa inzwi rangu nokukumbira kwangu.
2 Zvaakarereka nzeve yake kwandiri, Ndichadana kwaari mazuva angu ose.
3 Misungo yorufu yakandikomba, Kurwadziwa kweSheori kwakandibata; Ndakawana nhamo nokuchema.
4 Ipapo ndakadana zita raJehovha; Haiwa Jehovha, ndinonyengetera kuti murwire mweya wangu.
5 Jehovha anenyasha, akarurama; zvirokwazvo, Mwari wedu ane tsitsi.
6 Jehovha anochengeta vasina mano; Ndakanga ndashaiwa simba, iye akandibatsira.
7 Dzokera kuzororo rako, mweya wangu; nekuti Jehovha wakakuitirai zvakanaka.
8 Nekuti makarwira mweya wangu parufu; Meso angu pamisodzi, Nerutsoka rwangu pakugumburwa.
9 Ndichafamba pamberi paJehovha Panyika yavapenyu.
10 Ndakatenda, naizvozvo ndikataura, Ndakatambudzika kwazvo;
11 Ndakati pakukaruka kwangu, Vanhu vose vanoreva nhema;
12 Ndichavigireiko Jehovha Pamusoro pemikomborero yake yose kwandiri?
13 Ndichasimudza mukombe wokuponeswa, Ndichidana zita raJehovha.
14 Ndicharipa mhiko dzangu kuna Jehovha zvino pamberi pavanhu vake vose.
15 Chinhu chinokosha pamberi paJehovha ndirwo rufu rwavatsvene vake.
16 Haiwa Jehovha, zvirokwazvo ndiri muranda wenyu; ndiri muranda wenyu, nomwanakomana womurandakadzi wenyu; makandisununguru pangetani dzangu.
17 Ndichakubayirai chibayiro chokuvonga, Ndichidana zita raJehovha.

18 Ndichazadzisa mhiko dzangu kuna Jehovha zvino pamberi pavanhu vake vose.
19 Pavazhe dzeimba yaJehovha, Mukati mako, iwe Jerusaremu. Hareruya!

CHITSAUKO 117

1 Rumbidzai Jehovha, imwi ndudzi dzose dzavanhu; Murumbidzei, imwi vanhu vose.
2 nekuti tsitsi dzake kwatiri ihuru; Kutendeka kwaJehovha kunogara nokusingaperi. Hareruya!

CHITSAUKO 118

1 Vongai Jehovha; nekuti akanaka; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
2 Isiraeri zvino ngavati, tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
3 Veimba yaAroni zvino ngavati, tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
4 Vanotya Jehovha zvino ngavati, tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
5 Ndakadana kuna Jehovha pakutambudzika; Jehovha akandipindura, akandiisa panzvimbo yakafarikana.
6 Jehovha ari kurutivi rwangu; handingatyi; munhu angandiiteiko?
7 Jehovha ari kurutivi rwangu pakati pavanondibatsira; Naizvozvo ndichaona kuchiva kwangu pamusoro pavanondivenga.
8 Zviri nani kutizira kuna Jehovha Pakuvimba nomunhu.
9 Zviri nani kutizira kuna Jehovha Pakuvimba namachinda.
10 Ndudzi dzose dzakandikomba; nezita raJehovha ndichavaparadza.
11 Zvakandikomba; zvirokwazvo, vakandikomba, vachandikomba, asi nezita raJehovha ndichavaparadza.
12 Zvakandikomba senyuchi; vakadzimwa somoto wemhinzwa; nekuti ndichavaparadza nezita raJehovha.
13 Kundisundidzira wakandisundidzira iwe kuti ndiwe; Asi Jehovha akandibatsira.
14 Jehovha ndiye simba rangu norwiyo rwangu; iye wava ruponeso rwangu.
15 Inzwi rokufara nerokuponeswa riri mumatende avakarurama; Ruoko rworudyi rwaJehovha runokunda.
16 Ruoko rworudyi rwaJehovha rwakasimudzwa, Ruoko rworudyi rwaJehovha runokunda.
17 Handingafi, asi ndichararama, Ndichaparidza mabasa aJehovha.
18 Jehovha akandiranga kwazvo, Asi haana kundiisa pakufa.
19 Ndizarurirei masuwo okururama; ndichapinda maari, ndigorumbidza Jehovha;
20 Iri suwo raJehovha, panopinda vakarurama;
21 Ndichakuvongai, nekuti makandinzwa, mukava muponesi wangu.
22 Ibwe rakaraswa navavaki ndiro rava musoro wekona.
23 Ichi chinhu chakabva kuna Jehovha; zvinoshamisa pameso edu.
24 Rino izuva rakaitwa naJehovha; tichafara nokufarisisa mariri.
25 Ponesai henyu zvino, Jehovha ndizvo zvandinokumbira; Jehovha, tipei mufaro ndizvo zvandinokumbira.
26 Ngaarumbidzwe iye unouya nezita raJehovha; Takakuropafadzai tiri mumba maJehovha.
27 Jehovha ndiye Mwari wakativhenekera; sungai chibayiro namabote ipo panyanga dzeatari.
28 imwi muri Mwari wangu, ndichakurumbidzai; imwi muri Mwari wangu, ndichakukudzai.
29 Vongai Jehovha; nekuti akanaka; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.

CHITSAUKO 119

1 AREFI. Vakaropafadzwa avo vane nzira isina chaingapomerwa, vanofamba mumurayiro waJehovha.
2 Vakaropafadzwa vanochengeta zvipupuriro zvake, Vanomutsvaka nomoyo wose.
3 Zvirokwazvo, havaiti chinhu chisina kururama, Vanofamba munzira dzake.
4 Makatiraira zviga zvenyu, Kuti tizvichengete zvakanaka.
Haiwa, dai nzira dzangu dzakagadzirirwa Kuchengeta mitemo yenyu!
6 Ipapo handinganyadziswi, Kana ndichirangarira mirairo yenyu yose.
7 Ndichakurumbidzai nomoyo wakarurama, Kana ndichidzidza zvamakatonga zvakarurama.
8 Ndichachengeta mitemo yenyu; Haiwa, regai kundirasha chose.
9 BETH. Jaya ringaramba richinatsa nzira yaro neiko? nokuzvichenjerera sezvinoreva shoko renyu.
10 Ndakakutsvakai nomoyo wangu wose; Musanditendera kutsauka pamirairo yenyu.
11 Shoko renyu ndakariviga mumoyo mangu, kuti ndirege kukutadzirai.
12 imwi munofanira kukudzwa, Jehovha; Ndidzidzisei mitemo yenyu.
13 Ndakadudzira nemiromo yangu zvose zvamakatonga nomuromo wenyu.
14 Ndakafara kwazvo munzira yezvipupuriro zvenyu, Sezvandinofarira fuma yose.
15 Ndichafungisisa zviga zvenyu, Nokurangarira nzira dzenyu.
16 Ndichazvifadza nemitemo yenyu; Handingakangamwi shoko renyu.
17 GIMEL. Itirai muranda wenyu zvakanaka, kuti ndirarame, ndichengete shoko renyu.
18 Ndisvinudzei meso angu, kuti ndione Zvinhu zvinoshamisa zviri pamurau wenyu.
19 Ndiri mutorwa panyika; regai kundivanzira mirairo yenyu.
20 Mweya wangu wapedzwa nokushuva nguva dzose zvamakatonga.
21 Makaraira vanozvikudza, Ngavatukwe vanotsauka pamirairo yenyu.
22 Bvisai kwandiri kushorwa nokuzvidzwa; nekuti ndakachengeta zvipupuriro zvenyu.
23 Machinda akagara akandireva; Asi muranda wenyu akafungisisa mitemo yenyu.
24 Zvipupuriro zvenyuwo zvinondifadza kwazvo, Ndizvo zvinondipa mano.
25 DARETI. Mweya wangu unonamatira guruva; Ndiponesei neshoko renyu.
26 Ndakadudzira nzira dzangu, imwi mukandinzwa; Ndidzidzisei mitemo yenyu.

27 Ndidzidzisei ndinzwisise nzira yezviga zvenyu; Ipapo ndichafungisisa mabasa enyu anoshamisa.
28 Mweya wangu unonyunguruka nokuremerwa; ndisimbisei sezvinoreva shoko renyu.
29 Bvisai kwandiri nzira yenhema; Nenyasha dzenyu mundipe murau wenyu.
30 Ndakasanangura nzira yechokwadi; Ndakaisa zvamakatonga pamberi pangu.
31 Ndakanamatira zvipupuriro zvenyu; Jehovha, regai kundinyadzisa.
32 Ndichamhanya nenzira yemirairo yenyu, Kana munenge makurisa moyo wangu.
33 HE. Ndidzidzisei, Jehovha, nzira yemitemo yenyu; ndichazvichengeta kusvikira pakuguma.
34 Ndipei njere, ndichengete murau wenyu; zvirokwazvo, ndichauchengeta nomoyo wangu wose.
35 Ndifambisei munzira yemirairo yenyu; nekuti ndinoifarira.
36 Kweverai moyo wangu kuzvipupuriro zvenyu, Urege kukweverwa mukuchiva.
37 Dzorai meso angu ndirege kuona zvisina maturo; Ndiponesei panzira yenyu.
38 Simbisai Shoko renyu kumuranda wenyu, Rakakwanira vanokutyai.
39 Bvisai kunyadziswa kwangu kwandinotya, nekuti zvamakatonga zvakanaka.
40 Tarirai, ndakashuva zviga zvenyu; Ndiponesei mukururama kwenyu.
41 VAU. Tsitsi dzenyu ngadziuyewo kwandiri, Jehovha, Iko kuponesa kwenyu, sezvinoreva shoko renyu.
42 Naizvozvo ndichagona kupindura anondishora; nekuti ndinovimba neshoko renyu.
43 Regai kubvisa shoko rezvokwadi chose pamuromo wangu; nekuti ndakatarira zvamakatonga.
44 Naizvozvo ndichasichengeta murau wenyu Nokusingaperi-peri.
45 Ndichafamba ndakasununguka, nekuti ndakatsvaka zviga zvenyu.
46 Ndichataurawo zvipupuriro zvenyu pamberi pamadzimambo, Ndisinganyadziswi.
47 Ndichazvifadza kwazvo nemirairo yenyu, Yandinoda.
48 Ndichasimudzirawo maoko angu kumirairo yenyu, yandinoda; Ndichafungisisa mitemo yenyu.
49 ZAIN. Rangarirai shoko renyu kumuranda wenyu, nekuti makandimutsira tariro.
50 Ndizvo zvinondinyaradza pakutambudzika kwangu; nekuti shoko renyu rakandiponesa.
51 Vanozvikudza vakandiseka kwazvo; Kunyange zvakadaro handina kutsauka pamurau wenyu.
52 Ndakarangarira zvamakatonga kare-kare, Jehovha; uye ndazvinyaradza.
53 Kutya kwakandibata nokuda kwavakaipa vanorasha murau wenyu.
54 Zvipupuriro zvenyu dzakanga dziri nziyo dzangu muimba youtorwa hwangu.
55 Ndakarangarira zita renyu, Jehovha, usiku, Ndikachengeta murau wenyu.
56 Ndizvo zvandakanga ndinazvo, nekuti ndakachengeta zviga zvenyu.
57 CHETH. Ndimi mugove wangu, Jehovha; Ndakati ndichachengeta mashoko enyu.
58 Ndakakumbira chiso chenyu nomoyo wangu wose; Ndinzwirei nyasha, sezvinoreva shoko renyu.
59 Ndakafunga nzira dzangu, Ndikadzorera tsoka dzangu kuzvipupuriro zvenyu.
60 Ndakakurumidza, handina kunonoka Kuchengeta mirairo yenyu.
61 Mabote avakaipa akandimonera; Asi handina kukanganwa murau wenyu.
62 Ndichamuka pakati pousiku kuti ndikuvongei Pamusoro pezvamakatonga zvakarurama.
63 Ndiri shamwari yavose vanokutyai, Neyavanochengeta zviga zvenyu.
64 Jehovha, pasi pazere netsitsi dzenyu; Ndidzidzisei mitemo yenyu.
65 TETH. Makaitira muranda wenyu zvakanaka, Jehovha, sezvinoreva shoko renyu.
66 Ndidzidzisei ungwaru hwakanaka nezivo; nekuti ndakatenda mirairo yenyu.
67 Ndakati ndichigere kutambudzika ndikarashika; Asi zvino ndinochengeta shoko renyu.
68 imwi makanaka, uye munoita zvakanaka; ndidzidzisei mitemo yenyu.
69 Vanozvikudza vakandipomera nhema; Ndichachengeta zviga zvenyu nomoyo wangu wose.
70 Moyo wavo wakakora samafuta; Asi ndinofarira murau wenyu.
71 Zvakanga zvakanaka kuti nditambudzike; Kuti ndidzidze mitemo yenyu.
72 Murau womuromo wenyu wakanaka kwandiri kupfuura zviuru zvendarama nesirivha.
73 JOD. Maoko enyu akandiita nokundisimbisa; Ndipei kunzwisisa, kuti ndidzidze mirairo yenyu.
74 Vanokutyai vachafara kana vachindiona; nekuti ndakatarira shoko renyu.
75 Ndinoziva, Jehovha, kuti zvamakatonga zvakarurama, Uye kuti makanditambudza nokutendeka.
76 Ndinokumbira kuti tsitsi dzenyu dzindinyaradze, Sezvamakareva kumuranda wenyu.
77 Unyoro bwenyu ngabwuuye kwandiri, kuti ndirarame; nekuti murau wenyu ndiwo mufaro wangu mukuru.
78 Vanozvikudza ngavanyadziswe; nekuti vakandiitira zvakaipa ndisina mhosva; Asi ini ndichafungisisa zviga zvenyu.
79 Vanokutyai ngavadzokere kwandiri, Vagoziva zvipupuriro zvenyu.
80 moyo wangu ngaururame pamitemo yenyu; kuti ndirege kunyadziswa.
81 CAPH. Mweya wangu unopanga ruponeso rwenyu, asi ndinotarira shoko renyu.
82 Meso angu anopera nokutsvaka shoko renyu, Ndichiti, Muchandinyaradza rinhiko?
83 Nokuti ndava sehombodo iri muutsi; kunyange zvakadaro handikangamwi mitemo yenyu.
84 Mazuva omuranda wenyu manganiko? Muchatonga vanonditambudza rinhiko?
85 Vanozvikudza vakandicherera hunza, Ivo vasingateereri murau wenyu.
86 Mirairo yenyu yose yakatendeka; Vanonditambudza ndisina mhosva; ndibatsireiwo.
87 Vakanga voda kundipedza panyika; Asi handina kusiya zviga zvenyu.

88 Ndiponesei nokuda kounyoro bwenyu; saizvozvo ndichachengeta zvipupuriro zvomuromo wenyu.
89 LAMED. Shoko renyu rakasimba kudenga Nokusingaperi, Jehovha.
90 Kutendeka kwenyu kunosvika kumarudzi namarudzi; imwi makasimbisa pasi, panoramba pagere.
91 Zvinoramba zvigere nanhasi sezvamakatema; nekuti zvose varanda venyu.
92 Dai murau wenyu usina kuva mufaro wangu mukuru, Ndingadai ndakaparara nedambudziko rangu.
93 Handingatongokangamwi zviga zvenyu; nekuti makandiponesa nazvo.
94 Ndiri wenyu, ndiponesei; nekuti ndakatsvaka zviga zvenyu.
95 Vakaipa vakandigarira kuti vandiparadze; Asi ini ndichafunga zvipupuriro zvenyu.
96 Ndakaona kuguma kwezvose zvakakwana, Asi murayiro wenyu mupamhi kwazvo.
97 MEM. Haiwa, ndinoda murau wenyu seiko! ndiko kufunga kwangu zuva rose.
98 Mirairo yenyu inondiita akachenjera kupfuura vavengi vangu; nekuti inogara neni nokusingaperi.
99 Ndine njere kupfuura vadzidzisi vangu vose; nekuti zvipupuriro zvenyu ndizvo zvandinofungisisa.
100 Ndinonzwisisa kupfuura vakakwegura, nekuti ndinochengeta zviga zvenyu.
101 Ndakadzora tsoka dzangu panzira dzose dzakaipa; Kuti ndichengete shoko renyu.
102 Handina kutsauka pamitemo yenyu; nekuti makandidzidzisa.
103 Mashoko enyu anonaka seiko mumukamwa mangu! Zvirokwazvo, anotapira kukunda uchi mumukanwa mangu!
104 Pazviga zvenyu ndinowana njere; Saka ndinovenga nzira dzose dzenhema.
105 NUN. Shoko renyu mwenje wetsoka dzangu, nechiedza panzira yangu.
106 Ndakapika, ndikazvisimbisa, Kuti ndichachengeta zvamakatonga zvakarurama.
107 Ndinotambudzika kwazvo; Ndiponesei, Jehovha, neshoko renyu.
108 Gamuchirai henyu Jehovha ndizvo zvandinokumbira zvipo zvomuromo wangu zvandinopa nomoyo wangu, Mundidzidzise zvamakatonga.
109 Mweya wangu unogara uri muruoko rwangu; Kunyange zvakadaro handikangamwi murau wenyu.
110 Vakaipa vakanditeyera musungo; Kunyange zvakadaro handina kutsauka pazviga zvenyu.
111 Zvipupuriro zvenyu ndakazviita nhaka yangu nokusingaperi; nekuti ndizvo zvinofadza moyo wangu.
112 Ndakarerekera moyo wangu kuti uite mitemo yenyu, Nokusingaperi, kusvikira pakuguma.
113 SAMECH. Ndinovenga pfungwa dzisina maturo; asi ndinoda murau wenyu.
114 imwi muri chivando changu nenhovo yangu; Ndinotarira shoko renyu.
115 Ibvai kwandiri, imwi munoita zvakaipa; nekuti ndichachengeta mirairo yaMwari wangu.
116 Nditsigirei sezvinoreva shoko renyu, kuti ndirarame; Kuti ndirege kunyadziswa pakutarira kwangu.
117 Nditsigirei, ndichengetwe; Ndicharamba ndichirangarira mitemo yenyu.
118 Makazvidza vose vanotsauka pamitemo yenyu; nekuti kunyengera kwavo inhema.
119 Vakaipa vose vapasi munovagumisa sefuro; Naizvozvo ndinoda zvipupuriro zvenyu.
120 Nyama yangu inobvunda nokukutyai; ndinotya zvamakatonga.
121 AIN. Ndakaita zvakatongwa nezvakarurama; musandisiya kuvadzvinyiriri vangu.
122 Ivai rubatso rwomuranda wenyu kuti ndiitirwe zvakanaka; Vanozvikudza ngavarege kundimanikidza.
123 Meso angu apera nokutsvaka kuponesa kwenyu, Neshoko rokururama kwenyu.
124 Itirai muranda wenyu nounyoro bwenyu, Mundidzidzise mitemo yenyu.
125 Ndiri muranda wenyu; ndipeiwo kunzwisisa kuti ndigoziva zvipupuriro zvenyu.
126 Inguva yenyu yokubata, Jehovha; nekuti vakaputsa murau wenyu.
127 Saka ndinoda mirairo yenyu kupfuura ndarama; zvirokwazvo, kupfuura ndarama yakaisvonaka.
128 Saka ndinoti, zviga zvenyu zvose pamusoro pezvose zvakarurama; ndinovenga nzira dzose dzenhema.
129 PE. Zvipupuriro zvenyu zvinoshamisa; Saka mweya wangu unozvichengeta.
130 Kuzarurwa kwamashoko enyu kunopa chiedza; kunopa kunzwisisa kuna vasina mano.
131 Ndakashamisa muromo wangu, ndikatakwaira; nekuti ndakashuva mirairo yenyu.
132 Nditarirei, mundinzwire nyasha, Sezvamunoitira vanoda zita renyu.
133 Rongedzai kutsika kwangu mushoko renyu; Zvakaipa ngazvirege kutongova nesimba pamusoro pangu.
134 Ndirwirei pakumanikidza komunhu; Naizvozvo ndichachengeta zviga zvenyu.
135 Vhenekesai chiso chenyu pamusoro pomuranda wenyu; ndidzidzisei mitemo yenyu.
136 Nzizi dzemvura dzinoyerera pameso angu, nekuti havachengeti murau wenyu.
137 TZADDI. imwi makarurama, Jehovha, Nezvamakatonga zvakaruramawo.
138 Makaraira zvipupuriro zvenyu zvakarurama, zvakatendeka kwazvo.
139 Kushingaira kwangu kwakandipedza, nekuti vavengi vangu vakakangamwa mashoko enyu.
140 Shoko renyu rakaisvonatswa; Saka muranda wenyu anorida.
141 Ndiri muduku, ndakazvidzwa; Kunyange zvakadaro handikangamwi zviga zvenyu.
142 Kururama kwenyu ndiko kururama kusingaperi, Nomurau wenyu izvokwadi.
143 Nhamo nokumanikidzwa zvakandibata; Asi mirairo yenyu ndiwo mufaro wangu mukuru.
144 Zvipupuriro zvenyu zvakarurama nokusingaperi; Ndipei kunzwisisa, ndigorarama.
145 KOPH. Ndakachema nomoyo wangu wose; ndipindurei, Jehovha; Ndichachengeta mitemo yenyu.
146 Ndakachema kwamuri; ndiponesei, ndigochengeta zvipupuriro zvenyu.
147 Ndakatangira mambakwedza ndikadana; Ndakatarira shoko renyu.
148 Meso angu anotangira nguva dzousiku, Kuti ndifungisise shoko renyu.

149 Inzwai inzwi rangu nokuda kounyoro bwenyu; Ndiponesei Jehovha, sezvinoreva zvamakatonga.
150 Vanotevera zvakaipa voswedera pedo; Vari kure nomurau wenyu.
151 imwi muri pedo, Jehovha; Uye mirairo yenyu yose izvokwadi.
152 Kubva kare ndakaziva zvipupuriro zvenyu Kuti makazviteya nokusingaperi.
153 RESH. Tarirai dambudziko rangu, mundirwire; nekuti handikangamwi murau wenyu.
154 Ndireverei mhosva yangu, mundirwire; Ndiponesei sezvinoreva shoko renyu.
155 Kuponeswa kuri kure navakaipa; nekuti havatsvaki mitemo yenyu.
156 Tsitsi dzenyu izhinji, Jehovha; Ndiponesei sezvinoreva zvamakatonga.
157 Vatambudzi vangu navavengi vangu vazhinji; Kunyange zvakadaro handina kutsauka pazvipupuriro zvenyu.
158 Ndakaona vadariki, ndikavasema; nekuti havana kuchengeta shoko renyu.
159 Fungai kuti ndinoda zviga zvenyu; Ndiponesei, Jehovha, nokuda kounyoro bwenyu.
160 Shoko renyu ichokwadi kubva pakutanga; Zvose zvamakatonga, zvakarurama, zvinogara nokusingaperi.
161 SCHIN. Machinda akanditambudza ndisina mhosva; Asi moyo wangu unotya shoko renyu.
162 Ndinofarira shoko renyu kwazvo, Somunhu awana zvizhinji zvakapambwa.
163 Nhema ndinodzivenga nokudzisema; Asi murau wenyu ndinouda.
164 Ndinokurumbidzai kanomwe pazuva, Nokuda kwezvamakatonga zvakarurama.
165 Vanoda murau wenyu vane rugare rukuru; Hapana chinovagumbusa.
166 Jehovha, ndakatarira kuponesa kwenyu, Ndikaita mirairo yenyu.
167 Mweya wangu wakachengeta zvipupuriro zvenyu; uye ndinovada zvikuru.
168 Ndakachengeta zviga zvenyu nezvipupuriro zvenyu; nekuti nzira dzangu dzose dziri pamberi penyu.
169 TAU. Kuchema kwangu ngakusvike pamberi penyu, Jehovha; Ndipei kunzwisisa sezvinoreva shoko renyu.
170 Kukumbira kwangu ngakusvike pamberi penyu; Ndirwirei sezvinoreva shoko renyu.
171 Miromo yangu ngairumbidze; nekuti munondidzidzisa mitemo yenyu.
172 Rurimi rwangu ngarutaure shoko renyu; nekuti mirairo yenyu yose yakarurama.
173 Ruoko rwenyu ngarundibatsire; nekuti ndakasanangura zviga zvenyu.
174 Ndakashuva kuponesa kwenyu, Jehovha; Murau wenyu ndiwo mufaro wangu mukuru.
175 Mweya wangu ngaurarame, ugokurumbidzai; ndibatsireiwo zvamakatonga.
176 Ndakadzungaira segwai rakarashika; tsvakai muranda wenyu; nekuti handikangamwi mirairo yenyu.

CHITSAUKO 120

1 Pakutambudzika kwangu ndakadana kuna Jehovha, Iye akandipindura.
2 Rwirai mweya wangu, Jehovha, pamiromo inoreva nhema, naparurimi runonyengedzera.
3 Iwe uchapiweiko? Kana iwe, uchaiteiko kwauri, iwe rurimi runonyengera?
4 Miseve inopinza yeanesimba, Namazimbe omurara.
5 Ndine nhamo zvandiri mutorwa paMesheki, Zvandigere pamatende eKedhari!
6 Mweya wangu wakagara nguva refu Neanovenga rugare.
7 Ini ndinoda rugare; asi kana ndichitaura, ivo vanotsvaka kurwa.

CHITSAUKO 121

1 Ndichasimudzira meso angu kumakomo, kubatsirwa kwangu kunobva kupi?
2 Kubatsirwa kwangu kunobva kuna Jehovha, wakaita kudenga napasi.
3 Haangatenderi rutsoka rwako kuti rutedzemuke; Muchengeti wako haangakotsiri.
4 Tarirai, muchengeti waIsiraeri Haangakotsiri kana kuvata.
5 Jehovha muchengeti wako; Jehovha mumvuri wako paruoko rwako rworudyi.
6 Zuva haringakubayi masikati, Nomwedzi usiku.
7 Jehovha achakuchengeta pazvakaipa zvose; Achachengeta mweya wako.
8 Jehovha achakuchengeta pakubuda kwako napakupinda kwako, Kubva panguva ino kusvikira pakusingaperi.

CHITSAUKO 122

1 Rwiyo rwaDhavhidhi. Ndakafara panguva yavakati kwandiri, Hendei kumba kwaJehovha.
2 Tsoka dzedu dzimire mukati mamasuwo ako, iwe Jerusaremu;
3 Jerusarema rakavakwa seguta rakabatanidzwa;
4 Ndiko kunokwira ndudzi, ndudzi dzaJehovha, Kuchipupuriro chaIsiraeri, Kuti vavonge zita raJehovha.
5 Nokuti ndiko kwakagadzwa zvigaro zvokutonga, zvigaro zvoushe zveimba yaDhavhidhi.
6 kumbirirai Jerusaremu rugare; Vanokudai, vachakomborerwa.
7 Rugare ngaruve mukati mamasvingo ako, Nokufarikana mukati medzimba dzako dzoushe.
8 Nokuda kwehama dzangu neshamwari dzangu, ndichati zvino, Rugare ngaruve mukati mako.
9 Nokuda kweimba yaJehovha Mwari wedu ndichakutsvakira zvakanaka.

CHITSAUKO 123

1 Ndinosimudzira meso angu kwamuri, imwi munogara kudenga.
2 Tarirai, meso avaranda sezvaanotarira ruoko rwatenzi wavo, uye meso omusikana paruoko rwatenzikadzi wake; saizvozvo meso edu anotarira kuna Jehovha Mwari wedu, Kusvikira atinzwira nyasha.
3 Tinzwirei nyasha, Jehovha, tinzwirei nyasha, nekuti tapera kwazvo-kwazvo nokuzvidzwa.
4 Mweya wedu wakazara kwazvo nokushorwa kwavakagarika, Nokuzvidzwa kwavanozvikudza.

CHITSAUKO 124

1 Rwiyo rwaDhavhidhi. Dai Jehovha asaiva nesu, Isiraeri ngavadaro;
2 Dai Jehovha aisava nesu, Panguva yatakamukirwa navanhu;
3 Ipapo vakatimedza vachiri vapenyu, Panguva yatakamukirwa nehasha dzavo;
4 Mvura zhinji yakatifukidza, rwizi rwakanga rwapfuura napamusoro pomweya wedu.
5 Mvura zhinji, inozvikudza, yakapfuura napamusoro pomweya wedu;
6 Jehovha ngaarumbidzwe, Iye asina kutiisa kuti tiparadzwe nameno avo.
7 Mweya wedu wapukunyuka seshiri parugombe rwomuteyi weshiri; Rugombe rwadambuka, isu tapukunyuka.
8 Kubatsirwa kwedu kuri muzita raJehovha, Wakaita kudenga napasi.

CHITSAUKO 125

1 Vanovimba naJehovha vachafanana negomo reZiyoni, risingazununguswi, asi rinogara nokusingaperi.
2 Sokupoteredzwa kweJerusarema namakomo, Saizvozvo Jehovha unopoteredza vanhu vake kubva zvino kusvikira pakusingaperi.
3 nekuti shamhu yowakaipa haingagari panhaka yavakarurama; Kuti vakarurama varege kutambanudzira maoko avo kune zvakaipa.
4 Jehovha, itai zvakanaka kune vakanaka, nevane moyo yakarurama.
5 Kana vari vanotsaukira kunzira dzavo dzakaminama, Jehovha achavabudisa pamwechete navaiti vezvakaipa; rugare ngaruve pamusoro paIsiraeri.

CHITSAUKO 126

1 Jehovha paakadzosa vatapwa veZiyoni, isu takanga takafanana navanorota hope.
2 Ipapo miromo yedu yakanga izere nokuseka, Norurimi rwedu nokuimba; Ipapo vakati pakati pavahedheni, Jehovha akavaitira zvinhu zvikuru.
3 Jehovha wakatiitira zvinhu zvikuru; naizvozvo tinofara.
4 Dzosai vatapwa vedu, Jehovha, sehova dzezasi.
5 Vanodzvara nemisodzi vachakohwa nomufaro.
6 Uyo unobuda, achichema, akatakura tsama yemhodzi, uchadzoka nomufaro akatakura zvisote zvake.

CHITSAUKO 127

1 Rwiyo rworwendo rwaSoromoni. Kana Jehovha asingavaki imba, vavaki vayo vanobata pasina; kana Jehovha asingachengeti guta, murindi anorindira pasina.
2 Hazvina maturo kuti mumuke mangwanani nokunonoka kuvata, Nokudya zvokudya zvamakatamburira;
Tarirai, vana inhaka inobva kuna Jehovha, Chibereko chechizvaro ndiwo mubayiro wake.
4 Semiseve muruoko rwemhare; ndizvo zvakaita vana voujaya.
5 Unomufaro iye murume anegoba rizere navo; havanganyadziswi, asi vachataura navavengi vavo pasuwo.

CHITSAUKO 128

1 Vakaropafadzwa vose vanotya Jehovha; Anofamba munzira dzake.
2 nekuti iwe uchadya zvawakabatira namaoko ako; Uchava nomufaro, uye zvichava zvakanaka newe.
3 Mukadzi wako uchava somuzambiringa, unobereka zvakanaka, pakati peimba yako; Vana vako vachava semiti yemiorivhi, vakakomberedza tafura yako.
4 Tarirai, murume anotya Jehovha Acharopafadzwa saizvozvo.
5 Jehovha uchakuropafadza ari paZiyoni; uchaona kukomborerwa kweJerusaremu mazuva ose oupenyu hwako.
6 Zvirokwazvo, uchaona vana vavana vako, rugare rwuri pamusoro paIsiraeri.

CHITSAUKO 129

1 (Rwiyo rwokutanga.) Vakanditambudza kazhinji kubva pauduku hwangu, Isiraeri ngaadaro zvino;
2 Vakanditambudza kazhinji kubva pauduku hwangu, Kunyange zvakadaro havana kundikunda.
3 Varimi vakarima pamusana wangu, Vakaita mihoronga yavo mirefu.
4 Jehovha akarurama; Akadambura mabote avakaipa.
5 Ngavanyadziswe, vadzoserwe shure, ivo vanovenga Ziyoni;
6 Ngavave souswa huri pamusoro pedenga, hunooma husati hwakura;
7 Mucheki haazadzi ruoko rwake nahwo; kana anosunga zvisote, fungatwa rake.
8 Navanopfuura havangati, Jehovha ngaakuropafadzei; tinokuropafadzai nezita raJehovha.

CHITSAUKO 130

1 Ndakadanidzira kwamuri, Jehovha, ndiri makadzika.
2 Ishe, inzwai inzwi rangu; Nzeve dzenyu ngadziteerere inzwi rokukumbira kwangu.
3 Dai imwi Jehovha, mairangarira zvisakarurama, Ndianiko airamba amire, Ishe?
4 Asi kukangamwirwa kuriko kwamuri, Kuti vanhu vakutyei.
5 Ndinorindira Jehovha, mweya wangu unorindira; Ndinotarira shoko rake.
6 Mweya wangu unorindira Ishe, Kupfuura varindi vanorindira rungwanani;
7 Isiraeri, tarirai kuna Jehovha; nekuti kuna Jehovha kune tsitsi, Uye kwaari kunokudzikunurwa kukuru.
8 Iye achadzikunura Isiraeri Panezvisakarurama zvake zvose.

CHITSAUKO 131

1 Jehovha, moyo wangu hauzvikudzi, meso angu haana manyawi; Handine hanya nezvinhu zvikuru-kuru, Kana zvinhu zvinondikurira.
2 Zvirokwazvo ndakazvibata ndichizvinyaradza, Somwana wakarumurwa ari pana mai vake; Mweya wangu wakaita somwana akarumurwa.

3 Isiraeri ngaavimbe naJehovha kubva zvino kusvikira pakusingaperi.

CHITSAUKO 132

1 Rwiyo rwemadhigirii. Jehovha, rangarirai Dhavhidhi Nenhamo dzake dzose;
2 Akapika kuna Jehovha, Nokupika kuna Mwari waJakove;
3 Zvirokwazvo handingapindi mutende reimba yangu, Kana kukwira panhovo dzangu;
4 Handingatenderi meso angu hope, Kana mafungiro ameso angu kukotsira;
5 Kusvikira ndawanira Jehovha nzvimbo, Netabhenakeri dzaWamasimba waJakove.
6 Tarirai, takazvinzwa paEfurata; Takazviwana pasango redondo.
7 Tichapinda mutabhenakeri dzake; Tichanamata pachitsiko chetsoka dzake.
8 Simukai Jehovha, mupinde muzororo renyu; imi, neareka yesimba renyu.
9 Vapristi venyu ngavafukidzwe nokururama; uye vatsvene venyu ngavapururudze nomufaro.
10 Nokuda kwaDhavhidhi muranda wenyu Regai kuramba chiso chomuzodziwa wenyu.
11 Jehovha akapika kuna Dhavhidhi; haangatsauki pairi; Ndichagadzawo zvibereko zvomuviri wako pachigaro chako choushe.
12 Kana vana vako vakachengeta sungano yangu nezvipupuriro zvangu zvandichavadzidzisa, navana vavowo vachagara pachigaro chako choushe nokusingaperi.
13 nekuti Jehovha wakasanangura Ziyoni; akarida huve ugaro hwake.
14 Pano ndipo pandinozororora nokusingaperi; Ndichagara pano; nekuti ndakachida.
15 Ndicharopafadza zvokudya zvaro kwazvo; Ndichagutisa varombo varo nezvokudya.
16 Vapristi varo ndichavafukidzawo noruponeso, Vatsvene varo vachapururudza nomufaro.
17 Ipapo ndichameresera Dhavhidhi runyanga; Ndakagadzirira muzodzwa wangu mwenje.
18 Vavengi vake ndichavafukidza nokunyadziswa; Asi pamusoro pake korona yake ichapenya.

CHITSAUKO 133

1 Tarirai, kunaka kwazvo nokufadza kwazvo Kana hama dzichigara pamwechete norugare.
2 Zvakafanana namafuta anokosha ari pamusoro, anoyerera pandebvu, idzo ndebvu dzaAroni, anoburukira kusvikira pamipendero yenguvo dzake;
3 Zvakafanana nedova reHerimoni, uye sedova, rinoburukira pamakomo eZiyoni; nekuti ndipo Jehovha paakaraira kuropafadza, Ndihwo upenyu husingaperi.

CHITSAUKO 134

1 Tarirai, rumbidzai Jehovha, imwi varanda vose vaJehovha, imwi munomira usiku mumba maJehovha.
2 Simudzirai maoko enyu panzvimbo tsvene, murumbidze Jehovha.
3 Jehovha, akasika kudenga napasi, ngaakuropafadze ari paZiyoni.

CHITSAUKO 135

1 Hareruya! Rumbidzai zita raJehovha; murumbidzei, imwi varanda vaJehovha.
2 Imi mumire mumba maJehovha, muvazhe dzeimba yaMwari wedu.
3 Rumbidzai Jehovha; nekuti Jehovha akanaka; Imbirai zita rake nziyo dzokurumbidza; nokuti zvinofadza.
4 nekuti Jehovha akazvisanangurira Jakove, NaIsiraeri kuti ave fuma yake chaiyo.
5 Nokuti ndinoziva kuti Jehovha mukuru, uye kuti Ishe wedu ari kumusoro kwavamwari vose.
6 Jehovha akaita zvose zvaakada, kudenga napanyika, nomumakungwa napakadzika pose.
7 Anokwidza makore pamigumo yenyika; Anoita mheni kuuyisa mvura; anobudisa mhepo panovigwa fuma yake.
8 Ndiye akaparadza matangwe avanhu neezvipfuwo.
9 Akatuma zviratidzo nezvishamiso mukati mako, iwe Egipita, Pamusoro paFarao napamusoro pavaranda vake vose.
10 Iye, akaparadza marudzi makuru, Akauraya madzimambo ane simba;
11 Sihoni mambo wavaAmori, naOgi mambo weBhashani, noushe hwose hweKanani;
12 Akapa nyika yavo ive nhaka, ive nhaka yaIsiraeri vanhu vake.
13 Zita renyu, Jehovha, riripo nokusingaperi; nokurangarira kwenyu, Jehovha, kusvikira kumarudzi namarudzi.
14 Nokuti Jehovha achatonga vanhu vake, uye achazvidemba pamusoro pavaranda vake.
15 Zvifananidzo zvavahedheni isirivha nendarama, Basa ramaoko avanhu.
16 Zvinemiromo, asi hazvitauri; nameso zvinawo, asi hazvioni;
17 Zvinenzeve, asi hazvinzwi; uye hamuna mweya mumiromo yazvo.
18 Vanozviita vachafanana nazvo; Ndizvo zvakaita mumwe nomumwe anovimba nazvo.
19 Rumbidzai Jehovha, imwi imba yaIsiraeri; rumbidzai Jehovha, imwi imba yaAroni;
20 imwi veimba yaRevhi, rumbidzai Jehovha; imwi munotya Jehovha, rumbidzai Jehovha.
21 Jehovha ngaarumbidzwe paZiyoni, Iye agere Jerusaremu. Hareruya!

CHITSAUKO 136

1 Vongai Jehovha; nekuti akanaka; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
2 Vongai Mwari wavamwari; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
3 Vongai Ishe wamadzishe; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
4 Iye oga, anoita zvishamiso zvikuru; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
5 Iye, akaita kudenga-denga nenjere dzake; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
6 Iye akatatamura pasi pamusoro pemvura zhinji; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
7 Iye akaita zviedza zvikuru, nokuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.

8 Zuva, kuti ribate ushe masikati; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
9 Mwedzi nenyeredzi, kuti zvibate ushe usiku; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
10 Iye, akarova veEgipita pamatangwe avo, nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
11 Akabudisa Isiraeri pakati pavo; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
12 Nechanza chine simba, uye noruoko rwakatambanudzwa; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
13 Iye akaparadzanisa Gungwa Dzvuku napakati; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
14 Akayambusa Isiraeri nomukati maro, nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
15 Akawisira Farao nehondo yake muGungwa Dzvuku; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
16 Iye, akaperekedza vanhu vake murenje; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
17 Iye, akaparadza madzimambo makuru; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
18 Akauraya madzimambo ane mukurumbira; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
19 Sihoni mambo wavaAmori; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
20 naOgi mambo weBhashani; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
21 Akapa nyika yavo ive nhaka; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
22 Ive nhaka yaIsiraeri muranda wake; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
23 Iye, akatirangarira paurombo hwedu; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
24 Akatidzikunura pavavengi vedu, nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
25 Ndiye anopa zvinhu zvose zvokudya zvazvo; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
26 Vongai Mwari wokudenga; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.

CHITSAUKO 137

1 Panzizi dzeBhabhironi, Ndipo patakagara pasi, zvirokwazvo tikachema, Pakurangarira kwedu Ziyoni.
2 Takaturika mbira dzedu pamikonachando mukati madzo.
3 Nokuti ipapo vakatitapa vakakumbira kwatiri rwiyo; vakatipambadza vakakumbira mufaro kwatiri, vachiti, Tiimbirei rumwe rwenziyo dzeZiyoni.
4 Tichaimba seiko rwiyo rwaJehovha munyika yavatorwa?
5 Kana ndikakukangamwa, iwe Jerusaremu, Ruoko rwangu rworudyi ngarukangamwe unyengeri hwaro.
6 Kana ndikarega kukurangarira, Rurimi rwangu ngarunamatire kumusoro kwomuromo wangu; kana ndisingati Jerusarema kukunda mufaro wangu mukuru.
7 Rangarirai Jehovha, vana vaEdhomu, Nezuva reJerusaremu; Ivo vakati, Paradzai, paradzai, Kusvikira panheyo dzaro.
8 Iwe mukunda weBhabhironi, iwe woparadzwa; uyo achava nomufaro, achakupa mubayiro sezvawakatiitira iwe.
9 Uchava nomufaro iye uchatora pwere dzako nokuvapwanya pamabwe.

CHITSAUKO 138

1 (Pisarema raDhavhidhi.) Ndichakurumbidzai nomoyo wangu wose; Ndichakuimbirai nziyo dzokurumbidza pamberi pavamwari.
2 Ndichanamata ndakatarira kutemberi yenyu tsvene, Nokuvonga zita renyu nokuda kounyoro bwenyu nokutendeka kwenyu; nekuti makakurisa shoko renyu kupfuura zita renyu rose.
3 Pazuva randakadana makandipindura, Makandisimbisa nesimba pamweya wangu.
4 Madzimambo ose enyika achakuvongai, Jehovha, Kana vachinzwa mashoko omuromo wenyu.
5 Zvirokwazvo, vachaimba vachireva nzira dzaJehovha; nekuti kubwinya kwaJehovha kukuru.
6 Kunyange Jehovha ari kumusoro, kunyange zvakadaro ane hanya neanozvininipisa; Asi vanozvikudza anovaziva vari kure.
7 Kunyange ndikafamba pakati penhamo, muchandiponesa; Muchatambanudza ruoko rwenyu kudzivisa kutsamwa kwavavengi vangu, Ruoko rwenyu rworudyi ruchandiponesa.
8 Jehovha achazadzisa zvandinenge ndiri; tsitsi dzenyu, Jehovha, dzinogara nokusingaperi; regai kusiya mabasa amaoko enyu.

CHITSAUKO 139

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Jehovha, makandinzvera, nokundiziva.
2 Munoziva kugara kwangu pasi nokusimuka kwangu, Munonzwisisa kufunga kwangu muri kure.
3 Munopepeta kufamba kwangu nokuvata kwangu pasi, Munoziva nzira dzangu dzose.
4 nekuti shoko risati ravapo parurimi rwangu, Tarirai, imwi Jehovha, matoriziva rose.
5 Makandikomberedza shure kwangu nemberi, Nokuisa ruoko rwenyu pamusoro pangu.
6 Kuziva kwakadaro kunondishamisa kwazvo; zviri kumusoro, handigoni kusvika kwazviri.
7 Ndingaendepiko ndibve pamweya wenyu? Kana ndingatizirepiko ndibve pamberi penyu?
8 Kana ndikakwira kudenga muripo; Kana ndikawarira nhovo dzangu paSheori, tarirai muripowo.
9 Kana ndikabhururuka namapapiro amangwanani, ndikandogara pamigumo yegungwa;
10 Naipapo ruoko rwenyu ruchandifambisa, Ruoko rwenyu rworudyi ruchandibata.
11 Kana ndikati, Zvirokwazvo, rima richandifukidza; nousiku huchava nechiedza kumativi angu;
12 Zvirokwazvo, rima haringandivanzi kwamuri; asi usiku hunopenya samasikati; rima nechiedza zvakafanana.
13 Nekuti imwi makaumba itsvo dzangu; Makandiruka mudumbu ramai vangu.
14 Ndichakurumbidzai; nekuti ndakaitwa nomutowo unotyisa unoshamisa; mabasa enyu anoshamisa; Mweya wangu unozviziva kwazvo.
15 Simba rangu rakanga risina kuvanzwa kwamuri, Panguva yandakaitwa pakavanda, Pakuumbwa kwangu nenjere panzvimbo dzezasi dzapasi.

16 Meso enyu akaona muviri wangu uchigere kukwaniswa; uye muBhuku renyu mitezo yangu yose yakanyorwa, yainyorwa nguva dzose, isati yavapo.
17 Mirangariro yenyu, Mwari, inodikamwa sei neni! uwandu hwazvo hwakakura sei!
18 Kana ndikaiverenga, ingapfuura jecha pakuwanda; Kana ndichipepuka, ndichinemi.
19 Zvirokwazvo muchauraya vakaipa, Mwari; Naizvozvo ibvai kwandiri, imwi vanhu veropa.
20 nekuti vanokutaurirai zvakaipa, Vavengi venyu vanoreva zita renyu pasina.
21 Ko ini handivengi avo vanokuvengai here, Jehovha? Ini handine shungu here navanokumukirai?
22 Ndinovavenga nembengo huru; Vava vavengi vangu.
23 Ndinzverei, Mwari, muzive moyo wangu; Ndiidzei, muzive ndangariro dzangu;
24 Mutarire kana pane nzira yakaipa mandiri, Mundifambise munzira isingaperi.

CHITSAUKO 140

1 Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Ndirwirei Jehovha pamunhu wakaipa; Ndichengetei pamunhu anehasha;
2 Ivo, vanofunga zvakaipa mumoyo yavo; Vanogara vachiunganira kurwa.
3 Vakarodza rurimi rwavo senyoka; uturu hwenyoka huri pasi pemiromo yavo. Sera.
4 Ndichengetei, Jehovha, pamaoko owakaipa; Ndichengetei pamunhu ane hasha; vakafunga kuparadza nzira dzangu.
5 Vanozvikudza vakandivanzira musungo namabote; Vakadzika mumbure parutivi rwenzira; vakandiisira mari. Sera.
6 Ndakati kuna Jehovha, Mwari wangu; Inzwai, Jehovha, munzwe inzwi rokukumbira kwangu.
7 Jehovha Ishe, ndimi simba rokuponeswa kwangu, Makafukidza musoro wangu pazuva rokurwa.
8 Jehovha, regai kupa wakaipa zvaanotsvaka; Musapfuudza zano rake rakaipa; kuti varege kuzvikudza. Sera.
9 Kana uri musoro wavanondikomba, Zvakashata zvemiromo yavo imene ngazvivafukidze.
10 Mazimbe omoto, anopfuta, ngaawire pamusoro pavo; Ngavakandirwe mumoto; mumakomba akadzika, kuti varege kumukazve.
11 Munhu, anamakuhwa, ngaarege kusimbiswa panyika; Zvakaipa zvichavhima munhu anomanikidza kuti zvimuparadze.
12 Ndinoziva kuti Jehovha achagadzira mhosva yavanotambudzika, Nokururamisira vashaiwi.
13 Zvirokwazvo, vakarurama vachavonga zita renyu; Vakarurama vachagara pamberi penyu.

CHITSAUKO 141

1 Pisarema raDhavhidhi. Jehovha, ndinodana kwamuri; kurumidzai kuuya kwandiri; teererai inzwi rangu kana ndichidana kwamuri.
2 Munyengetero wangu ngauve pamberi penyu sezvinonhuhwira; nokusimudzwa kwamaoko angu sechipiriso chamadekwana.
3 Jehovha, isai murindi pamberi pomuromo wangu; chengetai mukova wemiromo yangu.
4 Regai kurerekesa moyo wangu kuchinhu chakaipa, Kuti ndiite zvakaipa Pamwechete navanhu vanoita zvakaipa; Ndirege kudya zvinozipa zvavo.
5 Akarurama ngaandirove; ngazvive nyasha; ngaanditsiure; achava mafuta akaisvonaka, musoro wangu haungazondivhuni; nekuti kunyange munyengetero wangu uri panjodzi dzavo.
6 Kana vatongi vavo vakawisirwa pasi murukangarabwe, vachanzwa mashoko angu; nokuti zvinotapira.
7 Saizvozvo mafupa edu akaparadzirwa pamuromo weSheori, somunhu anotema nokutsemura pasi.
8 Asi meso angu anotarira kwamuri, Jehovha Ishe; Ndinovimba nemi; musasiya mweya wangu usina chinhu.
9 Ndichengetei pamisungo yavakanditeyera, Nerugombe rwavanoita zvakaipa.
10 Vakaipa ngavawire mumimbure yavo vamene, Ini ndichipukunyuka hangu.

CHITSAUKO 142

1 Munyengetero waDhavhidhi paakanga ari mubako. Ndakadana nenzwi rangu kuna Jehovha; Ndakakumbira Jehovha nenzwi rangu;
2 Ndinodurura kuchema kwangu pamberi pake; Ndakamuratidza nhamo yangu.
3 Panguva yokumanikidzwa komweya wangu mukati mangu, makaziva nzira yangu. Panzira yandinofamba nayo vakanditeyera musungo pakavanda.
4 Ndakatarira kuruoko rwangu rworudyi, ndikaona; asi kwakanga kusina munhu anondiziva; Ndashaiwa utiziro; hakuna munhu ane hanya nomweya wangu.
5 Ndakachema kwamuri, Jehovha; Ndakati, Ndimi utiziro hwangu, Nomugove wangu panyika yavapenyu.
6 Teererai kudanidzira kwangu; nekuti ndinoshaiwa simba kwazvo; ndirwirei kunavanonditambudza; nekuti vanondikurira nesimba.
7 Budisai mweya wangu patirongo, kuti ndivonge zita renyu; Vakarurama vachandipoteredza; nekuti uchandiitira zvakanaka.

CHITSAUKO 143

1 Inzwai munyengetero wangu, Jehovha, inzwai kukumbira kwangu; Ndipindurei nokutendeka kwenyu nokururama kwenyu.
2 Regai kutonga muranda wenyu; nekuti hakuna munhu mupenyu angaruramiswa pamberi penyu.
3 nekuti muvengi akatambudza mweya wangu; Akatsikirira upenyu hwangu pasi; akandigarisa murima savanhu vakanguva vafa.
4 Saka mweya wangu wavhunduswa mukati mangu; moyo wangu wavhunduswa mukati mangu.
5 Ndinorangarira mazuva akare; Ndinofungisisa mabasa enyu ose; Ndinofungisisa basa ramaoko enyu.
6 Ndinotambanudzira maoko angu kwamuri; Mweya wangu unokushuvai senyika yakaomerwa. Sera.
7 Kurumidzai kundipindura, Jehovha; mweya wangu waziya; regai kundivanzira chiso chenyu, Ndirege kufanana navanoburukira kugomba.

8 Ndinzwisei unyoro bwenyu mangwanani; nekuti ndinovimba nemi; ndizivisei nzira yandinofanira kufamba nayo; nekuti ndinosimudzira mweya wangu kwamuri.
9 Ndirwirei Jehovha, pana vavengi vangu; Ndinotizira kwamuri, kuti ndivande.
10 Ndidzidzisei kuita kuda kwenyu; nekuti ndimi Mwari wangu; mweya wenyu wakanaka; nditungamirirei munyika yokururama.
11 Ndiponesei Jehovha, nokuda kwezita renyu; Budisai mweya wangu pakutambudzika nokururama kwenyu.
12 Pedzai vavengi vangu nounyoro bwenyu, Muparadze vose vanomanikidza mweya wangu; nekuti ndiri muranda wenyu.

CHITSAUKO 144

1 Pisarema raDhavhidhi. Ngaarumbidzwe Jehovha, simba rangu, Iye anodzidzisa maoko angu kurwa, nemimwe yangu kurwa;
2 Unyoro hwangu, nenhare yangu; shongwe yangu yakakwirira, nomurwiri wangu; nhovo yangu, nowandinovimba naye; Anoisa vanhu vangu pasi pangu.
3 Jehovha, munhu chinyiko, zvamunomuziva? kana Mwanakomana womunhu, kuti muzvidavirire kwaari!
4 Munhu akafanana nomweya; mazuva ake akafanana nomumvuri unopfuura.
5 Kotamisa kudenga-denga kwenyu Jehovha, muburuke; Batai makomo, apfungaire hutsi.
6 Penyesai mheni, muvaparadze; Furai miseve yenyu, muvaparadze.
7 Tambanudzai ruoko rwenyu muri kumusoro; ndirwirei, mundirwire pamvura zhinji, napamaoko avatorwa;
8 Avo vanotaura zvisina maturo nemiromo yavo, Uye ruoko rwavo rworudyi ndirwo ruoko rworudyi rwenhema.
9 Mwari ndichakuimbirai rwiyo rutsva; Ndichakuimbirai nziyo dzokurumbidza nomutengeramwa une hungiso dzine gumi.
10 Ndiye anopa madzimambo kuponeswa, Anorwira Dhavhidhi muranda wake pamunondo unokuvadza.
11 Ndibvisei, mundirwire paruoko rwevatorwa, vanotaura zvisina maturo nemiromo yavo, uye ruoko rwavo rworudyi ndirwo ruoko rworudyi rwenhema.
12 Kuti vanakomana vedu vave semiti yakakura pauduku hwavo; kuti vakunda vedu vave semabwe ekona, akashongedzwa nomufananidzo weimba yamambo;
13 kuti matura edu azare, uye achawana marudzi ose ematura;
14 Nzombe dzedu dzichatakudzwa; kuti parege kuva nokupaza kana kubuda; kuti parege kuva nokunyunyuta mumigwagwa yedu.
15 Vakaropafadzwa vanhu avo vari mumamiriro ezvinhu akadai; zvirokwazvo, vanomufaro vanhu avo, Mwari wavo ari Jehovha.

CHITSAUKO 145

1 Ndichakukudzai kwazvo, Mwari wangu, imwi mambo; ndicharumbidza zita renyu nokusingaperi-peri.
2 Ndichakurumbidzai zuva rimwe nerimwe; Ndicharumbidza zita renyu nokusingaperi-peri.
3 Jehovha mukuru, anofanira kurumbidzwa kwazvo; uye ukuru hwake hahunganzverwi.
4 Rudzi rumwe rucharumbidza mabasa enyu kuno rumwe, Vachadudzira zvamakaita zvine simba.
5 Ndichataura nezvokubwinya kwoumambo bwenyu hunobwinya, Namabasa enyu anoshamisa.
6 Vanhu vachataura vachireva simba ramabasa enyu anotyisa; Ndichadudzira ukuru bwenyu.
7 Vachareva vachireva vachiyeudzira kunaka kwenyu kukuru, Nokuimbira kururama kwenyu.
8 Jehovha anenyasha, netsitsi; anononoka kutsamwa, ane tsitsi huru.
9 Jehovha anomoyo wakanaka kuna vose; tsitsi dzake dziri pamabasa ake ose.
10 Mabasa enyu ose achakurumbidzai, Jehovha; uye vatsvene venyu vachakuropafadzai.
11 Vachataura vachireva kubwinya koushe bwenyu, Nokuparidza simba renyu;
12 Kuti vazivise vanakomana vavanhu mabasa ake anesimba, Nokubwinya koumambo hwoushe hwake.
13 Ushe bwenyu ndihwo ushe husingaperi, Noumambo bwenyu hunogara kusvikira kumarudzi namarudzi.
14 Jehovha anotsigira vose vanowa, anosimudza vose vakakotamiswa pasi.
15 Meso avose anotarira kwamuri; uye munovapa zvokudya zvavo nenguva yakafanira.
16 Munotadzanura ruoko rwenyu, Ndokugutisa zvipenyu zvose.
17 Jehovha akarurama panzira dzake dzose, Ari mutsvene pamabasa ake ose.
18 Jehovha ari pedo navose vanodana kwaari, Vose vanodana kwaari nezvokwadi.
19 Achaita zvinodikamwa navanomutya; Achanzwawo kudanidzira kwavo, ndokuvaponesa.
20 Jehovha anochengeta vose vanomuda; Asi vakaipa achavaparadza vose.
21 Muromo wangu uchataura kurumbidzwa kwaJehovha, Vanhu vose ngavarumbidze zita rake dzvene nokusingaperi-peri.

CHITSAUKO 146

1 Hareruya! Rumbidza Jehovha, mweya wangu;
2 Ndicharumbidza Jehovha ndichiri mupenyu; Ndichaimbira Mwari wangu nziyo dzokurumbidza ndichiri mupenyu.
3 Regai kuvimba namachinda, Kana noMwanakomana womunhu, asingagoni kubatsira.
4 Mweya wake unobuda, iye ndokudzokera pasi pake; nezuva iro mano ake anopera.
5 Une mufaro munhu uyo kana Mwari waJakobho ari mubatsiri wake, unotarira kuna Jehovha Mwari wake.
6 Iye akaita denga nenyika, negungwa, nezvose zviri mukati mazvo, iye anochengeta zvokwadi nokusingaperi.
7 Anoruramisira vanomanikidzwa; Anopa vane nzara zvokudya; Jehovha anosunungura vasungwa;
8 Jehovha anosvinudza meso amapofu; Jehovha anosimudza vakakotamiswa pasi; Jehovha unoda vakarurama.
9 Jehovha anochengeta vatorwa; anotsigira nherera nechirikadzi, asi nzira yavakaipa anoipesanisa.
10 Jehovha achabata ushe nokusingaperi, Mwari wako, iwe Ziyoni, kusvikira kumarudzi namarudzi. Hareruya!

CHITSAUKO 147

1 Hareruya! nekuti zvakanaka kuimbira Mwari wedu nziyo dzokurumbidza; nekuti zvinofadza; uye kurumbidza kwakafanira.
2 Jehovha anovaka Jerusaremu; Anounganidza vakadzingwa vaIsiraeri.
3 Anoporesa vane moyo yakaputsika, Anosunga mavanga avo.
4 Anotara kuwanda kwenyeredzi; anodzipa dzose mazita adzo.
5 Ishe wedu mukuru, anesimba guru; Kunzwisisa kwake hakuperi.
6 Jehovha anotsigira vanyoro; anowisira pasi vakaipa.
7 Imbirai Jehovha muchimuvonga; Imbirai Mwari wedu nziyo dzokurumbidza nembira;
8 Iye anofukidza denga namakore, Anogadzirira pasi mvura, Anomeresa uswa pamakomo.
9 Anopa zvipfuwo zvokudya zvazvo, Navana vamakunguvo, anochema.
10 Haafariri simba rebhiza; Haafariri makumbo omunhu.
11 Jehovha anofarira vanomutya, vanotarira tsitsi dzake.
12 Rumbidza Jehovha, iwe Jerusaremu; rumbidza Mwari wako, iwe Ziyoni.
13 nekuti wakasimbisa mazariro amasuwo ako; akaropafadza vana vako mukati mako.
14 Anoisa rugare panyika yako, Anokugutisa nezviyo zvakaisvonaka.
15 Anotuma mirairo yake panyika; Shoko rake rinomhanya kwazvo.
16 Anopa chando samakushe amakwai, anoparadzira chando samadota.
17 Anokanda chimvuramabwe chake sezvimedu; Ndianiko angamira pachando chake?
18 Anotuma shoko rake, ndokuzvinyausa; Anovhuvhutisa mhepo yake, mvura ndokuyerera.
19 Anozivisa Jakove shoko rake, NaIsiraeri mitemo yake nezvaakatonga.
20 Haana kutongoitira rumwe rudzi saizvozvo; Kana zviri zvaakatonga, ivo havana kuzviziva. Hareruya!

CHITSAUKO 148

1 Hareruya! Rumbidzai Jehovha imwi muri kudenga; Murumbidzei panzvimbo dzokumusoro.
2 Murumbidzei imwi vatumwa vake vose; Murumbidzei imwi hondo dzake dzose.
3 Murumbidzei imwi zuva nomwedzi; Murumbidzei imwi nyeredzi dzose dzinovhenekera.
4 Murumbidzei imwi kudenga kokudenga-denga, Newe mvura zhinji, iri kumusoro kokudenga-denga.
5 Ngazvirumbidze zita raJehovha; nekuti iye akaraira, zvikasikwa.
6 Akazvisimbisawo nokusingaperi-peri; Akatema chirevo chisingafaniri kudarika.
7 Rumbidzai Jehovha pasi, imwi mazibukanana, nemweya wose wakadzika;
8 Moto nechimvuramabwe; chando, nemhute; dutu remhepo inozadzisa shoko rake.
9 Makomo nezvikomo zvose; miti inobereka, nemisidhari yose;
10 Mhuka, nezvipfuwo zvose; zvinokambaira, neshiri dzinobhururuka;
11 Madzimambo enyika, nendudzi dzose; machinda, navatongi vose vapasi;
12 Majaya nemhandara; vatana, navana;
13 Ngavarumbidze zita raJehovha; nekuti zita rake roga rakakurumbira; kubwinya kwake kuri pamusoro penyika nokudenga.
14 Akasimudza runyanga rwavanhu vake, Kuti arumbidzwe navatsvene vake vose; naivo vana vaIsiraeri, ivo vanhu vari pedo naye. Hareruya!

CHITSAUKO 149

1 Hareruya! Imbirai Jehovha rwiyo rutsva, Nokurumbidzwa kwake paungano yavatsvene.
2 Isiraeri ngaafarire kwazvo musiki wake; Vana veZiyoni ngavafare kwazvo naMambo wavo.
3 Ngavarumbidze zita rake vachimutambira; Ngavamuimbire nziyo dzokukudza nengoma nembira.
4 nekuti Jehovha anofarira vanhu vake; Achashongedza vanyoro noruponeso.
5 Vatsvene ngavafare kwazvo nokukudzwa; Ngavaimbe nomufaro panhovo dzavo;
6 Kurumbidza kukuru kwaMwari ngakuve pamiromo yavo, Nomunondo unocheka kose paruoko rwavo;
7 Kuti vatsive vahedheni, Varange ndudzi dzavanhu;
8 Kuti vasunge madzimambo avo neketani, navakuru vavo nezvisungo zvamatare;
9 Kuti vavaitire zvavakatongerwa zvakanyorwa; Vatsvene vake vose vachakudzwa naizvozvi. Hareruya!

CHITSAUKO 150

1 Hareruya! Rumbidzai Mwari panzvimbo yake tsvene; Murumbidzei mudenga rakaitwa nesimba rake.
2 Murumbidzei nokuda kwezvaakaita nesimba rake; Murumbidzei zvakafanira ukuru-kuru hwake.
3 Murumbidzei nenzwi rehwamanda; murumbidzei nemitengeramwa nembira.
4 Murumbidzei nengoma nokutamba; Murumbidzei nemitengeramwa nenyere.
5 Murumbidzei namakandira anorira kwazvo; Murumbidzei namakandira anorira kwazvo.
6 Zvose zvinofema, ngazvirumbidze Jehovha. Hareruya!